№49 (19881) hakikat_gazeta hakikat1917@mail.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

8 декабрь 2023 с. рузман

## ДРялъул ХIукумат

# ХIукуматалъул ишан - ишалъулаб бербалагьиялде



«ЛъагIалил ахир – гьеб буго хIасилал гьарулеб ва хадубккун гьабизе ракIалда бугеб хIалтIи хIисабалде босулеб заман. Нижеда ракIалде ккана, 2024 сон тIаде щолеб бугелъул, 2023 соналъул хIалтIул хIасил гьабизе ва нужеца кьурал суалазе жавабалги кьезе – республикаялъул гIумруялъе кIвар бугел гьел ратиялде хьул буго дир».

Гьедин байбихьана ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас анлъабилеб декабралда Дагъистаналъул СМИязул журналистазулгун тIобитIараб данделъи.

Гьале премьер-министрас данделъиялда рехсарал цо-цо хIужаби.

(Хадусеб 3-аб. гьумералда)

## ТIабигIияб балагьалъул хIасил

# «ГIадамазул сабру гIолеб гьечIо, нух рагьизегIан...»

Шагьранухде кьуруги ччукIун, магIарухъе-нахъе хьвадизе квалквал буго гьабсагIат Шамил, ЛъаратIа районазде ва БежтIа мухъалде рачIунел машинабазе. 28 ноябралда ккана гьеб иш. Къородисезул КьотIаса рачIунаго Гъуниб районалъул Гьоноде росулъе сверилалде, гьоркьоб бугеб бакI ккола гьеб. Залимаб кьурул гIус тIунги бачIун речIчIана шагьранухлул бакьулъ. Нусго метралдасаги цIикIкIараб халалъуда бугеб нухлул бутIа бацана гьелъ.

Гьелъул цо бутIа речIчIана АваргIурулъ жанибги. Хвезабуна гIорда тIасан ахикье лъун букIараб кварил кьо. МагIарухъе рачIунел машинаби хутIана нухги къан. Лъабабго районалде унел машинаби сверизе ккана, Хунзахъанги ун Игилъа гъоркье, ЗагIибе унеб нухдасан. Хадуб кьуру ччукIун бачIараб бакIалда рагIалдасан, машинаби хьвадизе бегьулеб хIал гьабуна.

(Хадусеб 4-аб. гьумералда)




## Гара-чIвари

### Анищ букIана инсул мина цIигьабизе



6 гьум. >>>

## Сапар

### НахъбакIалде сапар. Цо-цо дандчIваял



12-13 гьурм. >>>

## Адабият

### РакI рагьизе изну гьунаралъ кьурай



17 гьум. >>>

# Халкъалъул тIалабал тIурай - нухмалъулезда тIадаб иш

**Гъал къоязда ДРялъул бетIер Сергей Меликовас тIобитIараб данделъиялда рорхана гIезегIан кIвар бугел масъалаби. Масала, исана 11 моцIида жаниб бюджет тIубазаби, сахлъи цIуниялъул идарабазе минаби рай, лъималазул сахлъи цIуниялъул мурадалда риидал тIоритIарал тадбиразул хIасилал гьари ва цогидалги.**



Байбихьуда бицана Палестинаялдаса лъутун рачIаразул хIакъалъулъ. Гьезда гьоркьор руго лъикIал махщелчагIиги ва гьезул гьира буго Дагъистаналда хIалтIизеян абуна С. Меликовас. Гьесул тIадкъаялда рекъон, тIубазабулеб буго палестинаялъулал хIалтIудалъун хьезариялъул масъалаги.

## Республикаялъул бюджет

Бюджет тIубазабиялъул хIакъалъулъ бицана республикаялъул хIукуматалъул председателасул тIоцевесев заместитель Руслан ГIалиевас. Исана 11 моцIида жаниб бакIарун буго 47 миллиардгун щуго миллион гъурущ налогалъул. Араб соналде дандеккун, кIиго проценталъ цIикIкIун буго бюджет тIубазаби.

«Бюджет буго къанагIатаб, хIакъикъаталдаги халкъияб. ЗахIмалъаби ругониги, нилъеца гьеб къабул гьабуна дефицит хIисабалде босичIого», - ян абуна регионалъул бетIерас.

## Сахлъи цIуни

Исана хIухьбахьиялъулгун сахлъи цIуниялъул лагеразда букIана 37 азарго лъимер. Гьеб рахьалъул жавабияв вице-премьер Муслим Телякавовасул рагIабазда рекъон, Дагъистаналда букIана 199 лагерь, гьезда гьоркьоса 25 буго шагьар тун къватIиб. Гьел лагеразда лъабго сменаялда хIухьбахьи гьабуна 21 азаргоялдаса цIикIкIун лъимералъ. Лагеразде чIобого путевка кьун букIана СВОялъул гIахьалчагIазул кIиазаргоялдаса цIикIкIун лъимералъе.

Коррекциялъул тайпаялъул 10 школалда хIухьбахьи гьабуна анлъусгоялдаса цIикIкIун лъимералъ. Гьелде тIадеги, Дагъистаналъул лагеразда къабул гьабуна Запорожье областалъул Михайловский районалдасаги, ДНРалдасаги ва ЛНРалдасаги 640 лъимер.

«Исана лагеразда кIвар кьолеб букIана тарбия кьеялде. ТIоритIана «Педагогасул ва насихIатчиясул лъагIел», «Расул ХIамзатовасул 100 сон», «ТIоцересезул хIаракатчилъи» абурал темабазда тадбирал. Гьезда гIахьаллъана 37 азаргоялдаса цIикIкIун лъимер», - ан бицана М. Телякавовас.

РФялъул Лъай кьеялъул министерствоялъ лъазабураб конкурсалдаги бергьун, федералияб бюджеталдаса щвараб гIарцухъ къачIан буго «Солнечный берег» лагералъул мина. Гьенибго балеб буго жеги кIиго минаги. Гьебго проекталда рекъон, 2024 соналда къачIазе руго Буйнакск районалъул «Орленок», «Костер», «Планета» лагералги.

## Хехго ралел ФАПал

Гьединаб 30 мина босизе ва хIажатаб бакIалда лъеялъе хIалтIи гьабулеб буго ДРялъул Сахлъи цIуниялъул министерствоялъ. Рагьизе руго ФАПалги, амбулаториялгун поликлиникаби ва цо участкаялъулаб больница. Гьезда гьоркьор рехсон руго Хасавюрт районалъул Муцалаул ва Симсир, ЛъаратIа районалъул ЧIадаколоб, Гъизляр районалъул Мангулаул ва Болъихъ районалъул Хелекьури росаби.

Ран рахъана 2021-2022 соназдаго байбихьарал цо-цо объектал. Масала, МахIачхъалаялъул чIахIиязул №8 ва лъималазул №3 поликлиникабазул сверухъалъи къачIалеб буго. Шамил районалъул Гьоор-Хьиндахъ росулъ бакIарана ФАПалъе мина. Табасаран районалъул Гюхряг росулъ ФАПалъ хIалтIизе байбихьана.

Заманалда хIалтIи гьабун бахъинабуларел подрядчиказулгун гьабураб кьотIи биххизабеян лъазабуна С. Меликовас. Гьеб масъалаялда хадуб хьаравуллъи ккеян лъазабуна гьес ДРялъул хIукуматалъул председатель ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасда.

Гьединго кIвар буссинабуна школазда Интернет чIезабиялдеги. Москваялъул электроннияб школалъулгун бухьенал гьариялъе гьеб чарагьечIого хIажат бугин абуна гьес.

Кьуна регионалъул бетIерас цогидал тIадкъаялги. Масала, 20 декабралде, халкъалъулгун бухьен щула гьабиялъул мурадалда, муниципалитетазул бутIруз тIобитIизе ккола рагьараб эфир.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# ВДНХаялда нилъер бечелъи

**Гьал къоязда Москваялда, ВДНХялда тIобитIулеб бугеб «Россия» халкъазда гьоркьосеб выставка-форумалда гIахьаллъи гьабулеб буго Дагъистаналъул вакиллъиялъги. Гьениб анкьабилеб декабралда тIобитIана Дагъистаналъул къо. Тадбиралда гIахьаллъана ДРялъул бетIер Сергей Меликовги хIукуматалъул цо-цо вакилзабиги. «Россия в миниатюре» абун цIар лъуна гьес гьеб къоялъ ВДНХялда букIараб республикаялъул цебелъеялда. «Россия-24» каналалъул хIалтIухъаналъе экскурсияги гьабуна Дагъистаналъул стендалда цеесан свериги бахъулаго.**




Выставкаялда бихьизабуна экономикаялъул, нухал раялъул, социалияб рахъалъул, лъай кьеялъул, туризмалъул ва спорталъул рахъалъ республикаялъул ругел церетIеял.

Халкъазда гьоркьосеб выставкаялде рачIаразе рес букIана Расул ХIамзатовасул творчествоялъулгун лъай-хъвай гьабизеги, Дагъистаналъул халкъазул батIи-батIияб махщалил тIагIелал рихьизеги.

Дагъистаналъул выставка ВДНХялда бихьизабуна Дербенталъул НекIсияб хъалаялъул сипат-сураталда.

ЦохIо Россиялъул регионаз гуребги, батIи-батIиял компанияз ва жамгIиял идарабаз гIахьаллъи гьабуна тадбиралда.

ВДНХялда бугеб выставка-форум халатбахьине буго тIадеялъул 12 апрелалде щвезегIан.

Гьелъул хIакъалъулъ нижеца гIатIидго хъвазе буго газеталъул хадусел номеразда.

# «Миллияб политикаялде кIвар кьезе ккола»

**«Дагъистан» РИАялда тIобитIана ДРялъул миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министр Энрик Муслимовасул гIахьаллъигун пресс-конференция. 2023 соналда Дагъистаналда Миллияб политикаялъул ва диниял ишазул министерствоялъ гьабураб хIалтIул хIасилазул хIакъалъулъ бицана ва ахираб заманалда республикаялда ккарал кIвар бугел лъугьа-бахъиназе кьимат кьуна Энрик Муслимовас.**



«Исанасеб сон республикаялъе расги бигьаяб букIинчIо. Улкаялде данде гьарурал санкциял нилъедаги хьинтIичIого хутIичIо.

Исана ГIелмабазул академиялъ гьарурал социологиял цIех-рехазда рекъон, республикаялъул миллатазул цоцаздехун бугеб бербалагьиялдаса (гьоркьоблъи) разилъиялъул даража - 91,4 проценталде бахун буго. 2022 соналдайин абуни - 91 процент букIана. БатIи-батIиял диназул гьоркьоблъиялдасаян абуни, рази руго 88 процент. Гьелъул магIна ккола диназда ва миллатазда гьоркьосеб пачалихъалъул политика жигаралда хIалтIулеб бугин абураб», - ан бицана Э. Муслимовас.

Нилъер республикаялдаса ясазда гьоркьоб ккараб гьалмагъиралъул хIакъалъулъ дагьал церегIан къоязда Интернеталда тIибитIараб видеоялъул хIакъалъулъ пикруги загьир гьабуна министрас.

Гьеб бугин лъималазе тарбия кьезе бажаричIел эбел-инсул гIайибин рикIкIунеб буго гьес.

«Нилъер улкаялъул идеология щиб кколебин цIехедал, президент Владимир Путиница жаваб кьуна гьеб кколин патриотизм абун. Тарбия кьолелъул, тIоцебесеб иргаялда, ВатIаналде рокьи бижизабизе ккола», - ян абуна гьес.

Энрик Муслимовас бицана 29 октябралда МахIачхъалаялъул аэропорталда дагъистанияз гьабураб гьалмагъиралъул хIакъалъулъги.

«Гьеб иш кьватIиса гIадамаз гьусун ургъунго нилъер гьаниб гьалмагьир багъаризабизе гIоло гьабураб жо букIин лъала киназдаго. Нилъеда бичIчIизе ккола Россиялъе зарал гьабизе бокьарал гIадамаз гьалмагьирал гьаризе Дагъистан щай тIаса бищулебалиги. Дагъистан ккола гIемермиллатазулаб, батIи-батIиял диназул вакилзабаз гIумру гьабулеб ва Северияб Кавказалда бищунго кIудияб, щуго пачалихъалъул гIорхъода бугеб республика. Гьеб кинабго хIисабалде босун, нилъер гьаниб хIалуцин цIикIкIинабизе хIаракат бахъулел камулел гьечIо. Нилъ цIодорго рукIине ккола», - ян лъазабуна Э. Муслимовас.

*П. СУЛТIАНМУХIАМАДОВА*

ТIАБИГIИЯБ БАЛАГЬАЛЪУЛ ХIАСИЛ

# «ГIадамазул сабру гIолеб гьечIо, нух рагьизегIан…»

*(Байбихьи 1-себ гьумералда)*

ГьабсагIат гьенир хIалтIулел руго Шамил районалъул ДЭПалъул хIалтIухъаби, «Гобеон Строй» ООО-ялъул техника.

- Бищун дагьалдаса 15 000 кубометр бихьхун бачIун буго нухде. Гьеб кинабго нахъе гьабизе ккани, бищун цебе квалквал буго унел-рачIунел машинабазул. Кьуру тIун бачIун хадур тIоцересел кьоязда Хунзахъан сверун унел рукIана гьел, амма жалго шоферзабазеги машинабазеги гьедин ине захIмалъулеб букIиналда бан, балагьана гьел гьаниса ричче рес. Амма цин къан, цин рагьун нухгун ругеб мехалда захIмалъулеб буго хIалтIи гьабизе.

Квешги лъикIги рагIалдаса гIебеде бугеб нух бацIцIад гьабуна. Амма жеги нахъе баччизе бугеб гьуни бихьуларищха. Кида лъугIилебали Аллагьасда лъала. Нижеца кIвараб хIаракат бахъулеб буго, амма тIун бачIараб бакIалдаса гьабсагIатги гьитIи-гьитIинал хьинсал рачIунел руго рортун, - ин бицана Шамил районалъул нухазул идараялъул мастер Ибрагьимов Ибрагьимица.

- ГьабсагIат гьаниб хIалтIулеб буго ункъо-щуго техника, кIиго экскаватор, щугогIаги КамАЗ, гьединго бульдозерги, - ян бицана «Гобеон Строй» ООО-ялъул вакил **ГIалдиев ГIалиасхIабица**. – Рогьаралдаса рукIкIинегIан хIалтIулеб буго гьаниб техника. Квалквал ккечIого хутIани, бищун цIикIкIун кIиго анкьиде лъугIизе рес буго нух бацIцIад



гьабун. Бищун кIудияб квалквал буго гIадамазул рахъалъ. Лъилниги сабру гIолеб гьечIо, киназего бокьун буго кIванагIан хехго цояб рахъалде рорчIизе, - ян бицана гьес.

Ниж гара-чIварулеб заманалда жанибги бащдаб сагIаталъниги къазе ккана нух. Гьедин гьабичIого рес гьечIин бицана хIалтIухъабаз. Экскаваторалъул ковшалъ цIунго цIун къурдаса тIун бачIараб гамачIгун гьегъ балеб буго КамАЗалде тIаде. Гьеб чIехьезе ине кколел руго Гьолокьа цере раккулеб бакIалде щвезегIан. Гьенибе щвезегIан инчIого ресги гьечIо. АскIобего чIехьараб гьелъул гIурул бакьулъе щолеб гьуни лъугьунеб буго. Гьедин балеб бугони, гьелъ гIор нахъсверизабизеги бегьула.

ГIемерал соназ нахъе реччелги бакIарун, гьелъ понцIозабураб гIадин букIанин гьеб кьурул гIусилан бицана нухда хIалтIулез. Кида-кьадги гьеб бихьхун бачIинчIого ресги букIинчIила. ГьабсагIатги гьелда аскIобго бугеб бакI буго квватIелги рехун, бихьхун бачIине къачIан.

Кьуру тIураб бакIалде гьеб кьоялъ вачIун вукIана «Дагъавтодоралъул» мугIрузул нухазул рахъалъ от-



делалъул нухмалъулев **МухIамадов Сапиюлаги**.

- КIинусго метралъул халалъиялда хьил тIураб нух хвезабун буго тIун бачIараб кьурул кесекалъ. Гьеб кинабго бацIцIад гьабизе ккани, кIиго анкьниги хIажалъула, гьебгиха лъикIаб техника бугони. ТIадеги техникаги балагьун буго нижер идараялъ гьанир хIалтIулезе кумекалъе. Нахъе гьабураб гамачIгьегъ рикIкIаде баччизе кколеб букIиналъги заман бахъулеб буго, - ян бицана С. МухIамадовас.

**- Нух бацIцIад гьабун хадуб, хьилги тIун, гьеб къачIазе бугищ?**

- Буго. Амма исана гьеб лъугIиларо, лъагIел ахиралде щолеб бугелъул. Гьава-бакъалъул шартIазухъги балагьун, цIияб соналъул авалалдаго байбихьизе батила хьил тIезе.

Шагьранухде кьуру тIун бачIиналъ зарал гьабуна Гъуниб районалъул Гьонодаса МухIамадов Якъубиеги. ГIор бахун доб рахьалда бугеб ахие хьулухъги гьабун, гьенивго гIумру гьабун чIарав чи ккола гьев. Цебе совхозалъул къаймлъиялда букIараб ах, ижараялъги босун, хIалтIизабулеб буго гьес.

Ахикье лъураб кварил кьо тIезабуна тIад речIчIун бачIараб гамачIалъ. Якъубги гьесул хьизанги хутIун рукIана ахикье нухги гьечIого. Нух бацIцIад гьабун бахъинчIого цебе букIарабго гIадаб кьо гьениб лъезе рес гьечIо. Гьанже гIурул бащалъиги бацизабун бугеб ганчIил гьонода тIасан, чIулбиги доб рахьалде лъун, заманалъ тIасан хьвадизе бегьулеб тайпаялъул кьодуе ургъулев вугоан гьев гьеб кьоялъ.

**P.S.** Чанго соналъ цебеги, гьениса гIемер рикIкIад гьечIого бугеб бакIалда гьединабго кьагIидаялъ кьуру бихьхун букIана шагьранухде. Доб мехалъги сапаралъ рахъунезе гIураб квалквал букIана. Гьаб нухалда бихьхараб бакIин абуни, гьелдаса жеги кIудияб буго.

КЬУРУЛЪ КЬАБУРАЛ МАГIАЛ

# Парижалде ишанги босун…

9 декабралда Дубаялда тIобитIизе буго, «Ночь Чемпионов IBA» абураб профессионалияб боксалъул рахьалъ турнир. Дунялалъул батIибатIиял пачалихъаздаса бищун къуватал боксерал гIахьаллъулеб турнир букIине буго гьеб. Гьенив цеве вахъине вуго нилъер кIиго ракьцоявги: Токиоялъул Олимпиадаялъул чемпион Альберт Батыргъазиев ва Олимпиялъул гIарцулав призер, дунялалъул кIицIул чемпион ЛъаратIа районалъул НитIиццухъ росулъа Муслим ХIажимухIамадов.

Гьеб турниралъул бицине журналисталгун дандчIвана Муслим. Гьесда цадахъ рукIана 1988 соназул Олимпиязул хIаязул призер НурмухIамад Шанавазовги, спортсмен, жамагIатчи ХIайдар ХIайдаровги, спортивияв журналист Кайрав Къагьирмановги. 9 декабралда букIине бугеб турниралда хурхун киналго суалалги гьес кьуна Муслимие. IBA идараялъул гьединаб тIалаб бугин, гьезул логотип нахъа букIаго журналистаз суалал кьезе бегьуларин абуна гьес.

Дубаялда Муслимил вукIинесев дандияв ккола Германиялдаса боксер Артур Ман.

*- Ахираб заманалда IBA цIакъ цебетIолеб буго. Дубаялдаги цоядаса цоял машгьурал боксерал рахъине руго рингалде. ГIемерисезе гьеб букIине буго профессионалияб боксалде лъолеб тIоцебесеб галилъунги.*

*Германиялъе гIоло цеве вахъунев Артур Ман къуватав боксер вугин бицуна. Дидайин абуни гьесул цо кIудияб къуватго бихьичIо.*

*Нилъер ракьцояв Альберт Батыргъазиев къеркьезе вуго Кубаялдаса Ласаро Альваресгун. Токиоялда Альбертица къезавун вукIарав чи ккола гьев. Гьанже цIидасанги къеркьезе руго гьел,* - ин бицана М. ХIажимухIамадовас.




Муслим дунялалъул чемпионлъун вахьана Токиоялда Олимпиада тIобитIилалде цебе, 2021 соналъул ихдал. Гьелде щвезегIан анцIгоялдаса цIикIкIун соналъ нилъер республикаялда дунялалъул къецазда бергьенлъи щварав боксер вукIинчIо. Дур пикруялда гьелъие щиб гIилла букIарабин гьикъидал, М. ХIажимухIамадовас гьадин бицана:

- ГIемераб заман букIана Дагъистаналдаса боксалъул рахьалъ дунялалъул чемпион вахъинчIелдаса. Гьелъие гIилла – цIикIкIараб конкуренция букIин. Эркенаб гугариялъул рахьалъ Дагъистаналда лъикIаб школа буго. Нилъер гугарухъабазулгун къец гьабизе кIолел гугарухъаби къанагIатги гьечIо. Амма гугариялдасаги къураб школа гьечIо республикаялда боксалъулги. Бугониги, къуватал спортсменал гIемер руго дунялалда.

М. ХIажимухIамадовас бицана цоги нухалда Олимпиадаялда гIахьаллъизе бокьун бугиланги. Токиоялъул Олимпиадаялда ккечIеб икъбал Парижалда насиблъилин хьулалда вуго гьев. МОКалъул макрабаздасаги бергьун, нилъер улкаялде бугеб бербалагьиги хисун, Россиялъул спортсменал Олимпиадаялде риччазе ратилин абураб божиги буго гьесул. Гьениб битIккечIони, профессионалияб боксалде машгъуллъилин абураб пикруги загьир гьабуна гьес.

***Гьумер хIадур гьабуна Ашахан ЮСУПОВАС.***

## Волонтерасул къо

# «Путинил командаялъул» хIаракат

**1985 соналда, ООНалъул Ассамблеялъул бихьизабиялда рекъон, дунялалда байбихьана социалияб рахъалъ кIвар бугеб байрам тIобитIизе. Гьедин бижана «Халкъазда гьоркьосеб волонтерасул (доброволецасул) къо» абураб байрам. Россиялда Волонтерасул къо кIодо гьабула 2017 соналдаса нахъе.**

Щуабилеб декабралда, Волонтерасул къоялъул хIурматалда, МахIачхъалаялда тIобитIана байрамалъулаб данделъи. Гьудуллъиялъул рокъоб гьеб гIуцIана ТIолгороссиялъул Халкъияб фронталъул Дагъистаналда бугеб регионалияб отделениялъ. Тадбиралда гIахьаллъана МахIачхъалаялъул мэр Юсуп Умавовги. Гьадинаб кIалъайги гьабуна гьес гьениб: *«Путинил команда» абураб премиялъул буго «гIадамаз – гIадамазе» абураб аслияб пикру. Гьелъ бихьизабула премиялъул аслияб мурадги. Жакъа дунялалда лъугьун буго захIматаб ахIвал-хIал ва нилъ киналго цолъизе ккола улкаялъул президентасда сверухъ. Бищун къиматаб нилъер хазина буго Россиялъул халкъазул цолъи, гьунки. Жакъа гьаб залалдаги данделъун руго жидедаго сверухъ ругел гIадамал гьункизарулел, нилъер жамгIияталъул парахалъиялъе гIоло къеркьолел хIаракатчагIи»*, - ян. *аскариялги. Нилъер руго жиндихъ бугеб ахирисеб гьургщихъги рагъухъабазе кумекалъе хIадурал гIадамал. Цояз букъула рагъухъабазе ретIел, цогидаз – хIадурула хIедучирахъал, лъабабилез, гIараци бакIарун, босула аскаризе хIажатаб къайиалат. Гьединазе баркала кьей, жидеца гьабулеб хIаракаталъул къимат гьабулеблъи бичIчIизаби букIана данделъиялъул мурадазул цояблъун»*, - ан.

СВОялъул гIахьалчагIазе жиграб кумек гьабурав 12 дагъистаниясе кьуна «Путинил команда» абураб премия. Премиялъул лауреатазда гьоркьор руго Информациялъулгун печаталъул агентствоялъул нухмалъулев ГIабдуразакъ Жамалудинов ва гьесул тIоцеесей заместитель Наида МухIамадова, «Рагъухъан» абураб ТIолгороссиялъул рагъул инвалидазул жамгIияб гIуцIиялъул регионалияб отделениялъул председатель ГIиса ГIисаев, СВОялда чIварав аскариясул эбел Елена Бар-




бара, пенсионерка Бадуржигьан Рамазанова ва цогидалги.

Гьеб пикруялъул рахъккуна РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Артем Бичаевасги. «Халкъияб фронталъ ургъараб «Путинил команда» абураб премиялъул аслияб кIвар буго гьелдалъун гIадамал кIодо гьари. Гьел кола нилъеда сверухъ ругел гIадатиял гIадамал – тохтурзаби, учительзаби, рукъарухъаби ва гь.ц. «Путинил командаялда» гьорлъ руго жакъа премиялъе мустахIикълъарал гурелги, жеги гIемерал гIадамал. Дида лъала, нилъер ракьцоял кьалул майданалда церехъабазул кьеразулъ ругеблъи. Гьезул хьизамаз, лъудбуз, улбуз ва умумуз хIаракат бахъулеб буго бергьенлъи гIагарлъизабизе. «Путинил командаялда» гьорлъ буго тIолабго Дагъистан», - ан абуна депутатас.

«Защитники Отечества» абураб ТIолгороссиялъул фондалъул Дагъистаналъул регионалияб отделениялъул гIахьалчи, СВОялъул ветеран Камалудин Юсуповас гьадинаб баян кьуна данделъиялъул хIакъалъулъ: *«Гьенире ахIун рукIана, СВОялда ругезе кумекалъе рахъун чIарал дагъистаниялги, рагъда чIварал аскаризул улбулгун лъудбиги, лъукъун хадуб иги отпускалъул заманалда ватIаналда ругел*

2022 соналда Халкъияб фронталъ байбихьана «Кинабго бергьенлъиялъе гIоло!» абураб тIолгороссиялъул проект гIумрулъе бахъинабизе. Дагъистаналда бугеб гьелъул регионалияб отделениялъул жигарчагIаз СВОялде битIана кумекалъул 250-гIанасеб тонна хIажатабщиналъул. Аскаризе битIана хинаб ретIел-хьит, квадрокоптерал, тепловизорал, радиостанциял, дараби, машинаби ва цогидаб къайи.

Проекталъул хIаракатчагIазе Халкъияб фронталъ кьуна Баркалаялъул кагътал. Гьел щвана М. ХIажиевасул цIаралда бугеб заводалъул нухмалъулев ГIабдулвагьаб Папалашевасеги, КЭМЗалъул директор Ибрагьим АхIматIовасеги, Социалияб ва Чара гьечIеб страхованиялъул фондазул нухмалъулел МухIамад ГIисаевасе ва АхIмад Гьудовасе, гьединго ЦIунтIа районалъул Караузек росдал школалъул директор Жамалудин Нажмудиновасе ва Дербент шагьаралъул профессионалиябгун педагогияб колледжалъул преподаватель Луиза ХIажимухIамадовалъе.

Шапакъатал кьуна 21 чиясе.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

## Политика

# Бакъбаккул улкабазда Путиние гьоболлъи

**ТIолалго халкъазул мурадал цIунулеб, цоялъ цоялда тIад ханлъи гьабулареб, дуняладаго ракълилаб гIумру гьабизе рес кьолеб къагIида гIуцIиялда тIад ургъулелги камун гьечIо ахирал соназда. Аслияб куцалда гьеб рахъалде кIвар кьола Россиялъул президент В. Путиница. Гьал къояздайин абуни гьев щвана ГIарабиязул Цолъарал Эмиратазде ва СагIудиязул ГIарабиялъул Къираллъиялде.**



Бакъбаккул улкабазул зодихъ Россиялъул байрахъалъул кьералги гьарун, «истребителаз» гьабулеб тIавап ва нилъер байрахъал гьеб улкаялъул къватIазда парпадулел рихьидал, разилъизе бачIуна улкаялъул ва гьелъул президентасул гьез гьабулеб къиматалдаса. Гьелъ нугIлъи гьабула дуняялалда халкъазда гьоркьоб Россиялъул къимат букIиналъе. Сапар пачалихъияб гуреб, гIицIго хIалтIуда хурхараб букIаниги, Путиние гьениб гьабуна унго-унгояб гьоболлъи.

ОАЭялдаса В. Путин ана СагIудиязул ГIарабиялде. Гьенибги Россиялъул нухмалъулевда дандчIвай гьабуна хIурматияв гьоболасда гIадин. СШАялъул ва бакътIерхьул улкабаз лъазарурал санкциязухъ балагьичIого, гьеб улкаялъул нухмалъулез Россиялъул рахъкколеб букIин бихьулеб буго.

СагIудиязул къираласда ва гьесул халкъалда кIочон батиларо СагIудиязул ГIарабия, пачалихъ хIисабалда, тIоцебе СССРалъ къабул гьабураблъи ва 1926 соналда гьелъулгун цадахъ рекъон хIалтIи гIуцIилъе къотIи гьабун букIараблъи.

Гьел улкабазда ккарал дандчIваязда бицана Палестинаялдагун ИзрагIилалъул ва Украинаялда бугеб ахIвал-хIалалъул. Гьединго борхана бухьенал жеги щула гьаризе ккеялъул суалал.

Ахириял соназда чанго нухалда цIикIкIун буго Россиялдаги Бакъбаккул улкабаздаги гьоркьоб бича-хисиялъул цебетIей, хасго машинстроениялда ва фармацевтикаялда. ОАЭ буго гIарабазул улкабазда гьоркьоб атомалъулаб энергиялдаса пайда босулеб пачалихъ. Америкаялъул проекталда рекъон, араб гIасруялъул 70-абилел соназда бараб бугониги, гьелъие бечед гьабураб ураналъул бащдаб бачIуна Россиялдаса.

Рехсарал улкабазул нухмалъулез В. Путин къабул гьавиялъ лъалаго рахIат хвезабуна БакътIерхьул улкабазул нухмалъулезул. Гьезул цо-цояз загьир гьабуна Россиялдехун лъикIаб бербалагьи гьабизе заман щун букIиналъул пикру. Гьезда бичIчIана Россия жибго жиндаго хутIизабизе гьез бахъулеб хIаракаталъул хIасил ккечIолъи.

Жакъа ГIарабиязул Эмиратазулги СагIудиязул ГIарабиялъулги Россиялъулгун руго гIемерал цадахъал, гIаммал ишал. КватIичIого гьел улкаби рукIине руго БРИКСалъул ихтияр бащадал члензабилъунги.

***З. ИЛЬЯСОВ***

# БукIинеселде ишанги босун...

**«Дагъистан» РИАялда тIобитIараб пресс-конференциялда ДРялъул экономикаялъул ва бакIалъулаб цебетIеялъул министр ХIажи Султановас бицана ахираб лъагIалида жаниб гьабураб хIалтIул ва церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.**



Министрас бицухъе, республикаялда промышленнияб къайи гьаби лъикIлъун буго 8 проценталъ, росдал магIишаталъул нигIматал гьари цIикIкIун буго 3,2 проценталъ, ралел бакIазул къадар гIемерлъун буго 4 проценталъ, моцIрое щолеб харжалъул къадар - 10,1 проценталъ.

ПалхIасил, гIемерисел бутIабазда ахIвалхIал лъикIлъун буго.

ХI. Султановасул рагIабазда рекъон, къватIибе битIулеб къайи 40 проценталде бахун буго. Гьелъул магIнайин абуни ккола, санкциязул заман букIаниги, бизнес цого бакIалда чIун гьечIин абураб.

«Бихьулеб буго республикаялъ дагь-дагьккун церехун галаби росулел рукIин. Нилъер мурадги ккола къватIисел улкабазул бизнесменазулгун хIалтIи гьаби, гьел республикаялъулгун гьоркьорлъаби гьаризе тIамиялде рачунел ишал гьари. Гьеб рахъалъин абуни, гьабулеб хIалтIиги гIураб къуватги буго», - ян бицана министрас.

***Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА***

# Анищ букIана инсул мина цIигьабизе

**Дагъистаналда ва гьеб бахун къватIир дагьал гьечIо нилъеца бицине, хъвазе, ракIалде щвезаризе мустахIикъал гIадамал.**

**Гьединазда гьоркьов рехсезе бегьула гIемерал соназ батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIарав ва, кив вугониги, тIадаб иш ракIбацIцIадго тIубазабурав, жакъаги гьабулев вугев Россиялъул Централияб избирательнияб комиссиялъул членлъун вукIарав, юридикиял гIелмабазул доктор, РФялъул, ДРялъул ва Адыгеялъул мустахIикъав юрист Сиябшагь Шапиевги.**

**Сиябшагь гьавуна ЧIарада районалъул Гьунухъ росулъ. КватIичIого тIаде щолеб бугеб гьесул гьавураб къоги баркулаго (1955 соналъул 15 декабрь), цоги нухалда цIалдолезда ракIалде щвезавизе бокьун буго гьев лъикIав инсан, махщел тIокIав гIалимчи.**

**ГьабсагIаталда Москваялда вугониги, гьесул гIумруялъул ва хIалтIул бицун гара-чIвари гьабуна нижеца Сиябшагьилгун.**




Сиябшагь вас Арсенгун

**РакIбацIцIадаб хIалтIуе гIоло Сиябшагь мустахIикълъана «Гьудуллъи», «ХIурматалъул», «Дагъистаналъе гьабураб хъулухъалъе гIоло» орденазе, «ВатIаналъе гьабураб хъулухъалъе гIоло» орденалъул I ва II даражаялъул медалазеги. Гьединго С. Шапиевасе кьуна Россиялъул ХIинкъи гьечIолъиялъул советалъул «Миллияб хIинкъи гьечIолъи букIинабиялъулъ щварал хIасилазе гIоло» медаль ва Центризбиркомалъул «Рищиял гIуцIараб къагIидаялда тIоритIиялъе гIоло» абураб хIурматияб гIаламатги.**

**- Мунги хъизанги ккола юридикиял гIелмабазул докторал...**

- Дун цIалана гIагараб ЧIарада районалъул Гьунухъ росдал школалда. Учителас гьитIинго цIалуде бижизабураб гъираялъ, цоцазда гьоркьоб къец гьабун, цояздаса цоял лъикI цIалулаан ниж школалда. 13 чи вукIана нижер классалда. Хадуб росулъ байбихьул школа гурони букIинчIого, гьоркьохъеб школа лъугIизабуна аскIоб бугеб Кьорош росулъ. Меседил медаль босизе рес букIарав ичIго отличникасда гьоркьоса, микьго класс лъугIулеб мехалда лъабгоял хутIана. Лъабазго медалазда лъугIана школа ва хадурккун батIи-батIиял гIелмабазул доктораллъунги рахъана.

Хадув дун цIализе лъугьана ДГУ-ялъул юридикияб факультеталде, гьебги дица тIокIлъиялда лъугIизабуна.

1982 соналда лъугIизабуна Ленинградалъул пачалихъияб университеталъул аспирантура ва гьенибго (Ленинградалъул университеталда) цIунана кандидатасул диссертацияги.

1983-2003 соназда дарсал кьуна Дагъистаналъул пачалихъияб университеталда. Гьенив вукIана уголовнияб правоялъул ва криминологиялъул кафедраялъул профессорлъун, хIалтIана юридикияб факультеталъул деканасул заместительлъун.

2021 соналде щвезегIан хIалтIана Россиялъул Централияб избирательнияб комиссиялъул членлъун.

18 соналъ ЦИКалда хIалтIана дун. Халкколаан ЮФОялъул, хадуб СКФОялъул избиркомазул хIалтIуда хадуб. Гьединго Россиялъул субъектазул - Ленинград, Ульяновск, Курган, Новосибирск, Томск областазул, Коми республикаялъул, Алтай краялъул рищиязул комиссияздa хадуб.

2022-2023 соназда хIалтIулев вукIана Москваялъул пачалихъияб гуманитариябгун экономикияб университеталъул проректорлъун.

ГьабсагIаталда дун пенсиялда вуго, амма хIалхьиялда чIезе ва хIалтIи тезе ракIалда гьечIо.

Хъизан Ольгаги ккола юридикиял гIелмабазул доктор, профессор, РФялъул мустахIикъай юрист. Гьей 14 соналъ хIалтIана РФялъул Генералияб прокуратураялда, гьабсагIаталда йиго Герценил цIаралда бугеб СПБ пачалихъияб педуниверситеталъул Дагъистаналъул филиалалъул нухмалъулей.

**- Лъималаз тIаса бищанищ нужер нух?**

- Лъималазги бищана, дир вас Арсенги ккола юридикиял гIелмабазул кандидат. Гьев 14 соналъ хIалтIана прокуратураялда, Москваялъул Бутырский районалда гьоркьосеб прокуратураялъул нухмалъулесул заместительлъун ва прокурорасул ишал тIуралевлъун хIалтIулев вукIана.

2018 соналда гьев Дагъистаналде тIадвуссана ва ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун вищун вукIана. ГьабсагIаталда гьев вуго ДРялъул Джиу-джитсуялъул тIаса бищараб командаялъул бетIерав тренерлъун.

Цояй яс ккола медицинаялъул гIелмабазул кандидат, кIудияй яс йиго РФялъул Пачалихъияб Думаялда хIалтIулей.

**- Дуца батIияб рокьигун, недегьлъигун бицунеб буго лъималазул...**

- Лъимал ва гьезул лъимал ккола дир рохелги чIухIиги.

Лъималазул лъималги анцIгоял руго. Гьезул бергьенлъабаздаса вохула, къварилъи ккани пашманлъула. Дагьаб цебегIанги дир вас джиу-джитсуялъул ва грепплингалъул рахъалъ Дунялалъул щуцIул чемпионлъун вахъана. Гьединго гьезул лъималазулги руго спорталъулъ бергьенлъаби. Цеве дунгоги гIахьаллъулаан эркенаб гугариялъул рахъалъ къецазда. Гьанже дагьаб заман ун буго.

**- МагIарул мацI лъалищ лъималазда, бицунищ хъизамалда?**

- Дидаго лъала мацI, бицинеги бицуна. Цо заманалда кучIдулцин гьарулаан магIарул мацIалда. Лъималаздаги дагьабго лъала рахьдал мацI, бицунебги бичIчIула. МагIарул мацIалда цадахъго ясазда лъала лъарагI мацIги (хъизан лъарагIай йиго), лъала ингилис мацI, кIудияй ясалда лъала гIараб мацIги.

**- ГIемерал улкабазде, областазде щун ватила мун хIалтIулал сапараз. Щиб бищунго ракIалда чIараб?**

- РФялъул ЦИКалда хIалтIараб 18 соналда жаниб командировкаялъ щвана 46 батIияб пачалихъалде. Аслияб къагIидаялда ракIалда чIана хIинкъи бугел улкабазде гьарурал сапарал. Масала, Афгъанистаналде, ГIиракъалде, Суданалде. КIи-кIи нухалдагицин щвана гьел улкабазде. РекIее асар гьабулеблъун букIана Камбоджаялде, Мьянмаялде, Египеталде, Тунисалде, Мавританиялде, Румыниялде гьарурал сапарал.

Щибаб улкаялъ хасаб лъалкI тана дир рекIелъ. Гьезул рукIарахъиналъги тIабигIаталъги асар гьабичIогоги толароан. Щибаб сапаралдаса хадуб бихьа-таралъул, хIалтIи кин арабали бицун докладги хъвазе кколаан нижеца.

Афгъанистаналда сапаралъ рукIаго бихьана гьезулъ бугеб патриотизм, цолъи, гъунки, хIинкъи гьечIолъи. ГIодобегIанасеб 80 процент гIадамазул рачIунел ругоан гьезул рищиязда гIахьаллъи гьабизе.

**- Кида щварав ахирисеб нухалда росулъе?**

- ГьабсагIаталда дун вуго пенсиялда. Дирго ватIаналде, гIагараб росулъе гьанже цIикIкIун щола. ГIагарлъиялъулгун, росуцоязулгун бухьенги букIуна. Гьабун буго Москваялда ругел росуцоялгун, гIагарлъиялъулгун вацапалъул кьокъаги. Щибаб кьойил кIалъала, хъвадарула, батIияб-цIияб лъазабула.

Цебего ракIалда букIараб анищ тIубазе рес щвеялдаса вохаравги вуго дун - росулъ инсул букIараб мина цIигьабизе бажарана. Гьединго росулъ гьарулел хIалтIабаздаса ратIатIун чIоларо, бажарараб кумек гьабула. КъачIана росу-жамагIаталъ аслиял данделъаби гьарулеб бакI. ЦIидасан къачIалеб буго Шамил имамас жаниб как бараб росдал мажгит. Дагьаб цебегIан росулъа рахъарал гIалимзаби, шайихзаби, наибзаби ракIалде щвезариялъулаб мавлид-мажлис тIобитIана. МикьнусгогIан чияс гIахьаллъи гьабуна гьениб, рукIана муфтияталъул хIалтIухъабиги, гIемерал гьалбалги. ЦIакъ лъикIаб данделъи лъугьана гьениб.

**- Росулъ чан цIараки бугеб?**

- ГIага-шагарго 40 цIараки буго. Цо заманалда росабалъа гIолохъаби гIодоблъиялде гочунел рукIун ратани, гьанже цо-цоял росулъе тIадруссунел руго. БукIана заман, росулъ гIадамал дагьлъиялъ, гьоркьохъеб школа цо чияс гурони лъугIичIебги.

**- Москваялда дагъистанияз тIоритIулел тадбиразульги гIахьаллъулев ватила мун...**

- Москваялда вукIаго, гIахьаллъи гьабула Дагъистаналъул патриотазул жамгIияб советалъ (ОСПД) тIоритIулел тадбиразульги, гьелъул нухмалъулев Тажудингун цадахъ дихъа бажарараб кумек гьабула. ГьабсагIаталда дагьаб сахлъи щула гьабулев вуго, хадусеб соналда хIалтIуде тIадвуссине ракIалда буго.

**- Бугищ жакъа дур рахIат хвезабулеб суал?**

- ГьабсагIаталда, республикаялдаса рикIкIад вугев дагъистанияв хIисабалда, эмен, кIудияв эмен, мурид хIисабалда, Москваялда бугеб ОСПДялъул ЧIахIиязул советалъул нухмалъулев хIисабалда дир рекIее гIоларел ва дунго гIадин лъугьа-бахъунелъул ургъел бугезе рахIат то-ларел гIезегIан суалал руго.

Масала, РФялъул президентасда цебе бугеб вакиллъиялда, цебе гIадин дагъистаниял-вакилзаби гьечIо. Гьел гьечIолъиялда бан, ОСПДялъ тIубалин абизе бегьула гьезул хъулухъ - Москваялда гIумру гьабулел ва хIалтIулел дагъистаниязул киналго суалал.

Цоги суал буго Пачалихъияб Думаялъул цо-цо «депутатаз» Россиялда гIумру гьабулевщинав чи гIурусав кколин, россиянин кколарин аби. Гьелъ нилъ рачуна рахьдал мацIал тIагIинариялде, гьеб ккола кIудияб къварилъи. Россиялъул Конституциялдаги хъван буго: «...нилъ миллатал гIемераб Россиялъул халкъ кколин...».

Гьаб бакIалда рекъарав вукIина ракIалде щвезавизе нилъер шагIир Расул ХIамзатов ва гьесул васигат хIисабалда мацI цIуниялъул хIакъалъулъ нахъе тарал асарал.

Эмен ва кIудияв эмен хIисабалда рекIее гIоларо лъималазул лъималазда рахьдал мацI лъалеб гьечIолъи. Гьеб буго дирги дир лъималазулги гIайиб.

Бусурбанчи, мурид хIисабалда дие рахIат толаро жакъа исламалъул жанисел ва къватIисел тушбабаз муфтияталъул хIалтIуда дандечIей гьабулеб букIин. Дида битIараблъун бихьула исламалъул рацIцIалъи цIуниялъе ва бачIунеб гIелалъулъ ватIаналде рокьи куцаялъулъ ва тарбия кьеялъулъ гьез гьабулеб хIалтIи.

*Гара-чIвари гьабуна ПатIимат МУХIАМАЕВАЛЪ.*

Хьаргаби

## Аслияб хIалтIи гьабун бахъана

Хьаргаби районалъул ГIаймаки росулъ, «ГIумру гьабиялъе лъикIал шартIал» абураб федералияб программаялда рекъон, хIухьбахъиялъул ах гьабулеб бугин хъван букIана газеталда.

Гьал къоязда гьеб рагьиялъул тадбир тIобитIана росулъ. Байрамалда гIахьаллъана районалъул нухмалъев МухIамадгIали ТIагьиров, районалъул депутатазул собраниялъул председатель МухIамад ГIумаров, росдал тIолабго жамагIат.



Гьарулел хIалтIаби рагIалде рахъанищ ва ракIалда букIараб хIалалда гьеб лъугьаницан цIехедал, росдал бегавул **МухIамад МухIамадовас** бицана: *- ХIухьбахъиялъул ах гьабиялъе биччан букIана 2 387 900 гъурущ. Сметаялда рекъон, планалда, проекталда букIараб хIалтIи гьабун рагIалде бахъана. Бокьун буго администрациялъул рахъалдасан лъималазе расандизе батIи-батIиял алатал тIадеги росизе. Гьенир жеги чIезе руго гъутIби, тIугьдул, хъархъал*, - ан.

Росулъ гьарулел цогидалги хIалтIабазул бицунелъул, гьес рехсана росулъ жанисеб нухлул 550 квадратияб метралде бетон тIезе бугинги.

*- «Бюджеталъул гIарцухъ бетон тIуна 500 метралде, рес бугез кумек гьабун жеги 250 метралдеги тIуна. Гьединго нухал гIатIид гьаруна, ччукIун унел бакIал щула гьариялъе 150 квадратгIанасеб бакIалда къед бана. Гьекъолеб лъел бицани, хисана кIиго насос, километралдаса цIикIкIун бакIалда хисана рогIрал, гьединго къватIибе лъим чвахизе лъурал рогIралги. ПалхIасил, баркала буго кидаго кумекалъе ратулел росуцоязе ва хасго гIолохъабазе»,* - ян абуна росдал бегавулас.

## ГIисинал чемпионал

Гьал къоязда Хьаргаби районалда, ГI. ГIусмановасул цIаралда бугеб спортивияб кIалгIаялда, тIобитIана 2009-2013 соназда гьарурал лъималазда гьоркьоб эркенаб гугариялъул рахъалъ турнир. Ургуялде вахъана районалъул росабалъа 90-гIан вас.




Турниралда гьалбаллъун рукIана районалъул нухмалъулев МухIамадгIали ТIагьиров, депутатазул собраниялъул председатель МухIамад ГIумаров, эркенаб гугариялъул рахъалъ Дунялалъул чемпион АхIмад Тажудинов.

Къецазда бергьенлъи босаразе кьуна медалалгун грамотаби ва къиматал сайгъатал.

## «Лъарахъ» нух къачIана

Хьаргаби районалъул КIикIуни росдал «Лъарахъ» абураб бакIалда нухал къачIалел руго. Санайил ралел цIадазгун лъараца нухги хвезабун, хасалил заманалда машинаби ине захIматаб хIал букIунаан гьениб. Квачараб заман тIаде щвелалде, гамачI-гъегъ бан, битIизабун машинаби иналъе санагIатаб хIалалда гьабулеб буго гьеб бакI.

Гьединго нухал къачIалел руго Къудукь, Могъохъ ва цогидал росабалъги.

Казбек

## «БахIарчиясул парта»

Казбек районалъул Гуни росдал Дунялалъул культураялъул гимназиялда рагьана, гьеб гимназиялъул выпускник, хасаб рагъулаб операциялда бахIарчиго хварав, Шашуев ВахIидил хIурматалда кабинет ва «БахIарчиясул парта».




«ВахIид гIумруялдаса ватIалъана нилъер берцинаб букIинеселъе гIоло. БачIунеб гIелалъ гьев ва гьевго гIадал цогидалги гIолохъабаздаса мисал босизе ккола», - ян абуна Казбек районалъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

ВахIидил йикIарай учитель Рукъият Нугаевалъ, гимназиялъул директорасул заместитель МухIамад Шейховас, районалъул Ветераназул советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибовас, Херазул советалъул председатель Гъапур НухIовас ракIалде щвезабуна гьесул бахIарчияб гIамалги берцинаб хасиятги.

РФялъул ПачалихIияб Думаялъул депутат СултIан ХIамзаевасул кумекчи Камал ГIабдулаевас баркала кьуна тадбир гIуцIаразе ва В. Шашуевасул васасегун ясалъе сайгъатал кьуна.

Жиндирго рахъалдасан К. ГIабдулаевас гимназиялъе сайгъат гьаруна тIахьалги ва бахIарчиясул портретги.

Болъихъ

## ЦIияб хIухьбахъиялъул ах

Болъихъ районалъул Болъихъ росулъ рагьана хIухьбахъиялъулаб ах.

«ГIумру гьабиялъе лъикIал шартIал» абураб федералияб программаялда рекъон бараб гьеб ахикь руго лъималазе расандизе бакIал, чIахIиязе гIодор чIезе, хIухьбахъи гьабизе санагIалъаби.

Гьеб рагьиялъул тадбир байбихьулаго, Болъихъ районалъул нухмалъулев Руслан ХIамзатовас абуна: «Жакъа нилъеца рагьулеб буго нилъер гIумруялъулъ бищун гIисинал, бищун аслиял чагIазе хIухьбахъиялъул ах. Сонгицин балагьизе бокьилареб хIалалда чIобого букIараб бакIалда жакъа берцинаб ах гьабун буго. ГIун бачIунеб гIелалъе шартIал чIезариялъе нилъеца бажараараб гьабизе буго. КъачIазе бегъулел, берцин гьаризе бакIал нилъер районалда гIезегIан руго, нилъеца гьеб киналдегоги кIвар кьезе буго», - ян.



Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна росдал гIадамаз, ва аслиял гьалбаллъун гьенир рукIана лъимал.

Болъихъ росдал бегавул ГъазимухIамад НурмухIамадовас росдал гIадамазул цIаралдасан баркала загьир гьабуна районалъул ва республикаялъул нухмалъиялъе ва гьенир хIалтIаралщиназе.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# ЦIидасанги цолъизаруна Расулица

МахIачхъалаялда бугеб Правоялъулаб академиялъул колледжалда кIодо гьабуна Расул ХIамзатов гьавуралдаса 100 сон тIубаялъулаб юбилей.

Байрамалде рачIаразда цебелъун букIана канлъукъазе рагьараб республикаялъулаб хасаб библиотекаялъул кумекалдалъун колледжалъул библиотекаялъул заведующая Раисат ГьитIинамухIамадовалъ гIуцIараб Расул ХIамзатовасул тIахьазул выставка

Колледжалъул цIалдохъабазухъе гьоболлъухъ рачIун рукIана Дагъистаналъул халкъияй шагIир Сабигат МухIамадоваги шагIир Умарагьил СалихIоваги. Байрамалъул тадбир нухда бачана колледжалъул преподаватель, филологиял гIелмабазул кандидат Зайнаб ГIалиевалъ.

«Расул ХIамзатовас дунялалдаго рагIизабуна Дагъистан. Гьев ккола, республикаялъул гуревги, тIолабго Россиялъул ва СССРалда гъорлъе унел рукIарал советиял республикабазулги чIухIилъун. Цо нухалда, Парижалда йикIаго, дир лъай-хъвай ккана Америкаялда гIумру гьабулей гIурусалъулгун. Гьей йигоан Санкт-Петербургалдаса. Дун Дагъистаналдаса кколин абидал, гьей йиххана – гьединаб бакI жинда лъаларила, рехсана Пакистан, Узбекистан ва цогидалги «станал». Дица гьикъана Расул ХIамзатов лъалищан. Лъалин абуна гьелъ. Дицаги чIухIун абуна, Дагъистан гьесул ватIан кколин абун», - ин бицана гьелъ, данделъи рагьулаго.

Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб Миллияб библиотекаялъул хIалтIухъан С. МухIамадовалъ ракIалде щвезаруна шагIирасулгун рукIарал дандчIваял. «Жиндир асаразулъ Расул ХIамзатовас ахIулел руго гьудуллъиялде, вацлъиялде. Гьединлъидалги батила, исана гьесул юбилей кIодо гьабиялъул тадбиралде рачIун рукIана гIемерал гьалбал – Россиялъул регионаздасаги къватIисел улкабаздасаги. Расул ХIамзатов щвана дунялалъул гIемерал улкабазде ва, киве щваниги, гьеса дандчIвай гьабулаан пачалихъалъул хIаракатчагIаз. Гьединаб къиматги, къадруги, машгъурлъиги букIана гьесул. Нилъер кIудияв шагIир кIодо гьавун, 2023 сон улкаялдаго лъазабун букIана Расул ХIамзатовасул лъагIеллъун.




ГIолохъанчIужу, тIоцебесеб нухалда Хъвадарухъабазул союзалде дирго кучIдулгун араб мехалда, дун хIикмалъизаюна «планетаялъулго поэтилан» абулев чиясда дун гIадай гьитIинай гIадангун гара-чIвариялъеги заман батулеб бугин абун. Байрамкъоязда баркиялъул телеграмма битIун бачIунаан гьес. Цоялда, масала, гьес хъван букIана: «БитIккунгутIи – гьеб къей гуро ва икъбал къей – жеги бергьенлъи гуро» абун. Нужееги дица гьарула гIумрудулъ икъбал», - ан бицана Сабигатица ва цIалана шагIирасул цо асарал.

«Нуж руго рукIинесел прокурорал, оперативиял хIалтIухъаби, следователал. Гьарула нужее рекIел бацIцIалъи, цIодораб гIакълу ва рахIмуяб бербалагьи. Дун цIалана Расул ХIамзатовас сундулго рахъалъ кверчIвалеб букIараб Хунзахъ районалъул ГIараниб росдал магIарулазул интерналалда. Расулил эмен, машгъурав шагIир ЦIадаса ХIамзат ва дир кIудияв эмен рукIана гьалбал. Нижер росулъ дибирлъун вукIарав ХIамзатица гIумру гьабулаан дир кIудияв инсул рокъоб. Дун гIемер щолаан гьезул рокъое. Музеялда рацIцIалъи гьабулаан, гьениб бугеб щибаб тIагIел-алат кодобе босулаан, халкъияв шагIирас, живго дида жеги вихьичIониги, квалквадизарурал гьезда квер хъвазе щвеялдаса чIухIулаан.

ГIицIго «Къункъраби» гIелаан нилъее, Расулил гьунаралдаса чIухIизе. Гьелъухъ кидаго гIенеккула рахъун чIун, щайгурелъул гьеб лъугьана къалул бахIарзазул хIурматалда ахIулеб гимнлъун. Гьеб ахIулеб мехалда, черхалда сирибала, бадиб магIу хулула. Гьелъ асар гьабичIев чи хутIуларо – гьеб хьинтIула гIенеккарав щивав чиясул рекIеда. Гьединав шагIир Дагъистаналда цоги вахъинаро, щайгурелъул замана хисун буго ва хисун руго инсанас кIвар бугеллъун рикIкIунел хасияталги сипаталги.

СССР биххаралдаса хадуб рилана советиял республикабилъун рукIарал ва гьанже жалго жидедаго чIарал пачалихъаллъун лъугьарал регионазда гьоркьосел бухьенал. Исана, шагIирасул юбилей кIодо гьабулаго, Дагъистаналъул артисталги, журналисталги, кьурдухъабигун шагIирзабиги ва пачалихъиял хIакимзабиги гьорлъ ругел кьокъабаз сапар гьабуна батIи-батIиял пачалихъазде. Киса-кибего гьез бихьизабуна «Расулил бераздалъун Дагъистан» абураб программа. Гьелъухъ балагьизе рачIарал гIадамал гIодулел рукIана: гьел урхъун рукIана доб цебесеб гьудуллъи-вацлъиялъухъ, нилъее гIаммалълъун рукIарал кучIдузухъ, хIатта магIарул мацIалъухъцин. Щайгурелъул советияб заманалда нилъ рукIана цоцалъ гьункарал ва цоцазе кумекалъе хIадурал халкъаллъун. Гьедин, 100 соналдасан, Расул ХIамзатовас цIидасанги цолъизаруна кIудияб улкалъун рукIарал пачалихъазул халкъал», - ан бицана У. СалихIовалъ ва цIалана Р. ХIамзатовасде гьабураб жиндирго кечI.

Гьалбадерил кIалъаяздаса хадуб студентаз рикIкIана Расулил кучIдул. Гьел рукIана гIурус ва рахьдал мацIазда. Бищунго лъикI кучIдул рикIкIаразе кьуна грамотаби.

Гьелдаса хадуб букIана студентазул гIелмияб конференция. ШагIирасул творчествоялъул хIакъалъулъ бицун, кIалъазе вахъана 20 студент. Жеги 12 чияс хIадурун бугоан Расулил гIумруялъги гьесул асаразги жиндие гьабураб асар рагьун хъвараб эссе.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# БахIарзазе даимаб рецц

ТIоцебесеб декабралда, ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул председатель ГIазизбек Черкесовасул хIаракаталдалъун, ЛъаратIа районалъул Хидиб росулъ тIобитIана патриотал куцаялъе кIвар бугеб тадбир. Росдал школалда чIвана хасаб рагъулаб операциялда чIварав росуцояв ГъазимухIамад ГъазимухIамадовасул цIар хъвараб мемориалияб хъарщи.

Тадбиралда гIахьаллъана Гъизляр шагьаралъул округалъул депутат Мурад ГIалиевги, ДРялъул ЖамгIияб палатаялъул председателасул гIакълучи ГIалибег ГIалиевги, районалъул нухмалъигун росдал жамагIатги.

ГъазимухIамад гьавуна ХIортIа росулъ ва цIалана Хидиб росдал школалда. «Хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи ГъазимухIамад ГъазимухIамадов нилъедаса ватIалъана унго-унгояв бихьинчи гIадин. Жакъа нилъгун гьечIониги, гьесул бахIарчияб гьунар даим цIунила халкъалъ, гьев живгоги чIаго вукIина нилъер ракIазулъ.

Жакъа нилъеца кIодо гьавулев вуго нилъерго БахIарчи. Гьанир ругел цIалдохъабазда абила: гьев БахIарчи цIалана жакъа нужги цIалулел ругеб школалда. Гьев вукIана къуркьи лъаларев бихьинчи ва гьес гIумру кьуна ватIан цIунулаго», - ян бицана ГI. ГIалиевас данделъиялда.

«Улкаялъул мустахIикъав васас къадруялда тIубазабуна тIадаб борч. Эркенлъиялъеги ватIаналъеги гIоло гьес кьуна инсанасул бищун къиматаб хазина – гIумру. Гьесул бахIарчилъи даим цIунун хутIила нилъерги наслабазулги ракIазулъ. КIудияб баркала буго гьединаб тарбияги кьун бахIарчи гIезаврал ГъазимухIамадил эбел-инсуе. Нилъ чIухIула нужедасаги нужер васасдасаги. Даимаб рецц ГъазимухIамад ГъазимухIамадовасе!» - ян бицана ЛъаратIа районалъул батIерасул заместитель Рамазан ГIабдухаликовас.

Мемориалияб хъарщи рагьана бахIарчиясул вац Мурад ГъазимухIамадовасги ГIалибег ГIалиевасги.

Тадбиралде рачIарал гIадамал гIахьалъана «РакIалде щвеялъул ах» абураб акциялдаги. Школалъул азбаралда буго гьутIбузул кьер. Гьенибго буго «ТIадруссинарун бажаруларо, кIочене бегьуларо!» абурал рагIаби тIад бикIараб обелиск. Рагъухъабазул хIурматалда гьеб бакIалда чIола накIкIигъутIби.



ПОДПИСКА-2024

# Сапар гъабуна, хIасил ккела

20 азаргогIан чияс гIумру гьабулеб ЦIияб Лак районалда вуго микьазаргогIанасев магIарулав. Гьел ккола 1957 соналда МелъелтIаса ва 1975 соналда (ракь багъарун хадуб) Гумбет районалъул Килалъ, ЦIунди-Щабдухъ ва Болъихъ районалъул КIижани росулъа ЦIияб Чуртах, Гамиях, Тухчар ва ЦIияб МелъелтIа росабалъе гочинарурал гIадамал. Гьенибе букIана «ХIакъикъат» газеталъул хIалтIухъабазул иргадулаб сапарги.

Сапаралъул аслияб мурад букIана районалъулгун бухьенал щула гьари ва тIадеялъулалде газеталъе подписка гьабиялъул суал борхи.

Райадминистрациялда тIобитIараб данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель Гъайирбег Мусаев, росдал магIишаталъул управлениялъул хIалтIухъаби, ЦIияб МелъелтIа росдал бегавул, ункъабго росдал школазул директорзаби.

«ХIакъикъат» газеталъул бетIерав редакторасул заместитель Зикрула Ильясовас бицана гьабсагIаталда магIарул мацI цIунизе ккараб хIал букIиналъул, гьеб рахъалъ газеталъ гьабулеб бугеб хIалтIул хIакъалъулъ ва киналго ахIана гьелъие подписка гьабиялъе квербакъизе.

Гьенир кIалъаразги битIараблъун рикIкIана З. Ильясовасул пикру, бицана миллиял мацIазда сверухъ районалда бугеб ахIвал-хIалалъул, сагIтал дагь гьариялъ школазда дандчIвалел захIмалъабазул.

Киналго разилъун хIукму ккана «ХIакъикъат» газеталъе подписка гьабиялде кьолеб кIвар жеги цIикIкIинабизе.

Гьел рагIаби чIорогоял гьечIолъиялъе нугIлъи гьабула гьадинаб хIужаялъги. Зикрула Ильясовас риидал гьенибе гьабураб сапаралъул хIасилалда, районалде бачIунеб нилъер газеталъул къадар цIикIкIана 100 экземпляралъ. Гьаб нухалдаги гьебго хIал букIине бугеблъиялда щибго щаклъи гьечIо.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

БАЙРАМ

# ВатIаналъул БахIарзазул къо

9 декабралда улкаялда кIодо гьабула ВатIаналъул БахIарзазул къо.

Гьеб къо кIодо гьабулеб букIана Октябралъул революция ккелалдего ва гьелда абулаан Георгиясул кавалеразул къойилан.

## Тарих: хIужаби ва баянал

1769 соналъул 26 ноябралда (7 декабралда) Россиялъул пача Екатеринаца тасдикъ гьабуна улкаялъул тIадегIанаб рагъулаб шапакъат – Георгиясул орден. Гьелъул букIана ункъо даража. Пачаясул Россиялда гьеб орден кьуна анцIазаргоялдаса цIикIкIун чиясе. Ункъабго даражаялъул орден кьуна гIицIго ункъо чиясе. Гьелги ккола 1812 соналъул ВатIанияб рагъул гIахьалчагIи, генерал-фельдмаршалал: Михаил Голенищев-Кутузов, Михаил Барклай-де-Толли, Иван Паскевич ва Иван Дибич-Забалканский.




Революция бергьун хадуб пачаясул заманалъул тIолго байрамалги шапакъаталги тIагIинаруна. Амма КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда, 1943 соналда, тасдикъ гьабуна Реццалъул орден. Гьелъул цебеккун букIараб даражаги жибго ВатIаналъул БахIарзазул къоги Россиялда цIигьабуна 2007 соналда Борис Грызловасул хIаракаталдалъун. Парламенталъ къабул гьабураб хIукмуялда рекъон, ВатIаналъул бахIарзазул къоялда кIодо гьарула Совет Союзалъулги, Россиялъулги БахIарзал ва Георгиясулги Реццалъулги орденазул кавалерал.

Гьанже заманалъул Георгиясул орден кьола, рагъухъабазе гуребги, рекъел цIуниялъулъги гIаммаб хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъулъги кIудияб бутIа лъурал хIаракатчагIазеги. Амма гьеб орден щварав чиясе чIезабуларо, Екатеринал заманалда гIадин, санайилго кьолеб пенсия. Гьелъул кавалеразул цIарал хъвала Кремлялъул КIудияб залалда ругел мармаралъул къаназда.

Пачаясул Россиялда хасаб гIадатги къагIидаги чIезабун букIана Георгиясул кавалерасул къо кIодо гьабиялъе. Санкт-Петербургалъул Хасалил кIалгIаялде ахIулаан Георгиясул орденалъе мустахIикъал чагIи. Гьез цадахъго килисаялда какал ралаан цин, хадуб гIодор чIолаан гьарзаяб тепсиялда нахъа. Кванан рахъиндал, Петропавловкиялъулги Адмиралтействоялъулги къадаздаса гIарадаби кьвагъулаан.

Екатеринал заманалдаго Гарднерил заводалда гьабизабун букIана хасаб сервиз – 80 чиясе гIолеб. Гьелъул щибаб тIагIелалда тIад рикIун рукIана орденалъул гIаламаталги Георгиясул чалуги.

## Нилъер заманалда

Исана ичIабилеб декабралдаги Россиялда кIодо гьабила ВатIаналъул бахIарзазул къо. Гьелъул тадбиразда ракIалде щвезарила Совет Союзалъул ва Россиялъул БахIарзалги Реццалъул ва Георгиясул орденазул кавалералги.

1992 соналдаса нахъе «РФялъул БахIарчи» абураб цIар кьуна анлънусгоялдаса цIикIкIун чиясе. Гьезда гьоркьор руго рагъулаб борч тIубазабурал аскариялги ракълилаб заманалда бахIарчилъи загьир гьабурал гIадамалги.

ИчIабилеб декабралда гьел БахIарзал ахIизе руго Кремлялъул залалде. Гьениб гIуцIулеб тадбиралда гIахьаллъула пачалихъиялгун жамгIиял хIаракатчагIиги, политикалги. Кремлялъул тадбиралде ахIарал ва шапакъатал кьезесел гIадамазул цIарал балъго гьарула – гьезда гьоркьор рукIуна «секретно» абун тIад хъвараб махщалил вакилзабиги.

ВатIаналъул БахIарзазул къоялда бан улкаялъул школаздаги гIуцIула батIи-батIиял тадбирал.

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

РОСДАЛ МАГIИШАТ

# ЗахIмалъаби ругониги…

Исана республикаялъул росдал магIишаталъ рихьизаруна лъикIал хIасилал, хасго цIолбохъанлъиялда, пиринчI гIезабиялда, гIи-боцIухъанлъиялъул гIемерисел бутIабазда. Кинаблъунха гьеб букIараб щибаб районалъе?

## ГIахьвахъ



Масала, ГIахьвахъ районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул бетIерав агроном **МухIамад МухIамадовас** бицана:

- Нижер районалда хIалтIулеб буго 13 СПК ва 16 КФХ. Районалъул ракьалъул гIаммаб гIатIилъи буго 29109 гектар (19821,5 гектар гIодоблъиялда), гьелдаса 1535 гектар (4477 гектар) ккола бекьулеб ракь, 4137 гектар (1577) - харибакIал, 14066 гектар (9073) - гIалахал, 130 гектар (40) - ахал.

Исана нижеца бакIарана 2013 тонна могьолазул, 150 тонна пиринчIалъул, 6825 тонна картошкадул, 240 тонна овощазул ва 75 тонна пихъил. ХIадурана 6825 тонна харил.

Районалда буго 18880 бетIер (гьездаса 11017 гIака) чIегIербоцIул, 35590 бетIер гIи-цIцIаназул (19744 чахъу), 12180 бетIер гIанкIу-хIелекоялъул, 1920 найил тIала.

ГIи-боцIухъабаз гIезабуна 5320 тонна гьанал, бечIчIана 18700 тонна рахьдал, кьунцIана 80 тонна квасул, бахъана 9,6 тонна гьацIул. ХIисаб гьабуни, сон квешаб букIинчIо. Амма гIодоблъиялда гIезегIан руго нижер хIалтIуе квалквал гьабулел масъалаби.

ТIоцебесеб иргаялда, гIоларо лъалъадизе лъим. Гьеб гIилла сабаблъун букIине кколедухъ хIалтIизабизе кIоларо пиринчI хьазе хIадурун букIарал чеказул 266 гектар.

КIиабизе, ахираб заманалда цIакъго хиралъана цIатари, удобрениял, запчастал.

Лъабабизе, гIезарурал нигIматал, хасго гьан ва рахь, къачIалел бакIал гьечIолъиялда бан, ричизе ккола цIакъго учузаб багьаялде. РукIаралани гьел бакIаздаго къачIалел мини-цехал, гIемерго бигьалъилаан иш.

РукIа-рахъиналъе ругел шартIазул, гьечIел мадарал нухазул, жеги щвечIеб тIабигIияб газалъул бицинего ккеларо.

## ЦIияб Лак

ЦIияб Лак районалъул росдал магIишаталъул управлениялъул нухмалъулев **Камил МухIамадовас** бицана:



- ГьабсагIаталда районалъул росдал магIишаталда буго: 11 СПК, 13 КФХ, 2262 ЛПХ, 1 МУП, 8 ООО8 ва 6 ИП. Гьенив вуго 2516 хIалтIухъан.

МагIишатияб ракьалъул гIаммаб гIатIилъи бахуна 14307 гектаралде: бекьулеб ракь - 8864 гектар, харибакIал - 773 гектар, гIалахал - 4330 гектар. МагIишатаз хIалтIизабула гочинабун гIи-боцIи хьихьулел ракьазул 22248 гектарги.

Исана нижеца бакIарана 11276 тонна могьолазул, 1898 тонна цIоросаролъул, 90 тонна бакъдебуссалъул, 1380 тонна картошкадул, 2043 тонна овощазул, 1620 тонна пихъил, 621 тонна цIолбол.

ХIадурана 24744 тонна харил ва 13968 тонна сумал.

ГIи-боцIухъанлъиялда буго 9678 бетIер (гьездаса 6319 гIака) чIегIербоцIул ва 67896 бетIер (55204 чахъу) гIи-цIцIаназул.

*ГIабаш ГIАБАШИЛОВ*

# Дур шигIрабазул авал авар мацIалъ цIунила

**Бищун берцинаб буго магIардаса тIураб тIегь,**
**МагIил щуб тIад рещтIараб, шигIру рокьул цIунараб.**
**Бищун гIакъилаб буго магIарухъ гIураб рагIи –**
**ГIадаталъ гIамал ккураб, гIамалалъ гIадат ккураб.**

*М. АХIМАДОВ*



МухIамад АхIмадов - 19 соналъ Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъе нухмалъи гьабурав, Дагъистаналъул Халкъияв шагIир. Гьаб ахираб заманалда чанго нухалда хъванги букIана гьесул хIакъалъулъ газеталда. Гьавураб къоялде ракIалде щвезабуна гьесул шигIру. Цинги тIобитIана гьесул шигIрабазул байрам Поэзиялъул театралдаги. Гьенир гIахьаллъана Дагъистаналъул миллиял мацIазда хъвадарулел шагIирзабиги хъвадарухъабиги. Гьединлъидал тадбир тIобитIана гIурус мацIалда. Ва нижедаги ракIалде ккана «ШагIир херлъуларо, шагIир холаро» проект гьаб нухалда гьесул гIумруялъеги творчествоялъеги сайгъат гьабизе.

Цо нухалда Хунзахъ районалъе «Россиялъул бищунго литературияб район» абураб цIар кьезе Россиялдаса шагIирзаби ва хъвадарухъабигун цадахъ щвана Хунзахъе. Гьенибго рагIи кьуна Хунзахъ районалдаса гIолохъанай шагIиралъе. Гьелъ кучIдул рикIкIана гIурус мацIалда. Ва шагIирасул гьурмаде рехана пашманлъи. Унго-унголъунги, гьаниргийищха гьечIел рахьдал мацIалда хъвадарулел гIолохъанал шагIирзабийиланги абун, угьун биччана МухIамадица.

Дандеруссин тIобитIана 28 ноябралда МахIачхъалаялда, Р. ХIамзатовасул цIаралда бугеб миллияб библиотекаялда. Гьенире дандельун рукIана магIарул шагIирзаби ва хъвадарухъаби, журналистал, шагьаралъул школазул учительзаби ва цIалдохъаби, Гъуниб районалдаса гьалбал ва кочIохъаби.

Тадбир нухда бачана Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъул авар секциялъул нухмалъулев МухIамад МухIамадовас. Гьес гIатIидго бицана шагIирасул гIумруялъул ва творчествоялъул хIакъалъулъ.

*- Гьев дие вукIана гIицIго шагIир гуревги, кинаlго урхъелал рикьулев гьудуллъунги. Гьев камидал, дагьабги бичIчIана дида гьесул борхалъиялъул багьа. Жакъаги гIолев гьечIо гьев дие. ЗахIматго унтун Москваялда больницаялда вегун вугеб мехалдагицин, миллаталъулги мацIалъулги букIинеселъул пикрабазда вукIунаан гьев. Россиялъул шагIирзабаз гьесул цIар рикIкIуна дунялалъул адабияталъулго классиказда гьоркьоб,* - илан абуна гьес.

Дагъистаналъул Халкъияв шагIир МухIамад ХIамзаевасги ракIалде щвезаруна АхIмадовгун цадахъ рукIарал гIолохъанлъиялъул талихIал лахIзатал:

*- Дир творчествоялъулаб гIумруялъулъ цIакъ гвангъарал лъалкIал тана дол лахIазатаз. МахIачхъалаялда цIалулев вугеб мехалда, дица ккураб гьитIинабго рокъор зама-заманалдасан дандельулаан дунги, МухIамад АхIмадовги, ГIумархIажи Шахтамановги, ЖабрагIил ХIасановги. «Поэзиялъул рукъ» абун цIарги лъун букIана гьелда нижеца. Гьенир цIалулан нижеца нижерго цIиял кучIдул, гьенирго рижаралги рукIана кучIдул. Цо-цо мехалда гьадинги хъвалаан кучIдул:*

*- Масала, тIоцесеб мухъ – МухIамадица, кIиабилеб мухъ – ГIумархIажица, лъабабилеб мухъ – ЖабрагIилица, ункъабилеб – дица. Чанги хутIулаан сордо бащалъизегIанги, поэзиялъул бицунел. ГьитIинабго дир рокъоб рогьине ккеларищха сордоги. ГьитIинабго диванги битIизабун, ункъалго регулаан гьенир. БакIги къваридаб ракIалги гIатIидаб заман букIана,* - ян бицана гьес.

ШагIир хун хадув, жинцаго гьесде гьабураб кечIги рикIкIана М. ХIамзаевас.

Гьединго шагIирасул творчествоялъул бицарал кIалъаял гьаруна Шамил МухIидиновас, МухIамад ХIасановас, ХIамзалав ХIамзаловас, АсхIабгIали ХIасановас, ХIабиб Давудовас, Дагъистаналъул Халкъияй шагIир Сабигат МухIамадовалъ, Гъуниб районалъул бетIерасул заместитель Заур МухIамадовас, «Гъуниб» газеталъул редактор МухIамад Къебедовас, Авар театралъул директор МухIамад БисавгIалиевас, Къурбан КIулизановас, росуцояв ГIалибег ГIалибеговас ва цогидазги. Гьез рикIкIана шагIирасул кучIдулги.

Халкъияв шагIирасул шигIрабазул байрамалда гIахьаллъана гьесул рагIабазда кучIдул ахIулел артисталги. Гьезда гьоркьорги рукIана Дагъистаналъул Халкъиял артистал МухIамадтIамир Синдикъов ва ГIабдула МухIамадмирзоев, Даку ХIажиев, Гъуниб районалдаса Ирайгьанат МухIамадовалъ ва КъурамухIамад Садикъовас, Хунзахъ районалдаса АхIсарат ХIайбулаевалгун Чаран СултIанбегова. Аргъаналда бакънал рачана Дагъистаналъул искусствоялъул мустахIикъав хIаракатчи АхIмад ГIамирхановас.

Тадбиралъе байбихьи ва ахир лъуна киназдаго лъалеб шагIирасул **«Чабхил кIкIалахъан кIанцIун…»** абураб кечIалъ.

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА,*
*Суратал Г. ГЕБЕКОВАСУЛ*



«Муи, рос вукIаго, рокьул къоралай». АхIулеб буго кечI АхIсарат ХIайбулаевалъ

## КъатIраби

Ургъелазул гъапудухъ
Гъапуллъун хутIаравго,
Гьаргъар базе гьабула
Зобалазул гьаракьалъ.

Гьардарас кьураб гIечIев
Гьардухъанлъун лъугьуна,
ГьацIул гьуинлъи гIечIес
ЧIабатI чIамизе ккола.

* * *

ЦIудул бусада гьеду
Гьалмагъиралда буго
ГьанцIизе гьабула ракI -
БакI бихьулищ нилъ ккараб?

Булбулалъул къавуда
Къадкил бакъан рагIула,-
ГIумруялда кинабго
Бегунисан чIван буго.

* * *

ТалихIалъул хIухьелалъ
ХIалбихьула чиясул,-
Чиякълъиялъул чодул
Чангит кквезе ккогеги.

ЧIаго вугебгIан мехалъ,
ЧIаго таги ракьалда,
Ракьалде иналдего,
Дунялалда хвечIого.

* * *

Йохъ, гьунаралъул къимат
Гьунар бугез гьабичIо.
Гьунар гьечIел рукIуна
РакIарун гьелда сверун.

Реццалъул перелоги
Пайда гьечIеб жо буго.
Гьелъ гьунар лъадаричIо,
Лъама гьабун гурони.

* * *

Дирги цIар цIорозе
Буго зонода,
Дирго цIва хутIизе
Буго Гьонода.

Дагъистан – мугIрузул
Борхатаб гъуни.
Махил гъветIлъун чIела
Дирги кечI Гъуниб.

* * *

ЦIунизе кколебщинаб
ЦIунизе кIвезе ккола,
ЦIумаз борхалъи гIадин,
ГIумруялда бакIги ккун.

Бокьизе кколебщинаб
Бокьизе кIвезе ккола,
ЦIвабзаз зобазда гIадин,
Заманалда тIанкIги лъун.

* * *

Черхалда чангит бани,
Чанги чи хвасарлъула.
Чорхол чаран чучлъани,
Чанги балагь рещтIуна.

РухIалъул борхалъуде
Бахуна гIицIго гIамал,
ГIадамал гIадамаллъун
Гьарула хасияталъ.

* * *

Чу кодой щваравщинав
ЧотIахъан вахъун вуго,
ЧотIахъан вукIарасул
РекIине чуцин гьечIо

Рекъасул рилълъин беццун,
Беццасул канлъи беццун,
Мекъасул гIамал беццун,
ГIадамал лъугIун руго.

* * *

Мискинасда кодоса
Чадил кесекги бикъун,
Цогидав мискинасе
Садакъа кьей щиб кколеб?

Лъимадухъа бахъараб
ХинкI херас кинан квинеб?
Херасухъа бахъараб
Лъималаз кин чIамилеб?

*МухIамад АХIМАДОВ*

# Щиб жо кколеб хвел?

**Цебего ракIалда букIана гьаб макъала хъвазе. БатIи-батIияб гIиллаби ратун, хъваларин чIаниги, рекIелъ бухъардулеб букIана гьеб.**

**Нилъ хIинкъула хваликьа – доба букIине бугеб жо лъиданиги лъаларелъулха. Доб дунял кигIан балъгоябин нилъеда кканиги, гьелъул цIех-рехал гьарулел гIалимзабиги руго. Макъала хъвазе дун гьесизаюна гьединал гIалимзабазул пикраби цIалараб мехалда. Гьел гIалимзабаз абулеб буго, хвалил хIакъалъулъ пикру хисизе бугила гьаб нилъеца гIумру гьабулеб бугеб гIасруялдагоян абун. ГIадамазул рекIелъ хутIизе гьечIила хвалил хIинкъиги – «доб дуняласлдаса тIадруссарал гIадамаз» абулеб бугила, даимаб дунял кутакалда берцинабги санагIатабги бугилан абун.**

**Гьеб пикру тасдикъ гьабуна цо чанго соналъ цебе ккараб дандчIваялда. Редакциялъул тIадкъаялда рекъон дун ана магIарул газеталъул бетIерав редакторлъун гIемерал соназ хIалтIарав ХIажи ГIариповасул ясалъухъе. Инсул хIакъалъулъ гьелъул ракIалдещвеял рехсараб макъалаги бахъана газеталда. Гара-чIварулаго, Хадижатица бицана жиндирго гIумруялъул хIакъалъулъги.**



## Хадижатил хабар

Дун йиго доб дунялги бихьун, гьениса тIадюссарай гIадан.

Гьеб букIана дица вас гьавураб заман. ЗахIматго лъимерги гьабун, гIемераб заманалъ кIотун йикIун йиго дун (комаялда). Дир инсуцаги гIагарлъиялъги кIиго моцI бан буго, больницаялъул гордухъ чIун. БетIергьанчиясда абулеб букIун буго, дида лъурал аппаратал нахъе рахъизе ихтияр кьеян, чIаго хутIаниги, дир пайдаго букIине гьечIин абун. Амма я бетIергьанчи, я эмен гьелда разилъун гьечIо ва Аллагьас хIухьел къотIизабизегIан теян абун буго.

Гьедин букIун буго гьаб дунялалда. Дунини абуни йикIана доб дунялалда. Гьениб батана гвангъараб бакъги, гьаб дунялалда жеги рихьичIел кьер-кьерал тIугьдулги, гьайбатал бакънал рачунел хIанчIиги. Дида лъаларо, кисан дун гьение ккараяли, амма ракIалда буго, балагьун бер гIорцIулареб берцинлъиялъул майданалда эхетарал гIадамаз дида дандчIвай гьабурабльи. Гьенир ругоан дида лъалелги лъаларелги чагIи. Ятана дир якьад, вакьадасул эбел, росасул яцгIал. Ругоан цогидалги.

Гьез киназго кутакалда разиго къабул гьаюна дун. Сверун ккуна, дир берцинлъиялъул, хIалимлъихIеренлъиялъул хIакъалъулъ бицун, хIайранлъана. КигIан лъикI мун нижехъе ячIараянги абун, байбихьана ракьалда хутIараб жидерго гIагарлъиялъул цIех-рех гьабизе. Дицаги гьезда бицунеб букIана дида лъалебщинаб жо. Росасул яцгIалалъги цIехана жиндирго хьизам-лъималазул хIакъалъулъ. Бищун гьитIинав васасул (гьев гьавулаго, къадаралде щвана гьей) хIакъалъулъ бицине дун лъугьиндал, гьелъ дун чIезаюна. «Гьесул бицине ккеларо. Дун щибаб къойил щола гьесухъе ва дида кинабго лъала», - ян абуна гьелъ. Гьазда-дозда гаргадулаго, кигIан заман арабали, дида лъаларо. Росасул яцгIал ячIунаан мехмехалда дида квал базе, кигIан лъикI мун ячIарай, ургъел чучанин, цIияй харбалги лъанин абун.

Гьедин рукIаго, бахъана залимаб гьаракь. Гьеб рагIулеб букIана зодосан. Щай зодосанин дида ккараб? Щайгурелъул, гьаракь рагIидал, дида бетIер эхеде борхана ва зодое ялагьана. Гьениб дида бихьана гвангъараб, бакъул нуралдасаги азарцIул берцинаб канлъиялъул кIудияб гор. Гьелда сверухъ букIана ракI хIинкъизабулеб бецIлъи. Гьеб гвангъараб горалда жанисан рагIулеб бугин кколаан доб гьаракьги. Ралагьана зодоре дида аскIор рукIарал руччабиги. «Гьелъул заман лъугIулеб буго. Йиччан те гьей. Гьей тIадюссине ккола рокъое!» - ян абуна гьеб гьаркьица. Валлагьги биллагьги йиччаларин киенигиян абун, дида хурхун чIана росасул яцгIал. Гьеб мехалда дун гьелдаса ятIа гьайизе лъугьана вакьадасул эбел. «Йиччанте гьей, гьелъул вас вуго дова хутIун, гьитIинав чи. Эбел гьечIого, бесдаллъиялъул кваралльи баччизабуге мунагь гьечIеб лъимералда!» - ян абулеб букIана кIудияй гIаданалъ. «Кинаб лъимер? Дир лъабго гурони лъимерго гьечIо. Гьев дуца абулев вас дир лъимер батуларо. Дуца бицунеб щиб, эбел?» - ан чIана дунги.

БитIараб бицани, доб дунялалъул гьайбатлъи тезе бокьунго букIинчIо дие. КIодоца бицунеб лъимерги ракIалдего щолеб букIинчIо. Дица рехсана рокъоб тараб лъабго лъимадул цIар. КIодоца абулеб букIана, жеги эбелалъул каранзул рахь хахичIев васасда гурхIа, дир яс, тIадюсса рокъоеян абун.

БитIараб бицани, доб дунялалъул гьайбатлъи тезе бокьунго букIинчIо дие. КIодоца бицунеб лъимерги ракIалдего щолеб букIинчIо. Дица рехсана рокъоб тараб лъабго лъимадул цIар. КIодоца абулеб букIана, жеги эбелалъул каранзул рахь хахичIев васасда гурхIа, дир яс, тIадюсса рокъоеян абун.

Гьедин дагIбадилел ниж рукIаго, нахъеги бахъана добго гьаракь: «Хехлъи гьабе, заман унеб буго. ГIедегIе рокъое!» - ян буюрана гьаракьалъ. Гьеб мехалдаги ялагьана дун зодое – доб гор гьитIинлъулеб бихьана. Гьелъул сверухълъиги лахIчIегIерлъун, балагьизе хIинкъараб хIалалда лъугьун бугоан. Гьеб параялъго йоржана дун горалдехун. Лъаларо, кин йоржине кIвараб – дида куркьбал гьун рукIанин ккола. Унго-унгояб хIинчIалъ гIадин, кверalги хьвагIулаго, эхеде яхуней йикIана дун. Дун горалде гIагарлъараб мехалда, гьеб цIакъго гьитIинлъун, дун жание гьунаредухъ лъугьун батана. Дица горалда жанибе бегьана, цоцада огъохъаталги цвизарун, кIиябго квер ва рахъ-рахъалде цуна горалъул рагIалал. Ахирги йорчIана жание ва рагьана берал.

Рагьарабго параялъ рукIахъе къанщана дица гьел. Дие бокьичIо беразда цебе батараб сурат: гIазухъахIаб сверухълъиги ракIцин гIунизабулеб цIоройги. Дие бокьун букIана доб гьайбатаб дунялалде тIадюссине! Лъималги, рукъги, гIагарлъиги – гьеб кинабго кIоченабуна дида доба батун букIараб хIикматаб тIабигIаталъги аваданаб ва рекIее парахалъи кьолеб хIакъикъаталъги. Дун гIащикълъун йикIана тIадюссине…

- Хадижат, Хадижат, рагIулищ дуда дир гьаракь? Тохтур, гьай лъавуде ячIана! Гьалъ берал рагьун рукIана! - ян гьаракь рагIана дида.

Дица берал рагьидал бихьараб сурат букIун буго реанимациялъул палата. ГIазуян дида ккараб жо букIун буго дида сверухъ эхетарал тохтурзабазул хьахIал халгIатал. ГIагарав чи-тохтурасул гьаракьалъ дун тIубанго тIадюссинаюна гьаб дунялалде.

Гьелдаса нахъе ана лъебергоялдаса цIикIкIун сон. Амма дир бераздa цебе жакъаги буго доб дунялалъул камиллъи ва жакъаги гьира буго гьение тIадюссине.

## ГIелмиял цIех-рехазул хIасил

Араб гIасруялъул 70-абилел соназдаго реанимациялда хIалтIулел тохтурзабаз хъвалел рукIана «доб дунялалдаса тIадруссинарурал» унтараз загьир гьарурал пикраби. Гьез киназго рехсолел ругоан киназего гIаммал хIужаби.

1. РухIалда бичIчIулеб гьечIо жиб къаркъалаялдаса батIалъараблъи. Гьединлъидал гьелъ гIажаиблъи гьабула жиндирго къаркъала бихьидал. ГIемерисеб мехалда рухIалъ хIаракат бахъула тохтурасда малъаризе, жибги аскIоб бугеблъи гьесда загьир гьабизе. Лъавуде рачIун хадуб, жидер къаркъалаялъе гьабулеб букIараб жоги (уколал, капельницаби, аскIор рукIарал гIагарал чагIи гIоди ва гь.ц.) мухIканго бицунаан хваликьа рорчIарал гIадамаз.

2. Доб дунялалъул хIикмалъиялъул хIакъалъулъ бицине рагIаби ратуларо гьезда. ГIадатиял рагIабаздалъун бицун бажаруларeб гьайбатаб дунял бугилан абула.

3. Доб дунялалде щваралго, жидер ракIазе кутакаб парахалъи щун букIиндал, цIидасан гьаб дунялалде тIадруссине гьираго букIинчIин бицуна унтараз. Жал тIадагьлъун, гьаваялда роржанхъулел рукIанила дора ва, хьухьал гIадин, риун тIагIанила киналго ургъелал-кваралъаби.

4. Хвалилъ рукIаго, цо-цоязда рагIулел рукIун руго рокьукъал гьаркьал: наязул гIадаб зузуй, гIергIеди, кIетIари, гьорол гIадаб гьещтIей; цогидазда, гьелъул гIаксалда, гIажаибаб макъан.

5. Хвалдаса борчIиялъе доваса тIадвуссарав щивав чиясул рухIалъ кутакаб хехлъиялда бахине ккун буго бецIлъиялъ сверун ккураб гвангъараб канлъиялъул гор. Гьеб бецIлъиялда гьоркьоб бугеб гвангъараб канлъиялъ жидер берал я бецлъизаричIин, я унтизаричIинги бицана гьез.

6. Доб дунялалда букIаго, рухIалда лъалеб гьечIоан кванил тIагIам, хинлъи-квач, чIвалеб гьечIо махI, амма кутакалда лъикI рагIулеб буго бицунеб жо ва бихьулеб буго сверухълъи.

7. РухIазда «рихьун руго» цогидал рухIал. Цояз гьел мукIур гьарулел рукIун руго жидедаго аскIор чIезе ва цогидаз, «гьаниве вачIине дуе заман жеги щун гьечIинги» абун, кумек гьабулеб букIун буго дунялалде тIадруссиналъе. ДандчIварал рухIазул гIемерисел рукIуна гIагарал чагIи, амма ккана киданиги дандчIвачIел гIадамал рихьиялъул хIужабиги.

8. Доб дунял бихьарав щивав чиясул ракIчIола доба лъугьа-бахъараб хIакъикъат уяб букIиналда ва гьеб бихьичIев чи гьелда божизавизе захIмалъулин абула.

9. Къаркъалаялдаса батIалъарал рухIазул батIи-батIияб хасият букIуна. Цоязе бокьула хехго къаркъалагун цолъизе, цогидал, рикIкIадасан жалго жидехъго балагьидал, хIинкъула ва лъабабилезе кутакалда хиралъула доб гIумру: «Дун холей йикIана, амма гьеб букIана хIикматаб лахIзат!» - ан абула гьединаз.

10. Къаркъалаялдаса батIалъун дагьабниги заман доб дунялалда бараб рухI хваликьа хIинкъуларо. Гьеб божула жиб тIадбуссинабунин гьаб дунялалда жинда тIадаб иш гьабун бахъинабиялъул мурадалдаян абураб жоялда.

***Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА***

# НахъбакIалде сапар. Цо-цо дандчIваял

**Шагьар чIалгIун гьечIищ, тIабигIаталде къватIире рахъун лъикIилан гьудул-гьалмагъ, алмахъав ХIажимухIамадов ХIажимухIамадица ахIун бачIун, гьезул мухъалде, Салатавиялде сапар бухьана нижеца.**

**МахIачхъалаялдаса къватIире рахъаралдаса тIупун тIад лъун букIараб руччулнакIкI Хасавюрталдаса Казбекалде унаго, дагь-дагькkун бигь-бигьун тIагIун ана. Нижер сапар букIана Алмахъалде. Ленинаул тарабго, Ахъташ лъарал рагIалда бугеб танкел ккараб бакIалда тархъана ниж (щаялиго гьеб бакIалда Ахъташалъул хIамамалин абула).**

**Алмахъал, вацал Карамудин ва Изамудин Атаеваз гьениб бан буго туристазе хIухьбахъиялъе киналго шартIал ругеб база. АскIобго буго гьобоги. Сверухълъиялдасанго гIадамал рачIунел руго гьеб гьабихъе. Ниж гьенире щвараб къоялъ, урба ххине рачIун ратана Гьагьалъа рослъади. Гьелдаса рикIкIад гьечIеб бакIалда буго кIудияб спортивиябгун сахлъизариялъул комплексги.**

## Калининаулалда

Калининаулалдасан унаго, пикру ккана магIарул газеталъул церегосел гьудулзабазухъеги раккизе.

ТIоцеве нижеца цIехана **АхIмадпаша Хайрулаев**. ГIумруялъул со-



АхIмадпаша Хайрулаев.

нал ункъойилъа аниги, лъикIаб кьартIалда вугоан гьев. Цебего бихьараб совхозалъул хутIараб техникаги цогидабги цIунун гаражалда хьаравуллъун ватана гьев. БачIинахъего гьес абуна, колхозал, совхозал рихxи цIакъ мекъаб жо букIанилан, гьеб букIанила кIудияб гьалатI.

КIудияб ВатIаниияб рагъул заманалде лъимерлъи ккарав гьеса гIемераб гIакъуба-кьварилъи бихьун буго. АхIмадпашахъ камураб махщел-гьунарго букIун гьечIо: художник, цIулал, махххул устар, газеталъул мухбир, музыкант, шагIир. Алмахъазул художествияб хIаракатчилъиялда гьев вукIана кидагосев гIахьалчи.

Росулъ тIоритIарал культуриял лъугьа-бахъиназул гIаммаб магIишаталда бугеб ахIвал-хIалалъул бицун гьес макъалаби хъвана «БагIараб байрахъалде». Гьесул эмен Хайрула Динаевги вукIун вуго гьунар бугев кочIохъан. Бицана, гьес кечI ахIани, гIиялъажо хьолеб букIанилан.

А. Хайрулаевасул кучIдулги цогидал жанралги гьоркьоре рачарал «Дир гIагараб Алмахъ» абураб анлънусго гьумер бугеб тIехь къватIибе бачIана дагьаб цебегIан. Гьанже гьев тIаделъун вуго кIиабилебги тIехь къватIибе биччаялда тIад.

АхIмадпашалгун къо-лъикIги гьабун, ниж ана Калининаулалъул тIасияб авалалде, Насир Басировасухъе. ГIумруялъул ригь 94 соналде сверулеб бугониги, хьизангун цадахъ, жалго жидецаго тIуран параxатаб яшавалда ругоан гьел. Гьев вукIана цевегоялдаса нахъе магIарул газеталъул жигарав мухбир. 1948 соналда «МагIарул большевик» газеталда бахьун букIун буго гьесул тIоцебесеб макъала.

**Н. Басировас бицана:**

*- Рагъул заманалдаги киналго-*



Насир Басировас

*язде гIунтIун колхозниказ хъвалаан «МагIарул большевик» газета. ГьатIан къоялъ хутIизегIан, щибаб къоялъ алхинчIого бачIунаан газета. ХIамаги бачун Буртунаялде унаан почтальон поч босизе. Хасалихъе кьолаан подпискаялъухъ гIарацги. АнцIила цо сон барав чи вукIана дун КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьараб мехалъ. ГIумру гьабун букIана отаралда. 46 отар-кули букIана алмахъазул. Щибалда рукIана жидерго гIаммал магIишатал. Рагъул заманалда рахчарал хъачагъал гIемерлъун рукIана. Гьезул чIей букIанин абулаан мадугьалихъ бугеб чачаназул Мажари росдал рохьазда, нохъабазда. Гьезда гьоркьор рукIана, чачанал гурелги, магIарулалги цогидалги. хъачагъаз гIаммаб магIишатазулги гIадамазул жалго бетIергьаналги гIи-боцIи, мал-мулк пасат гьабулаан.*

*Партиялъулгун советиял хIалтIухъабаздаги хадур чIун рукIана хъачагъал. КIудияб ахIи бахьун букIана хъачагъаз партиялъул Хасавюрт райкомалъул тIоцевесев секретарь Лукин чIвараб мехалъ. Гьезде дандe хIалуцараб къеркьей гьабулеб букIана истребительниял батальоназ.*

*Гьеб заманалда хехаб къагIидаялда отаразде рикьун рукIарал алмахъал ункъо бакIалде цолъизаруна ва ункъо колхоз гIуцIана,* - ян.

Насирил гIумруго ун буго мугIалимлъиялда. Хасавюртalда педучилище лъугIун хадув хIалтIана Калининаулалда учительлъун. Цинги цIализе лъугьана Дагъпединститутальул физикаялъулгун математикаялъул факультеталде. ЦIали лъугIидал, тIадвуссана гIагараб школалде. Н. Басиров ккола алмахъазул тIадегIанаб лъай щваразул тIоцересезул цоявлъун.

Н. Басиров гьанже нахъалъизегIан хъвадарулев вукIана магIарул газеталде. Гьесда ракIалда ругоан, «МагIарул большевикалда», хадур «БагIараб Байрахъалда» хIалтIулел рукIарал журналистал. Хасго рекIелъ кIудияб хинлъигун гьес ракIалде



ХIажимухIамад ХIажимухIамадов

щвезавуна «ХIакъикъаталъ» кIудияб газета биччалеб мехалъ гьелъие нухмалъи гьабулев вукIарав мунагьал чураяв МухIамадсултIан Шахтаманов. Насир ккола «ГIумрудул сухъмахъазда» абураб тIехьалъул авторги.

Гьел лъикIал гIадамазулгун къолъикIги гьабун, Калининаулалдаса гIодорехун сверун, Ахъташ лъарал рагIалчIван ниж Алмахъалдехун унеб нухде сверана. Нух бугоан гIатIидаб, гьабсагIат тIуниги хьил тIезе бегьулеб хIалалда. Цебе Алмахъалде шагьранух букIана Дилималдасан, Буртунаялдасан. Ниж унеб нух букIана цебе букIараб нухалдаса гIемерго кьокьаб. 2000 соналдаса хадуб бахьун буго гьеб.

## Гьайли майдан

Алмахъалде щвезе дагьабго манзил хутIидал, ниж щвана, абухъего, авал-ахир бихьулареб гIадинаб гIатIидаб авлахъалде. Советияб гIуцIиялъул заманалда гьениб букIун буго Алмахъ зверосовхозалъул норкаби, нутрияl хьихьулеб, союзалдаго машгьураб ферма. Гьеб иш рехун тараб гIадин, чIунтун руго гьезие ран рукIарал бокьал, магIишаталъе кумекалъулал рукъзал. Бегьилаан гьанже цо щибниги пайдаялъе гьел къачIани.

Гьебго заманалда, минаби разе планалги кьун, алмахъаз байбихьун буго гьениб минаби разе. КватIичIого цIубараб шагьаралда гIадал ритIарал къватIазул цIияб Алмахъ росу лъугьине батила гьениб.

## Алмахъ

Алмахъ росу буго сверун рохьазги мугIрузги ккураб, Ахъташ лъараде тIаде балагьараб эхерай бугеб танкалида. КватIараб хасалихълъиялъул гIуж букIаниги, Салатавиялъул Жавгьарин абулеб гьеб росдадаги сверухълъиялдаги свинчIого бугин ккола роол берцинлъиялъулги гьайбатлъиялъулги дангъва. КIудияб тарихги бугеб, тарихалда цIар тараб росу буго Алмахъ. Тарихалда гьелъул бицен батула XIV гIасруялдаго Алмахъ шагьар абун.

Рекъав Тимурица гIасиял рагъаздаса хадуб кверде босула ва чIунтизабула гьеб шагьар. Алмахъ абураб цIарги монголалгун татараз кьунин абулеб буго цо-цо краеведаз. Алмахъ абураб рагIул магIна кколеб буго «босизе кIвечIеб», «босизе кIолареб» абураб.

ШагIирас хъвавухъе, «МагIарухъе каву, лъаргIибе нуцIа» болнухда бугеб, некIсияб чилайдул нухги жанисан букIараб Алмахъ росдаца магIарул тарихалда ва гIумруялда бихьулеб лъалкI тана.

НахъбакIалъул боялда гьоркьоб алмахъал гIахьаллъана ГIандаллъиялда Надир-шагьасда данде рагъда. XIX гIасруялда эркенлъиялъе ва чияда рачIолъиялъе гIоло имам Шамилил бетIерлъиялда гьоркь унеб букIараб рагъда бищун хIаракатаб гIахьаллъи гьабурал росабазул цояб букIана Алмахъ.

Гьениса рукIана анцI-анцI имамасул муридалги, наибалги, рагъул церехъабиги. Хасго машгьурав вукIана имамасе хирияв, бахIарчияв Умалат наиб. Шамилица абурабилан бицуна «Алмахъал рагъул майданалда ругебгIан мехалъ кьалул майданалдаса нахъе унгеян».

Халкъ кIийиде бикьараб хIурияталъул ва граждан рагъул соназда кIиябго рахъалда рукIана алмахъалги.

КIудияб ВатIаниияб рагъда гIахьаллъун вуго 520 алмахъав. Рагъдаса тIадвуссинчIо 270 чи. ГьабсагIаталда Украиналда унеб бугеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъи гьа-



булеб буго 519 алмахъас.

Жакъа Алмахъ росулъ гІумру гьабулеб буго 500-гІан цІаракиялъ. Калининаулалда бащдалдаса цІикІкІараб росулъ алмахъал руго. Ленинаулалдаги бащдалде гІагарараб халкъ ккола алмахъал. Цогидал росабазул гІадамазго гІадин, алмахъаз гІумру гьабулеб буго Дилималда, Хасавюрталда, МахІачхъалаялда ва Дагъистаналъул цогидал районаздагун шагьаразда. Гьез бицухъе, алмахъазул гІаммаб къадар къоазаргоялдаса цІикІкІун буго.

## Тарихиял бакІал

Гъайли майданалда ва росулъе щолеб бакІалда руго Кавказалъул рагъда шагьидлъарал росуцоязул хобал. АхІулгохІдаса нахъе вачІунев имам Шамил хІухьбахъиялъе гІодов чІараб иццухъ (гьанже гьеб ицц гьечІо) лъун буго игІлан.

Росу ахада бугеб некІсияб мажгиталъул (гьанже къачІан буго) къадалъ лъун бугеб ганчІида гьабураб тарихалъухъ балагьани, мажгит бан буго Дербенталда мажгит бараб заманалда. Лъаларо гьелъул ритІухълъи тарихчагІаз мухІкан гьабизе ккела. Амма къадалъ бугеб тарихалъухъ балагьани, гьеб кколеб буго VIII гІасру.

Алмахъалда, Ахъташалъул рагІалда буго Шамилил гьобойин абулеб бакІги. Бицен буго, АхІулгохІдасан Чачаналде унев Шамилги гьесул къайицадахъалги Алмахъ росулъ рещтІани, хадур рачІунел гІурусаз гьезие зиян гьабизе бегьулин абун, росулъ чІечІого, гьабигьанасухъ рещтІун ругилан.

## Болъодухъ

Алмахъалдасан нижер сапар букІана Болъодухъ абулеб бакІалде. Гьенире унаго, квегІидехун нух бикьула тІанкІал ругел ритІучІал гІезарулеб машгьураб Алмахъ совхозалъул фермаялде ва гьенибго аскІоб бугеб спортивиябгун сахлъизариялъул базаялде. Нижер сапар жеги эхедехун букІана, ва ниж щвана Гумбет ва Болъихъ районазде унеб нухда (Хасавюрт-Кьохъ нухин абула гьелда) бугеб Болъодухъ абулеб борхалъиялде. Болъодухъ бакІ буго ХІаригабурлъиялде унеб нуха, МичІчІикІкІалахъе балагьараб борхалъиялда. Гьениса хъатинир лъурал гІадин рихьула алмахъазул, буртабазул жанирлъаби, Салатавиялъул цогидалги росабазул ракъал.

Лъида лъалареб ХІаригабурлъиялъулги МичІчІикІкІалалъулги хасало букІунеб согІаб хасият. Гьелъ хасало гІазу бан, гьури бахьун гІадамал нухда гІемер хутІулеб бакІ букІинги хІисабалде босун, гьениб бан буго нухда квалквал ккарал жанире лъугьине мажгит, рукъ, бачун буго лъим. АскІобго буго квачаразе цІа бакизе ричІун хІадурарал цІулал хІухьдул. Дагьал церегІан соназ гьеб кинабго букІинчІо.

Баркала сахал ва сахаватал чагІазе.

Гьеб борхалъиялдаса бихьулеб букІана Гумбет районалъул гІорхьодасан байбихьулеб Ахъташалъул лъим, Эшеха абулеб бакІалдасан Алмахъалде, Буртунаялде, Дилималде, Казбек районалъул цогидал росабалъе лъим бачине гьарулел ругел кІудияб хІалтІаби.

Гьеб баракатаб ва халкъалъе чара гьечІого хІажатаб иш алмахъаз байбихьун букІана. Гьанже хІукуматалъул кумекги щун, ватІиларо гьел рогІрахъан лъим росабалъе гьарзаго чвахулеб мех.

## МичІчІикІкІал

МичІчІикІкІалахъехун дир балагьи халлъарав сапарцояв, гІагараб ракь лъазабулев чи, ганчІида рухІ лъолин абулев махщелчи **МухІамад Сиражудиновас** бицана:



МухІамад Сиражудинов

*- «Советияб заманалда республикаялъул росдал магІишаталъул министрлъун, КПССалъул Дагъистан Обкомалъул секретарлъун вукІарав, мунагьал чураяв МухІамадтІагьир ГІабдулбасировасул хІаракаталдалъун МичІчІикІкІалахъ бан букІана чанго рехьен гІиязул жанибе унеб лъабго кІудияб бокьферма. МичІчІикІкІал буго гІи гочунеб ччобори. Гьава-бакъалъул цо хІалкколареб ХІаригабурлъухъе рахунаго ва гьенисан рачІунаго гьури-гІазу бахьун гІемер кколаан гІи-боцІиялъе, гІухьбузе, нухлулазе зарал ккарал хІужаби. Цо нухалъ гуро ХІаригабурлъухъ гьури-гІазу бахьун гІиял рехьаби фермабазде хъамизе ккарал. Нух къан букІиналъ машинабазда сапаралъ унелги лъалхъулаан гьенир. Гьенир ран рукІана гІухьби, цогидал чара къосарал рещтІине рукъзал, бачун букІана ток, лъим. МичІчІикІкІалахъ Дагъпотребсоюзалъ хас гьабун гІухьбузе рагьун букІана тукен. Бокьараб жо букІунаан тукада - кванил нигІматаздасан хьит-парталалде гІунтІун. Ниж унаан гьенире росулъ тукада гьечІеб жо босизе. Гьанже гьеб кинабго букІарабцин лъалеб лъалкІ хутІун гьечІо. КьанагІалъун руго гьениса гочунел гІиял рехьабиги»*, - ян.

М. Сиражудиновасул ахиралда абурал рагІабазул рахъалъ нижеца абила битІараб бугин гьебан. ГІиял рехьабиги дагьлъун руго, гІидратІогьолъ рукІарал мугІрулги чІахІиде сверун руго.

Дотация щвезейилан кагътида руго гІемерисел росабалъ гІадамазул «гІиял». Колхоз-совхозал рихххун гІуцІарал СПКязда, КФХязда гьечІо цебе гІадаб гІиял. Абулеб буго Дагъистаналда щуго миллионалдаса цІикІкІун къадар гІиял бугилан. Кир гьел ругел? Советияб заманалда республикаялда гІаммал магІишатазул ва жалго бетІергьанал гІадамазул ругелги малъун, гІиял къадар лъабго миллионгун бащдаб букІун буго. Гьеб гІияе хасалил мучІдул гІоларого ижараялъе росулаан Калмыкиялъул, Бакрессалъул ракь ва Азербайжаналъул Муган авлахъ. Гьанже гьелги нилъехъ гьечІо.

Киб хІебтІун бугеб щуго миллион гІи?

ХІасил, гьеб буго батІияб суал, гьелда тІадчІей гьабиларин.

## «Салатавия-Алмахъ» - тарих хъвалеб тІехь

2011 соналдаса нахъе гІагараб ракьалде рокьи цІикІкІарал ХІайбула Умаровасул, Динуч Динаевасул, ХІажимухІамад ХІажимухІамадовасул, СалихІ СалихІовасул хІаракаталдалъун щибаб моцІалъ къватІибе биччалеб буго «Салатавия-Алмахъ» абураб журнал. Жакъа къоялде къватІибе бачІун буго 145 номер. Гьел номеразда рахъарал материалазухъ ва макъалабазухъ балагьараб мехалда, абизе бегьула Алмахъ росдал цебесебги жакъасебги хъвараб тарихияб тІехь бугин гьебан. Журналазда хъвалеб буго цебесеб росдал тарихалъул, гьениса рахъарал машгьурал гІадамазул, гІадатиял захІматчагІазул, диниял церехъабазул, спортсменазул, КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчагІазул, Украинаялда унеб хасаб рагъул операциялда гІахьаллъулезул, росдал жакъасеб гІумруялъул ва гь.ц.

Абизе бегьула, магІарулазул цониги росу гьечІо гьедин хасаб журналги биччан, арабги бугебги цІехон лъазабун хІалтІи гьабулеб бакІилан. Гьеб буго наслабазе хутІулеб, наслабаз баркала кьолеб, тІаде гІолеб гІелалъе майилан кьолеб къиматаб сайгъат.




## Доктор Ватсонихъеги щвана

НахъбакІалде щварав чи «Бахьикъосалъул» эбелав автор Ватсонихъе ваккичІого нахъе ине къабулаб букІинчІо. Гьеб цІаралда гъоркь хъвадарулев чи кколаан Ленинаулалдаса алмахъав, НахъбакІалда цІар бугев Гьазиев ГІумарасхІабил вас, ДАССРалъул культураялъул мустахІикъав хІалтІухъан, СССРалъул Журналистазул союзалъул член ГІалиасхІаб ГІумарасхІабов.

Араб гІасруялъул 70-80-абилел соназда ГІ. ГІумарасхІабов вукІана «БагІараб байрахъалъул» машгьурав журналист. Байбихьуда гьев вукІана Казбек, Гумбет, ЦІияб Лак районазда хасав мухбирлъун. Чанги ахІи бахъинабурал, халкъалъе пайдаял, захІматчагІазул ихтиярал, ургъелал цІунун хъварал макъалаби рукІана гьесул рехсарал районазда.

Газеталъул бетІерав редактор, мунагьал чураяв ХІажи ГІариповас гьунар бугев мухбир хІисабалда ГІалиасхІаб редакциялде ахІана ва жавабияв секретарлъун тІамуна. Абулаан ХІажица гьев жиндирго бакІалде хІадурулев вугиланги. Гьеб бичІчІулаан коллективалдаги. Хадуб редактор вищулеб заманалда гьеб хъулухъ бокьарал гьалмагъзаби гІемерлъидал, гьезул цо-цоязул хІаязда хІалкъарав ГІалиасхІаб, рехун тун хІалтІигун, редакциялдаса нахъе ана.

Амма бихьулеб буго гІагараб газеталде гьесул бугеб рокьи. Гьес цІунун буго газеталъул щибаб номер. Нижееги пайдаял малъа-хъваял гьаруна гьес.

ГІ. ГІумарасхІабовас, хІалхьиялда вукІаниги, кІиго саламатаб тІехьги хъвана.

Гьоболлъиялъухъ гьесие баркала кьун, ниж сапаралдаса тІадруссана.

*Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ*

# СагIид-афандиясул тIоцевесев мугIалим



Якъубил ХIажияв гьавуна 1890 соналда ЧIикIаб росулъ, Якъубилги ПатIиматилги хъизамалда. Эбел-инсуца тIадчIун хIаракат бахъана васазе, ай ХIажиясеги МухIамадиеги лъикIаб тарбия кьезе ва исламияб лъай щвезабизе. Анкьго сон байдал росдал мадрасаялдеги кьуна гьел. ГьитIинго ХIажияв ватIалъана эбелалдаса ва ккана бесдал эбелалда цеве.

Мадрасаялда гьесда цадахъ цIалулев вукIана Гъазигъумекиса ГIабдулагь абулев вас. Мадрасаялда цIалулев нусгоялдаса цIикIкIун мутагIиласда гьоркьоса ХIажиявги тIаса вищун, ГIабдулагьица гьесда гьарула жинда цадахъ исламияб гIелму тIалаб гьабизе вилълъаян.

Вац МухIамад жеги гьитIинго вукIун, росулъго хутIула. Гьедин гьев ана ХIажимусахIажил мадрасаялде, Лак округалъул Къукни росулъе.

Гьенив цIалана Сайфулагь-къадиясул васазда цадахъ, ва гьелгун цадахъ ХIажиявги гIемер щолаан Сайфулагь-къадиясул рокъове.

Цо нухалъ Сайфулагь-къадияс жиндирго вас ХIусенида абула ХIажиясул нур тIибитIизе бугин Дагъистаналда ва гьеб тун къватIибгиян. Нужеца гьесул адаб-хIурмат гьабеян васиятги гьабула.

Гьелдаса хадуб гьев цIалана, ГIабдулагьгун цадахъ, Гъоркьа Гъазданущиб ва Сугъралъ росабалъ. ГIабдулагь накълулъула нагагьаб балагьги ккун. Хадуб, лъагIелгун бащдаб бана Хубар росулъ имамлъун вукIарав ЧIикIаса гIалим ТIагьир-хIажиясда цеве цIалулаго. Ахиралдаги цIалана Хубаралдаса гIалим Баймурзада цеве.

ХIажиясда гъваридго ва камилго лъалаан исламияб гIелмуялъул батIи-батIиял бутIаби: тафсир, хIадисал, мантIикъ, нахIви, сарф, балагъат, тассавуф, тажвид, фараиз (ирс бикьиялъул гIелму). Гьединго гьесда лъикI лъалаан философия, история, математика, астрономия.

Араб гIасруялъул 60-абилеб соналъул авалалда, МахIачхъалаялда, ДГУялъул историялъул факультеталда лъикI цIалулев вукIарав васас суал кьун буго годекIаниб, некIсияб тарихалъул темаялда тIасан. ХIажияс мухIканаб жавабги кьун буго. Жакъаги бицуна гьес жиндасаги лъикI лъалеб батанин гьесда дунялалъулго историяйилан абун.

ХIажиясда лъалаан магIарул гуребги, гIараб, парс, гIурус, турк, лъарагI, тумазул мацIал.

Гьелдаса хадув тумазул гIалим ИбрагьимхIажиясги гьарун, гьесул мадрасаялда ХIажияв хIалтIана лъагIелгун бащдаб соналъ Ставрополь краялъул МусахIаживал росулъ. Гьениса ХIажияв вачIана жиндирго росулъе.

1925 соналда ХIажияс ЧIикIаб рагьана мадраса ва гьенив цIалулев вукIана 45 мутагIил. Цогидал гIалимзабаздего гIадин, араб гIасруялъул 30-абилел соназ гьесдеги хIукуматалъул идарабаз тIадецуй гьабулеб букIана. Амма ТIадегIанав Аллагьас гьев цIунана.

КIудияб ВатIанияб рагъул заманалда ХIажияс гIахьаллъи гьабуна захIматалъул фронталда. Вац МухIамад ва хъизаналъул вац МухIамад КIудияб ВатIаналъул рагъдаса тIадруссинчIо.

ГIемерал гIалимзаби тIагIинарун хадуб, Якъубил ХIажиявги гьесул гьудул, гIалим ПатIал ХIажиявги ва устар МухIамадхIажиясул вас Мухтарги рукIана росдал гIадамал шаргIияб нухдасан рачунел чагIи. ХIажияв вукIана советиял законалги кьочIое росун, диниял чагIазул кьокъаги гIуцIун, мажгит рагьизелъун кьеркьолевги. Амма гьев мурадалде щвезе течIо.

60-абилел соназ ХIажияс, хIинкьичIого, исламияб гIелму малъулеб букIана жиндирго рокъоб. Гьеб малъана, масала, НухIасул МухIамадида, ХIабал ГIабдурахIманида, ХIасандибирида, Гертмаялдаса АбухIасанида ва ТIайпурида, ГIаркьухъа МухIамадида (Абав), Дарбишида, ГьитIинида, ГIаймакиса ГIалида, Дилималдаса Мусада ва гIемерал цогидазги. Гьесул рокъоса 6-8 мутагIил камураб заманго букIун батиларо.

1971 соналъул ахиралда СагIид-афандияс тIоцебе гIелму тIалаб гьабуна Якъубил ХIажиясухъа ва анкьго соналъ гIелму цIалана гьесда цебе.

Кинабго иш, хIалтIи гьес гьабулаан къвакIараб низамги чIезабун, истикъаматалда. Аварагасул суннат кквезе кидаго жигар бахъулаан. ГIумруялда жаниб суннатал какал рачIогоги течIо.

ТаравихIазул какал ралаан жамагIатги гьабун, рокъор. Рогьалил как базегIан, сардилъ тIадеги вахъун, 12 ракагIатги гьабун тагьажудалъул как балаан.

Рогьалил как балеб букIана хъизан-лъималгун цадахъ, жамагIатги гьабун. Как бан хадуб цIалулаан Къураналъул аятал, хадуб балаан Ишракъалъул кIиго ракагIат, ЗухIаялъул 8-10 ракагIат.

50-абилел соназда Севернияб Кавказалъул Динияб идараялъул муфтилъун вукIарав М. Къурбановас ХIажияв вачунев вукIана Буйнакскиялде, цадахъ хIалтIизе. Росуги жамагIатги рехун тезе бокьичIолъиялъ, гьес инкар гьабуна. Гьебго гIиллаялда бан гьев разилъичIо Хасавюрталде инеги, лъималазе дарс кьезе вачунев вукIараб мехалда.

ХIажиясул рукIана гIемерал лъимал. ГьитIинго гьелги хун нахъе хутIана лъабго васги кIиго ясги. Гьезиеги гьес кьуна берцинаб тарбия, исламияб лъай.

БетIербахъи гьабулеб букIана боцIипанзги хьихьун, хурги бекьун, тIагъралги рукьун. Гьесул лъикIал бухьенал рукIана Севернияб Кавказалъул Динияб идараялъул гIалимзабазулгун ва тумазул чIахIиял гIалимзаби - Кашкаев МухIамадилгун, Куттиев МухIамадилгун, Сиражудинилгун, лъарагIазул гIалимзаби Хизри-къадилгун, Пайзула-хIажилгун, Татам-къадилгун, УхIлиса ХIафиз-хIажилгун, Кьохъа СултIанмухIамадилгун. Зама-заманалда гьел ЧIикIареги рачIунаан захIматал суалал дандразе.

Гьес кутакалда кIвар кьолаан росулъе вагьабиязул гIаркьел биччангутIиялде. Цо-цо мекъи ккарав чи гьес кантIизеги гьавуна.

Нусго сонил ригьалдеги вахун, 1990 соналда накълулъана Якъубил ХIажияв.

***МуртазагIали ЯКЪУБОВ***

# КантIе, вацал

Ассаламу гIалайкум, хирияв бусурбаби,
Аллагьасул рахIмат-цIоб даим тIаде чвахаял.
ХIакъаб исламалъул нух нужее насиблъаял,
Ливаул хIамдалда гьоркь ХIабибгун рахIатлъаял.

ХIуджатул Исламина имамун Гъазалияс,
Гьев гурелги гIемерал чIахIиял имамзабаз
ГIелму тIалаб гьабулел тIалибиназул кьокъа,
Лъабго фиркъа бугилан якьинго бицун буго.

ТIоцебесеб фиркъаги гIелму тIалаб гьабулел,
Ислам чIунтизабизе, зулму гIемерлъиялъе,
Балагьал тIаде цIазе гIелму тIалаб гьабурал,
ГIуламау ссуиян сифат жидей гьабурал.

Аллагьас нилъ цIунаги гьезул балагьаздаса,
Къудратав БетIергьанас гьелги кантIизареги.
КIиабилеб кьокъаги, Аллагь гурхIун кантIаял,
Халкъалда гьоркьоб тIокIлъи тIалаб гьабун хьвадулел,

Бечедасе хIелулел, хIакимасе къулулел,
Язихъав мискин-пакъир берзукьго вихьуларел,
Гьурмахъ балан къотIулел нужер чарал хIукмабаз,
Чан иман загIипасул игIтикъад щущан араб.

Васвас къотIизабичIел нужер чIухIал жавабаз,
Вагьабияз хIеренго гудракье чан рачарал.
Бицунелда рекъечIеб нужер пиша-гIамалалъ,
Жагьилзабазул кьокъа мекъаб нухде чан ккараб.

ГIелмугIан жиб хирияб махлукъ бижун гьечIелъул,
Халкъалъе пайдаялъе хIалтIизабе гIелму-лъай.
Сагаялде гъуниги заз гурони кунареб,
ХIамида релълъун инсан вукIине рекъон бугищ!

Муфтият какиялъе бугьтанал ургьичIого,
Уммат цолъизабизе хIалкIвараб жигар бахъе.
Аллагьас кьураб гIелму балагьлъун сверилалде,
Тавбуги гьабун русса рижарав Халикъасде.

Лъабабилеб кьокъаги, гIелму тIалаб гьабулел,
Аллагь разилъи гуреб мурадгун макъсуд гьечIел,
ГIелмуялда рекъараб гIамал-тIабигIат бугел,
Исламалъул рацIцIалъи цIуниялда даимал.

Аллагьасул фурузал, ХIабибасул суннатал,
ТIагьаясул хIакъаб нух нилъелъ камил гьабулел.
Иман, Исламгун ИхIсан нилъей баян гьабулел,
ЦIаларабщинб гIелму цIалкIизе гьунар бугел.

Лъабабилеб кьокъалъун рукIине жигар бахъе,
Аллагь гурхIун рохаял тIолго мутагIилзаби,
Хьул буго, хирал вацал, РахIманасул цIобалде,
Нужедалъун цолъилин бикь-бикьараб гьаб уммат.

ГIалимасул хьибил кквe, чи ватIа гьавуларев,
ХIакъаб рагIи абизе кивго нахъе къаларев,
Магжилъ гуребин иман, рекIелъ жаниб букIунеб,
Бицунебгун гьабулеб дандеккве гIакълуялда.

Нилъер тIолго мунагьал, хатIаби, гIасилъаби,
Иман загIипаб къавмалъ муфтиясде рехула.
Нилъ сабаблъун муфтият какулел гIамалал тун,
ГIавамазе мисаллъун хьваде, диналъул вацал!

Иблисалъги нафсалъги цIадар гьезе чIечIого,
ЦIуне, хирияв вацал, исламалъул рацIцIалъи.
ЦохIо муфтиятalда хасаб амру гурелъул,
Ислам цебетIеялъе квербакъе, бусурбаби!

Квалквал гьабунгутIиги кумек кколин абураб,
СайидмухIаммад-хIажил рагIуе жаваб гьабе!
ГурхIа, Аллагь нижеда, чуре, Аллагь, мунагьал,
Гьафурун РахIимлъидал, рахIматал тIаде риччай,

Нижер устарзабазул даражаби тIокI гьаре,
ХIуснул хатиматги кьун хвалда ритIун ккезаре!

***МухIаммаднаби ГIАБДУЛАЕВ,***
***ТIелекь росу***



# Учительзабазул лъабго наслу



**ПатІимат МУХІАМАДОВА, Дагъистаналъул мустахІикъай учитель**

Ахиралде щолеб буго РФялъул президент Владимир Путинил бихьизабиялда рекъон Учителасул ва насихІатчиясул лъагІеллъун лъазабун букІараб сон.

ГІумруго учителасул махщалие кьурай ва лъай кьеялъул батІи-батІиял рахъазда хІалтІулел гІага-божаразул наслуялъул гІадан хІисабалда, гьаб сон лъугІилалде диеги бокьун буго цо-цоял ракІалде щвезаризе. Дир тухумалъул гІадамазги лъалкІ тана дирги мугІалимлъиялъул гІумруялъулъ.

XX гІасруялъул байбихьуда Хьаргаби районалъул ГІаймаки росдал гІадамазда ва цоги районаздаса рачІаразда гІараб гІелму малъулаан дир кІудияв эмен ИбнухІажарица. Жиндир мугІалимлъун эмен МухІамад вукІанин бицунаан кІудадаца. Гьесда цевеги, СугІаралъа ва цоги росабалъа гІалимзабазда цевеги цІаланин абулаан гьес.

ГІараб гІелму малъи гуребги, гІадамазда гьорлъ рукІа-рахьинеги, цогидазе квешлъи гьабичІого, сверухъ ругезеги тІабигІаталъеги пайдаялъе хІалтІизеги малъулаан гьес. ЛъикІлъи гьабурасеги лъикІлъи гьабе, квешлъи гьабурасеги лъикІлъи гьабеян букІана гьесул ахІи. РухІияб лъаялдего гІадин, светияб рахъалдеги кІвар кьолаан гьес. Математика ва гІурус мацІалъул дарсал лъикІ лъазарейин, гьел гІумруялда гІемер хІажалъулин абулаан ИбнухІажарица.

РакІалда руго, росдал гІадамалги ракІарун, лъикІаб-квешалъул бицун, гІакълаби кьун гьесда аскІор рарал сардал. РекІехъе лъалаан гьесда ЦІадаса ХІамзатил «ГІумруялъул дарсал», мисалал рачунаго гьениса мухъал рикІкІунаан гьес.

КІудадал анищ букІун буго щуялго лъималазул цоялниги мугІалимасул нухдасан ине.

Гьесул мурад тІубанин абизе бегьула кІудияй яс Багъжатица - гьелъ мугІалимлъиялъул нух тІаса бищана. Гьей ккола дир эбел. Цин Буйнакскиялъул Ясазул педучилищеги лъугІизабун, хадуй гьей цІалана Ясазул пединститутталдаги.

1962 соналдаса нахъе ГІаймаки росдал школалда директорлъун хІалтІана гьей.

Гьелъулгун къисмат цолъана гьебго школалда хІалтІулев вукІарав Зубаиров МухІамадилгун. КІудияб ВатІанияб рагъул гІахьалчи, гІемерал медалазулгун орденазул кавалер ккола нижер эмен. Хехго гІумруялдаса ватІалъана гьев, ва эбелалъ гІезаруна рукІинесел мугІалимзабазул ирсилал. Лъабго яс, лъабайгоги мугІалимлъиялъул нухдасан ана. КІудияй яс Шумайсатица сахлъи цІуниялъул рахъ тІаса бищаниги, заманалдасан Буйнакскиялъул медучилищеялде дарсал кьезе ана. РакІбацІцІадаб хІалтІухъ «Сахлъи цІуниялъул мустахІикъай хІалтІухъан» абураб цІарги кьуна гьелъие. Шумайсатил вас Шамил ва нус Наираги ккола гьебго медучилищеялъул мугІалимзаби.

Гьоркьохъей яс ГІайшатил ДГПИялъул филологияб факультет лъугІана. Гьебго университеталъул «Управление ва право» факультеталъул деканасул заместитель ккола гьей. «РФялъул тІадегІанаб школалъул хІурматияй хІалтІухъан», педагогикияб хІалтІул ветеран ГІайшатил ясазул цоялъ - Мадинацаги лъугІана ДГПУялъул тарихалъул факультет. Цогидал лъималаз мугІалимасул нух тІаса бищичІо. Амма гІадамазе кумек-квербакъи щолел бакІазда хІалтІулел руго.

Багъжатил лъабабилей яс ПатІиматицаги лъугІизабуна ДГПУялъул химиялъулгун биологиялъул факультет. ХІалтІана школалда, профтехучилищеялда, ДРялъул батІи-батІиял вузазда, ДИРОялда (Дагъистаналъул лъайкьей цебетІезабиялъул институт) ва жакъа хІалтІулей йиго «Альтаир» абураб махщел цебетІезабиялъул централда методистлъун.

ГІемерал соназ лъай кьеялъул гІуцІабазда хІалтІаралъухъ ва ракІбацІцІадаб хъулухъалъухъ ПатІиматги мустахІикълъана «ДРялъул мустахІикъай учитель» ва «РФялъул НПОялъул хІурматияй хІалтІухъан» абурал цІаразе. ПатІиматил лъимал Зарема ва ТІалхІат ккола мугІалимлъиялъул махщалилал.

ИбнухІажарил хадусей яс ХІалиматил лъималги лъай кьеялъул нухдасан ана - хІалтІулел руго ясли-ахазда.

Гьесул вас МухІамадица сахлъи цІуни тІаса бищана, амма хьизан ГІайишат Малачиевалъ гІемерал соназ ГІаймаки росдал школалда математикаялъул дарсал кьолаан. Гьезул лъимал - ИбнухІажарица ва Индирица эбелалъул махщел тІаса бищана. Индира жакъаги МахІачхъалаялъул №11 гимназиялда ва РЦДОДИялда хІалтІулей йиго.



ИбнухІажар



Багъжат ясалгун

Соналдаса соналде цІикІкІана ИбнухІажарил наслуялъулъ учительзаби. Гьесул лъималазул лъимал жакъаги гІемерисел бачІунеб гІелалъе тарбия-лъай кьеялда хІалтІулел руго. ГІумруги гІемерисел ИбнухІажароваз бухьинабуна мугІалимлъиялъул нух тІаса бищаразулгун.

Гьаб буго дир эбелалъул рахъалдасан гІагарлъи. Инсул рахъалде раккани, гьенирги руго гІумру лъай кьеялъе кьураб гІагарлъи, яцгІалзаби, гьезул лъимал.

Гьанийго ракІалде щвезайизе ккола гІурус мацІалъул дир йикІарай учитель «ДРялъул мустахІикъай учитель Хадижат Малачиева.

Жеги гІемерал рехсезе бегьула нижер наслуялъулъ ругел мугІалимзаби. Руго нижеда гьорлъа камуралги, мустахІикъаб хІалхьиялда ругелги. Амма дида ккола щивав цІалдохъанасул рекІелъ бищун хинал ракІалдещвеял рукІинин гьезул хІакъалъулъ.

Тохтурзаби, инженерал, юристал - кинаб махщел тІаса бищаниги, ИбнухІажар-кІудил гІакълабиги малъа-хъваялги гІадахъ росичІого толаро гьез.



# Районалдаго цо вугев



Бокьараб больницаялда бищун хIажатав чи хирург вугин абуни, мекъи ккеларо. Щайгурелъул, кигIан гьитIинабги операция гьабизе кка-ни, бекараб, лъукъараб бакI бугониги гьесухъелъидалха кколел. Унтаразул талихIги буго кверги битIарав, иман-ги бажари-лъайги бугев хирурга-сухъе ккейги. Гьединав, хIажаталъув гIадамазеги ватулев, гьез къадру-къи-матги гьабулев, камилаб махщелги бу-гев хирург вугин абизе бегьула Магь-диев ГIумарасхIаб.

25-гIан сон буго гьесул Шамил ЦРБялда хIалтIулелдаса. Пикру гьа-бидал, расги бигьаяб хIалтIиги гьечIо хирургасул. Шагьаралда бихьизабу-раб заман букIуна, росабалъ цо ву-гев гьесул хIалтIуде ригь цIехечIого ахIула. Чанго сордо букIуна гьесул унтаразе гIоло сардал рогьине ккарал.

1987 соналда ХIебда росдал шко-ла лъугIидал, гьев цIализе лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб медин-ститутталде. Цо курс лъугIидал, ахIана армиялде ва, кIиго лъагIелалъ Бай-конуралда хъулухъги гьабун, 1993 соналда лъугIизабула институт.

Дагьалго моцIаз МВДялъул медсанчасталдаги хIалтIун, вачIана гIагараб районалде.

Хас гьабун гьеб махщел тIаса бищиялъе щиб гIилла ккарабилан гьикъи-дал, гьес гьадин бицана:

- Школалда 8 классалда цIалулеб мехалда дун цIакъ захIматго унтун вукIана. Гьеб мехалда дица нигатги гьабуна тохтурлъун вахьине. Хи-рурглъун вахьине ккани, гьеб махщел бокьизе ккола. Бокьарабги гIоларо, тIадчIун лъайги тIалаб гьабизе ккола. Институталда цIалулеб мехалдаги дун гIахьаллъулаан хирургиялъул кружоказда, машгьурал хирургазда ца-дахъ гьарулаан батIи-батIиял операциял.

ХIалтIуде лъугьун хадубги чанго нухалда ана махщел камиллъизаби-ялъул курсазде - травматологиялъул, лъималазул хирургиялъул, эндоско-пияб хирургиялъул. Щвана дие эндоскопиялъул сертификатги.

Цадахъ хIалтIулезул хIакъалъулъ цIехедал, Магьдиевас абуна хирур-гиялъул отделениялъул бугила гъункараб коллектив, хIалтIулила цадахъ рекъон. Гьезулин абуни вуго 21 чи.

Отделениялда буго 25 койка, гьезда гьоркьоса щуго койка ккола къад за-маналъул стационар (къад-къад регун, къаси рокъоре унел). Бищун гIемер гьаризе кколел операциязул цIехедал, гьес абуна бищун гIемер гьари-зе кколаанила беццаб бакъалъе операциял. Ахираб заманалдайин абуни гIемерлъун ругила кванирукъалда ругъун бугел, тIулал, ццидал унтаби ру-гел унтарал.

ЦохIо районалъул росабалъа гурелги унтарал рачIуна гьанире. Масала, ЛъаратIа, БежтIа, Гъуниб районазул цо-цо росабалъа. Райцентр федерали-яб нухда букIиналъги гIемер ккола автоавариязул хIасилалда гьенире кка-разеги операциял гьаризе. 2015 соналда хирургиялъул отделение бахъана цIияб, лъабтIалаяб минаялде. Гьелдаса нахъе микьго сон индал, капита-лияб ремонтги гьабулеб буго гьелъие. Амма цебе букIинчIо гьениб лифт, вентиляция гьабулеб оборудование. Гьанже гьеб кIиябго гьабизе бугин би-цана хирургас.



ГIумарасхIаб Магьдиевас бицана тохтур вукIине кколи-ла унтарасулгун хабар бицун хадуб гьесие бигьалъи лъугьи-набулевлъун. Гьаб заманалда тохтурасе чара гьечIеб жоги бугила, хасго гIолохъабазе, берцинаб гIамал-хасиятги гьваридаб лъайги.

Лъабгониги нухалда ГIу-марасхIаб вищун вукIана рай-собраниялде депутатлъунги. Жиндирго аслияб хIалтIуе квалквал кколеб букIиналъ тезе ккана гьеб.

Жакъа ГIумарасхIаб кко-ла районалъул медхIалтIу-хъабазул профсоюзалъул цевехъанги. Гьесул чIаголъи-ялдалъун тIоритIула гIемерал тадбирал. Материалияб кумек гьабула хIажатазе, хIалтIудаса нахъе унезе, къварилъиялде кказе.

Гьев ккола тIадегIанаб категориялъул тохтур, «ДРялъул мустахIикъав тохтур».

Гьесул буго мисалияб хъизамги. Лъади хIалтIулей йиго медсестралъун, цояв вас - медакадемияги лъугIун, стоматологлъун хIалтIулев вуго тахша-гьаралда, цогидав хIалтIулев вуго экономистлъун. Гьел кIиязулго хъиза-налги ккола медикал. Бищун гьитIинав вас школалда цIалулев вуго. Ин ша Аллагь, вахьина гьесулги эменго гIадав гIадамазе пайдаяв чи.

*Сайпула ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ*

## БАРКАЛАЯЛЪУЛ КАГЪАТ



Жидер ясалъе кумекалъе ватарав, З. А. Башляевалъул цIаралда бу-геб Москваялъул клиникияб боль-ницаялъул тохтур ИсмагIил ГIус-мановасе баркала кьеянги гьарун, МахIачхъалаялда гIумру гьабулеб пуланаб хъизамалъ редакциялде битIун бачIараб кагътида хъвалеб буго:

**«Ковидалдаса хадуй захIматго унтана нижер яс. Гьелъие ку-мек гьабеян гьарун, ниж щва-на МахIачхъалаялда хIалтIулел батIи-батIиял тохтурзабазухъе. Яс унтиялъе гIилла батулеб бу-кIинчIо. Гьез малъун гьабураб да-ру-сабабалъулги кумек ккечIо. Цоязул хIасилго ккечIо, цогидаз дараби гьарун хадуб хIал жеги захIмалъулеб букIана. Ахирги рес къотIарал нижеда малъана Москваялъул Тушино районалда бугеб лъималазул больницаялъул бетIерав тохтур ИсмагIил ГIусмановасухъе аян абун.**

**Ниж ана Москваялде. Берцинго къабул гьаруна, гьикъа-бакъарана, ясалъухъ балагьана, ахIун цогидал тохтурзабигун, гIуцIана конси-лиум. Кьезаруна анализал. Кинабго тIубазабуна хехаб заманалда. Яс егизаюна больницаялда. Тохтурзаби къасимехалдаги рукIунаан унта-разда аскIор, хIатта гьатIан къоялъцин. Отделениялда букIана кута-каб рацIцIалъи, щивас ракIбацIцIадго тIубазабулаан жинди-жиндир хIалтIи, чIезабун букIана гIадлу-низам.**

**Бокьун буго ИсмагIил ГIусмановасе кIудияб баркала кьезе – нижее гьабураб кумекалъухъги ясалъул тIалабалъухъги.**

**Медицинаялъул гIелмабазул доктор, профессор, Россиялъул мустахIикъав тохтур ИсмагIил ГIусманов ккола Гумбет районалъул МелъелтIаса. Ниж кутакалда рохана Дагъистаналда медицинаялъул лъай щварав гьев, гьединаб къадруялъул тохтурлъун вахьиналдаса. Гьединал гIадамаз кIодо гьабула Дагъистанги Россиягиги.**

**Аллагьас сахлъи кьеги гьесиеги хъизан-лъималазеги цадахъ хIалтIулезеги».**

*МахIачхъалаялдаса хъизам*

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

### Эндокринологалъул малъа-хъваял



**Жакъа нилъее малъа-хъваял гьа-рулел руго ДРялъул «Шагьаралъул клиникияб больница» ГБУялъул эндокринологиялъул отделения-лъул нухмалъулей Екатерина ГIази-зовалъ.**

Отделениялъул хIакъалъулъ бица-ни, гьеб хIалтIулеб буго 2010 соналда-са нахъе ва 60 чи сах гьавиялъе бакIги буго гьениб. Санайил отделениялъ къабул гьавула 1200-1500 унтарав.

Эндокринология ккола гормоназул бицунеб гIелму. Аслияб къагIидаялъ эндокринологас сах гьабула чакрил унти, щитовидная железа, мукъур ва гормоназда рарал цогидалги унтаби.

Гормоназул гIей-гIунгутIиялда ба-раб буго цогидал чорхол лугбазул хIалтIиги. РекIел, нервабазул, ква-нил, кьаралъи-хIалакълъиялъул ва гIемерал цогидал рахъазде щола гормоназул «гIаркьалаби».

Чакрил унти бугезул ва щитовидная железаялъул гIунгутIаби ругезул рукIуна гьадинал гIаламатал:

• кидаго лъим гьекъезе бокьи;
• кьаралъи-хIалакълъи;
• бидул тIадецуялъул хиса-баси;
• ччорбал унти, кидаго свакарал гIадин рукIин;
• макьил гIадлу хвей.



Гьел гIаламатазул цоябниги буго-ни, тохтур-эндокринологасухъе ине ккола.

ГIемерисел унтараз гьикъула жал-го лъугьун гормонал рукIалиде ккеза-ризе бажарулищин абун. Нилъехъаго гьабун бажарулебги гIезегIан буго. Масала, кванда, макьида, гIумру гьабиялъул къагIидаялда хадуб хал-кквей.

Нагагь кинаб батаниги гIиллаял-далъун эндокринияб гIуцIиялъул хIалтIи нахълъулеб, гормоназул хи-са-баси бугони, халгьабизе тохтурасухъе ине ккола ва гьеб нилъецаго сах гьабунги бажаруларо.

*Рашид РАШИДОВ*

# РакI рагьизе изну гьунаралъ кьурай



Исана ихдал къватIибе араб «Гьел рагIаби щурулел миллионал гIадамаз» абураб макъалаялъул ахиралда рагIи кьун букIана руччабазул поэзиялде цIидасанги тIадюссине. Гьал къоязда дихъе щвараб цIияб тIехьалъул хIакъалъулъ нужееги бицине мустахIикъаблъун бихьана.

Халкъалъе къабулай кочIохъан, тирияй кьурдухъан, Дагъистаналъул мустахIикъай артистка ЧIарада районалдаса Жавгъарат ХIасанхIусенова лъаларев чи магIарулазда гьоркьов ватилин кколаро. Машгьурлъи цIикIкIине, «цIвабзазул» сверулъе шагьаралде ячIинчIониги, магIарухъго чIарай гьелъул гьунаралъ цебего рукъ ккуна магIарулазул рекIелъ.

Балугълъудаго цIубараб Жавгъаратил кочIолаб гьунаралъул бицун чанцIулго хъвана нижеца, гьелъул шагIирлъиялъул дунялалде нуцIа цо дагьабго гурони кьиричIого хутIун букIана.

Исана басмаялда бахъун цIалдолезухъе щвана Жавгъаратил ункъабилеб, «Жергъенги жугъабиги» абураб цIар кьураб тIехь.

Жиндирго къалмица угьараб ункъабго тIехьалъул хIакъалъулъ бицун гьадин хъвалеб буго гьелъ:

**«Дир кечI, хIинчI кинигин, боржа ракьалда» -**
**Огь, дир анищазул тIоцебесеб тIехь!**
**Кього сон тIубачIеб гIолилльиялъул**
**Аваданаб заман, завалалда кечI.**

**«Муккракьалъул макънал» - кIиабилеб тIехь, -**
**КIиго батIияб кечI дир къисматалъул.**
**Цояб - гIолохъанлъи, цояб - дир гогьлъи,**
**Дун гIураб сверуда сарин тIамураб.**

**«Дир гьитIинаб ватIан» - лъабабилеб тIехь, -**
**Лъабго батIияб нух дир гIумруялъул.**
**Азарго кечI хъвазе мустахIикъаб ракь -**
**ЧIарада, дур гъотIол тIамах йиго дун.**

**Дир ункъабилеб тIехь - нужеда кодоб,**
**КIикъойилъа арал соназул тIанчал.**
**Дунялалъул дардал данде гьарураб,**
**МагIуги щакъиги жубараб мажмугI.**

**Аллагьас хъванани, хъвала цоги тIехь,**
**Гьеб жеги дийгоцин бальголъи буго.**
**Рокьиги сасараб, кьалги лъугIараб**
**БукIине биччанте щуабилеб тIехь.**

**Дир къулараб бетIер гьаб цIаларазе,**
**Гьалъул хIарпал рикIкIун кири нужее.**
**Ккарал гьалатIазда тIаса лъугьун те,**
**Дир гIечIел рахъазда гIайибал чIваге.**

«КечI шагIирас хъвала я керен цIураб рохелалъ гьесизавун, ялъуни ургъел бикьизе чи щолареб пашманлъиялъ тIамун. Ургъараб мехалда, Жавгъаратил цIияб тIехьалъулъги пашманлъиги магIуги гьарзалъун буго», - ян хъвалеб буго тIехьалъул редактор ТубхIат Зургъаловалъ цебергIиялда.

ХIакъикъаталдаги шагIиралъул цIияб тIехьалда загьирго рихьула, заманалъул цIи-цIиял гIузрабаз кьойил лъукъулеб, жиндирго рекIел дардал.

Жий шагIирго гурин, кочIохъан йигинги абулеб батана Жавгъаратица «ШагIирзаби, щваниц тIадмагIарухъе?» абураб кочIолъ.

Бесдаллъулеб магIарухълъиялъул сипаталги рехсон, жиндирго рахIатхвей къватIибе кьолеб буго гьелъ, къаламцоязде балеб ахIулъ:

**...Росу цIунейилан, мацI цIунейилан**
**Нус-нус кечI нилъеца хъвананиги щиб,**
**Нилъерго мацIалда журнал-газетал**
**ЦIализе бокьулел лъугIулел ругин.**

**...Иццухъа рачIунел рихьулел гьечIо,**
**Харил магь цIун унел дандчIвалел гьечIо.**
**ХIасратаб нилъерго мацIалъ ахIулеб,**
**Ясазул кечI хуриб рагIулеб гьечIо.**

**...Гьаб цо сценаялда ахIулеб кочIол**
**ХIисаб нилъер лъица гьабулеб бугеб?**
**Пашманаб кочIое кьурдул наку хъван,**
**Гьелъие хъат чIвалез ракI лъукъуларищ?**

**…Дунни шагIир гуро, кочIохъан йиго,**
**Кидаго мугIрузда сарин тIамулей.**
**МагIарул намусалъ чIвараб гьаб кIазалъ**
**ЧIаго дир халкъалъул къимат гьабулей.**

ЧIарадисезул ракьалда рахъарал ракьцояздаса бугеб чIухIи загьир гьабуралги мухъал гIезегIан ратула тIехьалда. ШигIрияб рагIуе гьунар бугев щивав ракьцоязул цIар рехсон буго Жавгъаратицаги жиндирго куплетазулъ.

ХIабиб Давудовасе хъван руго гьелъ гьадинал мухъал:

**Нухакь магIардаса чвахулеб гIоралъ,**
**ХIабиб, гьел дур кучIдул хъамулел руго.**
**Къарал тIалъудаса тIавапги гьабун,**
**Гьел гIатIиракьалда рещтIунел руго.**




Имангун адаб, эбелалъул дугIа, гьари - гьеб темаялъул кучIдулги гIезегIан такрарлъула шагIиралъул цIияб тIехьалда. Васас ракI лъукъаниги гьесухъ юхIулей эбел, тIаса лъугьаян вачIине кватIарав васасул рекIекълъи - къиса гIадин хъвараб гьеб кочIолъ руго гьадинал мухъал:

**...Ана вас рокъоса, къулана эбел.**
**Къваридаб рукъалъул гъанситодухъ гьай**
**Жийго жинда йиго васин гаргалей,**
**Гирулеб магIица керенги чурун.**

**Дица жеги кьогIаб рагIи абичIев,**
**КьогIаб гIумруги кьун къварид вугодай?**
**Хъат кьабун жеги гьан унтизабичIев,**
**Щибулевдай вугев дир берзул канлъи.**

БахIаралъе насихIатлъун хъварал куплетазулъ руго гIолил ясазулъ чаран лъолел гьадинал мухъал:

**Заз къулчIизе ккола росасул рокъоб,**
**Кидаго лъикIаб къо данде чIваларо.**
**Гьев пашманаб къоялъ йохун йикIунге,**
**Гьев вохараб къоялъ къварид йикIунге.**

ГьитIинабго гIиллаялъ ригьнал риххулеб гьаб заманалда, цIигIуцIараб хъизан буцIцIун хутIиялъул мурадалда гьабулеб, шагIиралъул гьара-рахьиги малъа-хъвайги цIакъго хIажатаблъун бихьула.

## «Цогидазе канлъи кьун биунеб хIедул чирахъ»

Руччабазул рокьул шигIраби, чан батIиялха гьел ругел - иллагьиял, гьалагал, гIодизарулел, ургъизе тIамулел, къулизарулел. ЧIужугIаданалъул рекIел бухIи, рухIалъул ахIи! Цоязул рохалил чIораз гвангъарал, гIемериселго, жаниб хIебтIичIеб хIасрат къватIибе гьурщун, щакъигун щущалеб магIу жубарал.

«Жергъенги жугъабиги» тIехьалъул гIемерал тIанчал руго автораълъул гьурмада магIил расен бахун хъварал рукIин бичIчIулел.

ТIехьалъул редактор Т. Зургъаловалъ цебергIиялда хъвалеб буго: «Жавгъаратил лирикияй героиня гьеб асаралъ талихI кьечIей, амма жиндирго гIадал къисмат бугел цIалдолезул ракI бикьулей, кутакалда ракIбацIцIадай йиго. Щаялиго, цебечIола, цогияздe канлъиги кьун, биун унеб хIедул чирахъ. Цогиязул рекIелъ тIубачIеб рокьуца лъураб ругъун сахлъиялъе бигьалъи лъугьуна жидер пикраби рикьизе Жавгъарат гIадал, гIадамазе ракIрагьизе изну гьунаралъ кьурал шагIирзаби ругони...»

«Гьереси батана гIумрудул нухда» кечIалъ камилго рагьула шагIиралъул рекIел бацIцIалъи:

**Гьудул, дуй бицине нечараб рокьул**
**КечI хъвалей йиго дун гьаб гIаламалъе.**
**ГIазизав, дудаса намусаб гIищкъу**
**Халкъалъе гьурщулей, ахIун сарингун.**

**Дудаса рахчарал дир чIегIерберал**
**ЧIалгIен буссинегIан духъ ралагьичIо.**
**Дуда къвал жемизе гьесарай дида**
**Гьереси батана гIумрудул нухда.**

**Гьаб хъахIаб кагътиде бикьана рокьи,**
**Къалмица щакъилъун кьулчIана магIу.**
**КучIдул цIаланщинал, керенги унтун,**
**Инагьдула дунгун рокьуда хадур.**

«Дие бакъан баче мунгун кьурдизе» кечI цIалулаго дида цее чIола мокъокълъун гочуней Жавгъаратги, горсверулъ тирито кьурдулев, гьелъул цохIо вугев васасул эменги:

**...Цогиявги вачIун тIил бегьилалде**
**ТIуркIун вахъун дида цеве эхете.**
**РекIелъ восуларес горсверилде,**
**Кверги ккун ячине йиччаге, гьудул.**

«КIикъойилъа арал соназул тIамчал» нахъруссун регизе рес гьечIолъиялъе мукIурал руго тIехьалъул ахиралда ратулел куплетал:

**…БечIалеб рокьуде тIаде лъим тIоге,**
**ТIуна рекIедаса духъ ккараб балай.**
**Чияр рокъоб къалъе, талихIалъул бакъ,**
**Дир къисмат къалъараб моцI тIерхьун анин...**

**…Дир чанай яхъине чараги гIечIо,**
**Чода цIал кьабизе къуватги гIечIо.**
**Чангит бан мун ккевзе яхI бахъаниги,**
**Намуслъул чIораз чIван лъуна рокьи.**

РакI-ракIалъ абила, цоцIул бегун хьибилалда лъеларо «Жергъенги жугъабиги» мажмугI кодобе щварас. Щивасда гьенир ратила жиндиргун къисмат гIахьалал мухъал, хасго руччабазда.

РакIалде ккола, гьаб тIехьалъулги бицине, Жавгъарат ХIасанхIусенова жидерго мухъилъеги йосизе, Дагъистаналъул Хъвадарухъабазул союзалъ нилъ данде гьарилин. Хадубго кватIилареб батила гьелъие «Халкъияй артистка» абураб цIарги. Гьелъиейин абуни гьей цеего мустахIикълъун йиго.

Жавгъаратица абухъе, кьалги лъугIараб, талихIалъул бакъалъ ракIги хинлъараб букIине биччанте гьелъул хадусеб тIехь.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

ГIАБДУРАХIМАН ДАНИЯЛОВ ГЬАВУРАЛДАСА - 115 СОН

# ЦохIо дур цIар гIела Дагъистаналъе



Щибаб халкъалъул тарихалда руго ракIалдаса унарел лъугьа-бахъиналги цIаралги, гьел къулчIуларо заманаялъ. Гьел кидаго рукIуна нилъер ракIазулъ, пикрабазулъ ва ишазулъ. Къиматал хазинабилъун цоцахъе кьола гьел наслабаз. Гьезда гьоркьов вуго «ГIасрудул нухмалъулев» абун цIар кьурав ГIабдурахIман Даниялов.

Гьев гьавуралдаса 115 сон бараб мехалъ, нилъеда цебечIола Дагъистаналъул цIар рагIарав васасул гвангъараб сипат.

Дагъистан - Даниялов, гьеб кIиго рагIиялъул кIудияб цолъи буго. Дагъистан бугебгIан мехалъ халкъалъул рекIелъ вукIина Данияловги.

Республикаялъул тарихги гIумруги тIей гьечIого бухьараб бугелъулха гьесул цIаралда.

ГIабдурахIман Даниялов гьавуна 1908 соналъул 22 августалда Ругъжаб росулъ. Векьарухъанасул хъизамалда гIурав гьев тIолабго гIумруялъго вукIана халкъалъул гъункараб, бихьи гьечIеб кьеразулъ ва гьеб гъунки жеги щулалъизабиялъе гIоло свак тун къеркьана. Жеги гьитIинго эбел-инсудаса махIрумлъарав гьев, гьитIинав вацгун ва яцгун цадахъ кьуна лъималазул рокъове. 1923 соналъ цIализе витIана Буйнакскиялда букIараб магIарул лъималазул интерналалде.

1935 соналда институт лъугIизабурав ГIабдурахIман Даниялов Дагъистаналъул тIадвуссана ва республикаялъул ишазулъ хIаракатаб куцалъ гIахьаллъана. Дол соназда гIемерисезулго гIадин, гIолохъанав коммунист Данияловасул рахIатхвезабулеб букIана советияб гIуцIиялда гьорлъ лъугьунел ритIухълъи гьечIел ишаз. Гьев кутакалда пашманлъизавулаан жидеда кинабгIаги гIайиб гьечIел гIумруялъ жиндаса кIудиял гьудул-гьалмагъзаби, насихIатчагIи, лъалел-хъвалел гIадамал жанир тIамулел, тамихIалде цIалел, чIвалел рукIиналъ. Дагъистаналъул ракъазул наркомлъун, партиялъул обкомалъул аппараталда, халкъиял комиссаразул советазул председательлъун хIалтIарал соназда бечелъана гьесул партиялъулгун советияб нухмалъулеб хIалтIухъанасул хIалбихьи ва гIуцIарухъанасул гьунар. КIудияб ВатIанияб рагъул соназда Областалъулаб партиялъул гIуцIиялъ Дагъистаналъул совнаркомалъ хехго бачана тIолабго экономика рагъулаб къагIидаялде.

Фронталъул хIажалъи тIубазабиялде бахъинабуна захIматчагIазул кинабго къуват ва сурсат. Дагъистаналъул Автономияб республика лъугьинабуна СССРалъул яргъилал къуватазул нахърателазул цояблъун.

Данияловасул гьунар хасго загьирлъана КПССалъул Дагъистан обкомалъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулелъул. Кьогоялде гIагарун соназ ракIчIарал бергьенлъабигун цебе бачана гьес обласалъулаб парторганизация. Рагъалда хадусел соназул гьелъул чIунтелал рукIалиде ккезариялъул ва цIилъизариялъул соназда республикаялда тIуразаризе кколаан гIумруялъ чанги захIматал масъалаби.

ГIабдурахIман Данияловасул хIалтIул кабинеталде бокьараб мехалъ рачIунаан хIажалъи ккарал гIадатиял гIадамал. Гьезухъ кIваркьун гIенеккулаан ва щивасул масъала тIубаялъе нухги батулаан.

ГIемермиллатазулаб республикаялъул хаслъиялда рекъон ГIабдурахIман Данияловас тIалаб гьабулеб букIана иш бажарулел, лъай бугел гIадамал жавабиял бакIазде тIамизе.

ГIезегIан гIатIидабги тIадегIанабги къимат кьун буго ГIабдурахIманил хIаракатчилъиялъе батIибатIияв гIелмиязги цогидалги макъалабаздагун тIахьазда жаниб. Гьезул цояв тарихиял гIелмабазул кандидат, 1976-1985 соназда республикаялъул культураялъул министрлъун вукIарав ГIабдулатIип ХIажиевас Данияловасул хIакъалъулъ гьадин хъвалеб буго:

- Жакъа нилъеца абизе ккола, ГIабдурахIман Даниялов нилъедаса ватIалъаралдаса, щибаб соналдаса соналде гьесул къадруги, къиматги, цIарги, гьес тарал хIалтIул хIасилалги рихьулел рукIин. МагIарулаздацин лъаларо унго-унгояб къагIидаялда кин бажарараб Данияловасухъа Дагъистан цIунизе, кинал хIалтIаби гьес гьарурал нилъ гочинарунгутIиялъе. Данияловасул киналниги ишазул бицине ккани, цо чанго тIехь бахъизе ккола, гьелда тIадги цо чанго чи хIалтIизе ккола, - ян.

ГIабдурахIман Данияловасда цадахъ хIалтIаралщиназ абулеб букIун буго, гьесул букIанин хасаб, психологасул гIадаб, дандияс пикру загьир гьабун хадуб гурони живго кIалъалареб хасият.

Гьес киданиги бихьизабулеб букIун гьечIо хIакимлъи, тIокIлъи.

**«Дагъистаналъе гIоло гIумру къурбан гьабурав, Къуркьи гьечIев политик, панаяв гIуцIарухъан. ТIалъиялъул ургьелал гьажабазда раччарав, Даниялов, мун аниц унтараб улкаялъе».**

*Рукъият ГIАЛИСУЛТАНОВА*

## Дунялалъул политика ва Россия

**2014 соналдаса байбихьун, дунялалъул политикияб гIумру цIакъго хIалуцун буго. Гьеб ишалда жаниб ахираб заманалда раккулел руго Россиялъе лъикIал рахъалги. Масала, гьезул цо-цоял ккола:**

- БакътIерхьул улкабазда Америкаялъ жалго махсараде кколел рукIин дагьдагькkун бичIчIулеб буго. СШАялъ Киевалъе кьезе тIадаблъун гьабураб щинаб ярагъ биччазе гьезул хIалкIолеб гьечIо. Мисалалъе, Венгриялъ ва Словакиялъ лъазабуна Украинаялъул аскаразе кумек гьаби мурадалда кьезе жидер яргъил сурсатал хутIичIилан.
- Нидерландиялда рищиязул хIасилалда бергьана Гертер Вилдарс. Гьес нухмалъи гьабулеб Эркенлъиялъул партиялъ тIоцебесеб бакI ккуна. Вилдарс вуго Россиялъул рахъкколев политик.

Америкаялъул зурмихъе кьурдулел улкабазул кьердаса гьеб пачалихъ эркенлъи ва гьелъ Россиялдехун буссараб политика билълъанхъизаби буго лъикIал гIаламатазул цояб.

- Нилъер яргъилал къуватазул махщел заман анагIан камиллълулеб буго. ГьабсагIаталда СВОялъул киналго рахъазда Россиялъул аскараз санагIалъи бугел рорхалъаби ккун руго.
- Европаялъул пачалихъал цереги Украинаялъе кумек гьабизе кIудияб гьиралда рукIинчIо. Немцал гьеб кумек гьабизе Америкаялъ хIалалдалъун тIамулел руго, гIицIго Россиялъе зарал гьабизе гIоло.
- Россиялъул ахIвал-хIал лъикI гьабулеб хIужа ккола Китай БакътIерхьул улкабаздаса нахъегIан кIанцIун чIун букIинги.
- ЦIакъго реццулел яргъил алатазда гьорлъ рехсолеб букIараб, тIагIинабизе кIоларебилан цIар тараб, Германиялъ рагъде битIараб Leopard 1A5 танк, фронталде щун кIиго анкь баледде кьвагъизабуна Россиялъул рагъухъабаз.
- Гьал къоязда тIобитIараб гIурусазул соборалъул данделъиялда В. Путиница рехсохъе, Россия гьабсагIаталда буго бищунго ритIухъаб дунялалъул гIуцIи букIинабиялда тIад гьабулеб кьеркьеялъул цебесеб кьерда.

«ГIурусазул дунял» абураб калимаялъе кьураб баяналда бихьизабулеб буго гьеб гIицIго миллияб рахъ хIисабалде босулеб жо гурилан. Гьелъ жанире рачуна киналго халкъал, гьезул маданият ва динал.

- Ахириял моцIазул хаслъилъун ккола Украинаялъул гIемерисел рагъухъаби Россиялъул рахъалде асирлъуде рачIунел рукIин. Гьелъ бихьизабула гьезул бергьенлъиялде букIараб хьул тIагIун букIин.
- Нилъер гьабихъе лъим тIами гIадаб жо буго Украинаялъул президент В. Зеленскиясда ва ВСУялъул главком В. Залужниясда гьоркьоб кIудияб кьал унеб букIинги. Гьелъие гIиллалъунги бихьизабулеб буго СВОялда Украина кьеялъе гIайибияв щив вугевали валагьи.
- Россиялъул солдатасда бихьулеб буго бергьенлъи босизе чIезарун ругел шартIал.

**Гьел ва цогидалги якъинал хIужабаз нугIлъи гьабула Украинаялъул хъамалчагIазда тIад бергьенлъи босулеб къоги гIемерго рикIкIад гьечIолъиялъе. Бокьараб пачалихъалъул рагъулаб тарихалда рукIуна бергьенлъиялъул ва кьеялъул хIужаби. Бищунго захIматал КIудияб ВатIанияб рагъул соназда нилъер улкаялъул халкъаз бихьизабуна бергьенлъиялъул аслияб кьучIлъун жамгIияталъул къуват букIунеблъи. Гьединаб буго жакъаги нилъер къуват ва бергьенлъиялде хIасрат.**

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

ГУРХIЕЛ-РАХIМУ

# «Заботаялъул» лъималазухъе сапар

Шамилхъала поселокалъул спортивияб школалъул директор ТIагьир ШагIбановасул нухмалъиялда гьоркь, гIисинал спортсменаз сапар бухьана Ленинкент поселокалде ва МахIачхъала шагьаралде.

Ленинкенталде щведал, Россиялъулги дунялалъулги призер-гугарухъан, ТIагьирил вукIарав ученик ТIалхIатов Къурбанил хабаде рахана. Зияратги гьабун, щвана мунагьал чураяв Къурбанил эбелинсухъеги. Гьениб мавлидалда гIахьаллъиги гьабун, ТIагьир ва цадахъ рукIарал спортсменал МахIачхъала шагьаралда бугеб «Забота» интерналалде ана.

«Заботаялъул» нухмалъулей Ума Абубакаровналъги гьелъул хIалтIухъабазги цIакъ лъикI къабул гьаруна гьалбал. Хадуб тIобитIана эркенаб гугариялъулги боксалъулги рахъалъ гьудуллъиялъул кьецал. Къецазда бергьана «Забота» командаялъ.

Гьединго «Забота» интерналалда ругел лъималазе гIемерал сайгъаталги кьуна ТIагьирица ва гьесда цадахъ рукIараз.

ТI. ШагIбановас бицухъе, сапаралъул аслияб мурад букIана цоцазда гьоркьоб букIине кколеб божилъиялъулги гьудуллъиялъулги хIакъалъулъ лъазаби ва бичIчIизаби. Гьединго спортсменаздаги бихьизе ва лъазе жалго ругеб куцги кьвар гIадаз гIумру гьабун бугеб къагIидаги бихьун букIине.




*Сулейман МУХIАМАДОВ*

# Дагъистаналъул тарихалда декабрь моцI

Нилъеца нухда регIулеб буго 2023 сон. ЛъагIалида жанир гIемерал лъикIалги квешалги лъугьа-бахьинал ккана гIумрудулъ. Гьезул хIакъалъулъ газеталъул гьурмазда нижеца бицана, хадубккун бицинеги буго. Жакъа пикру буссинабизе бокьун буго цере арал соназул декабрь моцIалда Дагъистаналда ккарал цо-цо лъугьа-бахьиназде.

**1569 соналъул декабралда** къадаралде щвана аваразул хан ГIандуникI КIиабилев.

**1839 соналъул 29 декабралда** Гъуниб районалъул Сугъралъ росулъ гьавуна 1877 соналда къокъаб шаригIаталъе нухмалъи гьабурав Дагъистаналъул ункъабилев имам МухIамад-хIажи (1839-1877).

**1868 соналъул декабралде** Дагъистаналда хутIун вукIана 1542 лагъ. Гьезул 78 процент эркен гьарурал ъухъ къун буго нусиялда кIикъоялда щу-щу гъурущ гIарцул. ХутIарал тархъан гьарун руго, гIарац босичIого.

**1883 соналъул 8 декабралда** Унсоколо росулъ гьавуна революционер, магIарул тIоцебесеб «Заман» газеталъул редактор МахIач Дахадаев.

**1896 соналъул 7 декабралда** Хасавюрт шагьаралда гьавуна СССРалъул инженерияб аскаразул маршал Михаил Воробьев (1896-1957).

**1899 соналъул 5 декабралда** Буйнакск районалъул Гьоркь Хъарани росулъ гьавуна филологиял гIелмабазул доктор, проофессор Шигьабудин МикагIилов (1899-1964).

**1905 соналъул 2 декабралда** пачаясул армиялъул полковник МухIамад ЖахIпаровасе къуна «Япониялъулгун гьарурал ишазулъ бихьизабураб тIокIлъиялъе гIоло» абураб Георгийил Ункъабилеб даражаялъул хъанч.

**1905 соналъул декабралда** Типлисалъул губернаторасул ишал тIуразарулев чилъун тIамуна Хунзахъа Макъсуд ГIалиханов (1846-1907).

**1912 соналъул 21 декабралда** Хунзахъ районалъул ГьоцIалъ росулъ гьаюна РСФСРалъул халкъияй артистка Зайнаб Набиева.

**1916 соналъул 25 декабралда** Цlумада районалъул Лъондода росулъ гьавуна Дагъистаналъул хъвадарухъан, 1953-1978 соназда «БагIараб байрахъ» газеталъул бетIерав редактор МухIамад Шамхалов (1916-1995).



**1917 соналъул 23 декабралда** Темир-Хан Шура гьаюна Дагъистаналъул тIоцеесей гIалимчIужу-магIарулай, машгьурай педагог, Дагъистаналъул гIелмабазул мустахIикъай хIаракатчIужу, филологиял гIелмабазул кандидат **Гулжагьан Мадиева**.

**1917 соналъул декабралда** Польшаялъул армиялъул полковник, «АхIулгохI» асаралъул автор Багьавудин Хуршилов (1891-1946) тIамуна Дагъистаналъул хасаб рагъулаб гIуцIиялъул командирлъун.

**1918 соналъул 27 декабралда** гьавуна Муслимов ГIабдулвагьид (1918-1996) СССРалъул хIурматияв энергетик, РСФСРалъул мустахIикъав энергетик, Дагъистаналъул гидроэнергетикаялъе къучI лъуразул цояв, «Дагъэнерго» гIуцIиялъул вукIарав нухмалъулев.

**1920 соналъул 15 декабралда** Хунзахъ росулъ гьаюна Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчIужу ХIажа Локъалова (1920-2001).

**1920 соналъул 22 декабралда** Закаталаялда, магIарулазул Эхеди-тала росулъ гьавуна Совет Союзалъул БахIарчи, КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи Казимов СалахIудин ГIиса-оглы (1920-1978)

**1921 соналъул 1-7 декабралда** Ж. Къоркъмасовасул бетIерлъиялда тIобитIана ТIолгодагъистаналъул Советазул учредительнияб съезд. Гьениб къабул гьабуна Дагъистаналъул аслияб закон - Конституция.

**1923 соналъул декабралда** Дагъистаналъул тахшагьар Темирхан-Шураса бахъана МахIачхъалаялде.

**1923 соналъул 21 декабралда** Буйнакск районалъул Хъапчугъаялда гьаюна ДАССРалъул Верховный Советалъул Президиумалъул председатель, политикияй хIаракатчIужу Роза Эльдарова (1923-2021).

**1923 соналъул 21 декабралда** гьавуна Буйнакск шагьаралда вукъун вугев Совет Союзалъул БахIарчи Сергей Елистратов (1923-1947).

**1927 соналъул 29 декабралда** ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ гьаюна Дагъистаналъул шагIир Машидат Гьайирбекова.

**1930 соналъул 27 декабралда** тIоцебе гIуцIана аваразул росабалъе ва шагьаразде хьвадулеб магIарул профессионалияб театр, амма цо чанго моцIалдасан гьеб биххана. Хадуб, ВКП(б)ялъул хIукмуялда рекъон, гьеб 1935 соналда цIидасан гIуцIана ГIабдурахIман Магаевасул нухмалъиялда гъоркь.

**1932 соналъул 5 декабралда** Хунзахъ районалда Гиничукь росулъ гьаюна Дагъистаналъул халкъияй шагIир Фазу ГIалиева (1932-2016).

**1932 соналъул 25 декабралда** Хунзахъ районалъул ЛъагIилухъ росулъ гьавуна Дагъистаналъул халкъияв шагIир ГIабасил МахIамад (1932-2014).

**1938 соналъул 13 декабралда** Хунзахъ районалъул Шотода росулъ гьаюна Мажидова Сидрат (1938-2015) –Дагъистаналъул мустахIикъай артистка (1968), РСФСРалъул мустахIикъай артистка (1986), Россиялъул халкъияй артистка (2005).

**1938 соналъул 27 декабралда** СССРалъул Верховный Советалъул хIукмуялда рекъон, чIезабуна Социалистияб ЗахIматалъул БахIарчи абураб цIар. Гьеб цIаралъе Севериявб Кавказалдаго тIоцее мустахIикълъана Дарги округалъул Аямахи росулъа Ханум МухIамадова.

**1938 соналъул 29 декабралда** Хунзахъ районалъул ГIобода росулъ гьавуна машгьурав гIалимчи, филологиял гIелмабазул доктор, профессор Сиражудин ХIайбуллаев.

1939 соналъул 16 декабралда Шамил районалъул ТIелекь росулъ гьавуна Дагъистаналъул жанисел ишазул министрлъун вукIарав генерал-лейтенант МухIамад ГIабдуразакъов.

**1945 соналъул 29 декабралда** ГIахьвахъ районалъул КIаратIа росулъ гьавуна машгьурав гугарухъан, Олимпиялъул хIаязул ва дунялалъул чемпион Загьалав ГIабдулбеков.

**1948 соналъул 19 декабралда** Гъуниб районалъул ЧIохъ росулъ гьавуна Дагъистаналъул халкъияв артист, Россиялъул мустахIикъав артист Къурачев МухIамадтIагьир.

**1949 соналъул 29 декабралда** Болъихъ районалъул ГIанди росулъ гьавуна археолог, гIалимчи, Россиялъул ГIелмабазул академиялъул член-корреспондент Хизри ГIамирханов.

**1950 соналъул 17 декабралда** Сугъралъ росулъ. гьавуна «Дагъистан» ГТРК компаниялъул вукIарав нухмалъулев, Дагъистаналъул пачалихъияб премиялъул лауреат, республикаялъул парламенталъул депутат МухIамадхIажи ГIабашилов (1950-2008).



**1953 соналъул 1 декабралда** Хъаргаби районалъул Хъаргаби росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи **Гьиматов МухIамад**.

**1955 соналъул 15 декабралда** ЧIарада районалъул Гъунухъ росулъ гьавуна Россиялъул Централияб избирательнияб комиссиялъул вукIарав член, юридикиял гIелмабазул доктор, Россиялъул Федерациялъул ва Дагъистаналъул мустахIикъав юрист Сиябшагь Шапиев.

**1964 соналъул декабралда** тIобитIана Дагъистаналъул хъвадарухъабазул IV съезд. Гьенив докладгун кIалъана Хъвадарухъабазул союзалъул правлениялъул председатель Расул ХIамзатов.

**1966 соналъул 5 декабралда** Гъуниб районалъул МохIоб росулъ гьавуна ДРялъул хIукуматалъул председателасул заместитель ГIабдурахIман МахIмудов.

**1979 соналъул 3 декабралда** Болъихъ районалъул АнсалтIа росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи ХIажимурад НурахIмаев (1979-1999).



**1981 соналъул 20 декабралда** Дагогни шагьаралда гьавуна Россиялъул БахIарчи, СВОялъул гIахьалчи **Исрафил МухIамадов**.

**1983 соналъул 12 декабралда** Хасавюрталда, Казбек районалъул Буртунай росулъа Олимпиялъул хIаязул кIицIул чемпион, Европаялъул чемпион, дунялалъул чемпион **Мавлет Батирoв**.

**1987 соналъул декабралда** космосалде воржана тIоцевесев дагъистанияв, космонавт, Совет Союзалъул БахIарчи **Муса Манаров**.

**1991 соналъул 27 декабралда** гIуцIана ва хIалтIизе байбихьана ДРялъул Конституциялъулаб суд. Гьелъул нухмалъулевлъун вищана **Салман ХIажимухIамадов**.

**1993 соналъул 21 декабралда**, Дагъистаналъул Министрзабазул советалъул хIукмуялдалъун, республикаялда гIуцIана гIурусал Дагъистаналдаса гIаммаб къагIидаялда гочун унел рукIиналда бан гьеб иш цойиде ккезабизе хIукуматалъул хасаб комиссия.

**1993 соналъул 25 декабралда** къуваталде лъугьана республикаялъул цIар «Республика Дагъистан» абун жинда жаниб хъвараб Россиялъул Конституция.

**1993 соналъул 31 декабралда** гIумруялдаса ватIалъана гьунар бугев тохтур, Дагъмединститутальул ректорлъун вукIарав МухIамад Макъсудов (1913-1993).

**1994 соналъул 12 декабралда** Россиялъул хIукуматалъ Дагъистаналда, Чачан Республикаги гьоркьоб тун унеб, цIияб маххул нух базе хIукму гьабуна.



**1996 соналъул 10 декабралда** ДагОгни шагьаралда Табасаран районалъул Татил росулъ гьавуна Россиялъул БахIарчи, СВОялъул гIахьалчи **Руслан Къурбанов**.

**2000 соналъул 29 декабралда** Россиялъул Президент В. Путиница къабул гьабуна Дагъистаналъул вакилзабазул 44 чиясдасан гIуцIараб къокъа.

**2001 соналъул декабралда** Россиялъул ТIабигIиял сурсатазул ва къватIисел ишазул министерствабазда халгьабуна, Азербайжан республикаялъ хIадур гьабураб, Россиялда ва Азербайжаналда гьоркьоб Самур гIурул лъим бикьиялъул хIакъалъулъ КъотIи-къаялъул. Гьелда бан, ДРялъул нухмалъулез Россиялъул президентасухъе жал рази гьечIолъи загьир гьабун кагъат хъвана ва бихьизабуна, Самуралъул лъим бикьулаго, Дагъистаналъул халкъазул тIалабал хIисабалде росизе ккелилан.

**2002 соналъул 26 декабралда** «Къоял ралеб, къачIалеб управлениялъул» хIалтIухъабаз Загьид Хучбаровасул нухмалъиялда гъоркь МахIачхъалаялда бан лъугIизабуна 514 метр халалъуда ва 22 метр гIеблъуда бугеб къо.

**2003 соналъул 6 декабралда** МахIачхъалаялда тIобитIана ДРялъул Россиялъул субъектазда ва СНГялъул улкабазда ругел вакилзабазул форум.

**2007 соналъул 9 декабралда** гIумруялдаса ватIалъана Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъияв артист, ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб премиялъул лауреат МахIмуд ГIабдулхаликъов.

**2010 соналъул 15 декабралда** МахIачхъалаялда тIобитIараб Дагъистаналъул халкъазул III съездалъ хIукму гьабуна республикаялда Дагъистаналъул халкъал цолъиялъул байрамалъул къо чIезабизе. Республикаялъул БетIерасул Указалда рекъон, гьединаб къолъун бихьизабуна 15 сентябрь.

**2021 соналъул 2 декабралде** ругел баяназда рекъон, лабораториязул халгьабиязул хIасилалда Дагъистаналда коронавирус батун букIана 61499 чиясул. Гьеб унти баккаралдаса тIуванго сах гьавун вукIана 56790 чи, хвана 2965 чи.

*Зикрула ИЛЬЯСОВ*

## Хабар

# МагІарухъ хасел

МагІарухъ хеккого квачала дунял. Гьале ноябралдаго бана гІазу. ГІазуца рацун рукІана мугІрул, кІкІалал, хъитІал. ТІохазда гьелъ гохІал ккезарун рукІана. Гьадингоги къваридал къватІал гьенир ккарал гІазул гохІаз дагьалги къварилъизарун рукІана. ХъущтІун гІодор речІчІичІого рукІине гІазул гохІккелаздасан хІисабалда рильлъунаан гІадамал. Ниж хъещтІон, цІвакун рукІана цІер чІварал къватІал. Цо-цоял гІодор речІчІулаан, гІертІал къелъ тункулаан, гьезул чвахараб лъеца къаси рогьинегІан дагьабги щула гьабун батулаан къватІахъ цІер.



Ниж рохулаан, хералги, руччабиги, гІодор речІчІарал гІолохъабиги нижеде семулаан.

Нижее букІунеб букІараб кеп! ТІубараб къоялъ, квен кІочонги, хъещтІолаан ниж. ЦІа гІадин, багІарлъун рукІунаан, ракІцин цІалароан рокъобе. Нижеца чангъал цоцада тІаде риччалаан, гугарулаан. ГІазул ЦІоролдада гьавулаан. Гьесда тІад тІогърол бакІалда хьаг яги ведро лъолаан.

Хасел бугелъул, кІудада наязул тІалабалда вукІунароан. Рацун кІалалгун, щула гьарун рукІана гьес тІулби. Мех-мехалда гьев найирукъалда цебе бугеб ахикье унаан, роххноца гьутІбузул ахалъабазде гІазу хъвалаан, гьенир гъунал гьарулаан.

Хасало банилан гІазу гІемераб мехалъ хутІуларо нижер росдал сверухълъиялда. Хехго биуна. Биинаребги кинха, хинаб бакІ бугелъул нижер росу. Гьеб рорхатал мугІрузда гьоркьоб бакъуде гьумер кьураб, гІажаибго берцинаб цо танкеллъиялда буго.

Росу бакьулъан, бикьизабун кІиябго рахъалде гьебгун, гьалагаб АваргІор буго чвахулеб. Риидал гьеб, кІкІаламухъго цІун, аниб доба кьабгІелаго, кьурабальги речІчІулаго, чІечІого кьалда букІуна. Хасалойин абуни, унтараб ци гІадин, гІодобебиччан, чилчилиялда букІуна рикІкІаде гьелулеб. ГьабсагІатин согІго гуро гьеб чвахулеб бугеб. ГьитІинлъун, тІеренлъун, ракьаракьанда къараб цІералъ цІикцІикараб гІарцул кьер чІвазеги гьабун, гьаругьин, дагьаб хъуйгун, гочунеб буго жиндирго абадияб нухккун. Гьелда тІасан гьабураб кьодаги чІун, лъимал руго гІурулъе ганчІал рехулел. ГІоралде квералги ритІун, дагІба-къецалда рихьула гьел. Цо сундулалиго бицунел ратила.

***Багъатар ХІАЖИЕВ***

## Накъит

# Эркенлъиялъул хиралъи

- МагІарулав, щай мун магІишаталъе пайда гьечІеб, чорхол рахІаталъе санагІат гьечІеб гьаб согІаб борхалъуде вахун чІарав?

- Эркенлъи хиралъиялъ. Бакъараб эркенлъиялъул цІайи гІорцІараб лагълъиялъулалдаса кІудияб бугин абун буго Шамилица.

- МагІарулав, духъе рахунел нухал, риххизе къачІарал малал гІадал, хІинкъарал руго. Дида рагІана мун гьалбал хирияв чи вугин. Щайха дуца мина гьабураб гьудулзабазе духъе щвезе захІматал нухал ругеб бакІалда?

- Дир мацІалда мали абураб рагІиялъул кІиго магІна буго. Гьелда борхалъиялде рахуна, гьелда хваралги раччула. ЛъикІал гьудулзаби дихъе захІматал, хІинкъарал нухалъан кьерхараб сардильги рачІине руго. Квешал, хІалихьатал, хІиллаял гІадамал бакъул къоялъ шагьранухалъ рачІинеги дие кІваричІо.

***Расул ХІАМЗАТОВ***

## Билараб нух

**ЧчугІие лъелъе ине нух бихьизабе**



## ШагІирзабазул асарал

### ТІамах

Гьале махил гъотІол гъаримаб тІамах,
ГъотІол гІаркьелги тун, буго бортулеб;
Гьурмадул кьер тІураб, тІогьилаб тІамах,
ТІадагьаб хІулилъун буго гьартулеб.
Араб хехго гьалъул гІолохъанаб мех,
ГІурччинаб байрахълъун парпалеб заман,
ТІадбуссине гьечІо гьалъул араб их,
Унеб заманалда гьарун щай аман?
ТІамах ракьалда тІванкІан бахъана,
ТІарада хутІана тІутІаб борхалъи…
Амма квачаялда данде багъана
ГъотІолъе гьалъ тІураб бакъул чІаголъи.

***ГІАБАСИЛ МАХІАМАД***

## Географиялъул дарсал

**1. Дагъистаналда киб бугеб бищунго гІемер пахь бугеб бакІ?**
а) Хунзахъ
б) Болъихъ
в) Гъуниб.
г) Кызыл-Дере
д) ЧІарада

**2. Дагъистаналда бищунго кІвар цІикІкІараб экологияб масъала кинаб бугеб?**
а) Гьава чороклъи
б) Энергетикиял сурсатал гІолел гьечІолъи
в) Каспий ралъад тІаде бачІун ва пайда босизе бегьулел ракьал лъелъ тІерхьин
г) ГІадамасул тІабигІаталдехун тІаса-масагояб бербалагьи
д) Рекьулел ракьал дагьлъи, хъачІлъи

**3. Дагъистаналда кинал бакІазда бахъулеб газ ва нарт?**
а) Каспийск, Хучни, Талги
б) Дербент, Берикей, Белиджи
в) Мамедкала, Гъаякент, Ахти
г) Гъуниб, Болъихъ, Сели
д) Южно-Сухокумск, Ачису, Избербаш

**4. КигІан къадар халкъалъул бугеб Дагъистаналда?**
а) 1 млн 802,6 азарго чи
б) 1 млн 627,8 азарго чи
в) 2 млн 946 азарго чи
г) 1 млн 429 азарго чи
д) 1 млн 529,1 азарго чи

**5. Бихьизабе халкъияб промыслаби ругеб щуго росу**
а) Къасумкент, Гъуниб, Сергохъала, Леваша, Ачису
б) Хунзахъ, Дилим, Хьаргаби, Ругъелда, ТІидиб
в) Тпиг, Тюбе, Стальск, Чанхъо, ЦІадахІари
г) ГьоцІалъ, Унсоколо, Кубачи, Болъихъ, Гъумеки
д) Кьохъ, ГІахъуша, Мамедкала, Губден, Гъазданущи

**6. Чан батІияб миллаталъ гІумру гьабулеб Дагъистаналда?**
а) 78
б) 28
в)30
г)25
д)11

## БицанкІаби

1. Анкьго тІала гьабун, тІингъал ретІараб.
2. Халатав чиясда къокъаб рачел.
3. Бох гьечІого, кІанцІулеб, кІал гьечІого, хІанчІулеб.
4. Жибго чІван, тІанчІи рахъ.
5. ТІибитІани тІох цІолеб, бакІарани хъат цІолеб.
6. КьурдарабгІан кьаралъулеб жо.
7. КигІан кьуниги, квен кунеб, лъим гьекъани, холеб.

***Гьумер хІадур гьабуна ГІайшат ХІАЛАКЪОВАЛЪ.***

БАХЪЭКОНОМИКА

# ГIанкIаби цIодорлъундай, хIелкал хIалихьалъундай



Дие цIакъ рокьула гIанкIудал ханал. Радал-бакъанида цIакъго белъинабичIеб кIи-кIи хоно кваначIони, чорхол кеп букIунаро. ЦIакъго рокьула хъазил ханал, амма пайда щиб, хириял рукIиналъ гьездаса инкар гьабизе кколеб буго. ЗахIматаб заманги улкаялда кризисалъ бахъулеб мацIги бугони, моцIрое рачIунел гъурщал гьеб баркаман босизе тIокIлъуларо. Российалъул финансазул министрасги лъазабун букIаралъулха рачел къазе ккелин, гьеб рачлида картIал рахъулев хутIун вуго. Цебе тIаждада базе цо рачел гIолаан, гьанже цоялъул кIиго гьабиялде ккун буго иш.

ПалхIасил, щвана базаралде ханал росизе. 30 хоно жаниб лъураб гъутухъалъухъ 400 гъурущилан абидал, ахIуца рачIаги нужилан гьездеги хьанделаго, тIадвуссана. РакIалде ккун букIана метер ханазул багьа учузлъизе батилин абун. Гьедин ккеялъе гIиллаги букIана телевизоралдасан рицунел маргьабазда божи. Бица-бицаралда божулеб гIамал кьун бугелъулха БетIергьанас дие. БожичIогоги кин вукIинев, гьел маргьачагIаз официалияб куцалда лъазабун букIаралъулха Российалда гIумру гьабиялъе хIажалъулеб бищун гIодобегIанаб гIарцул къадар цIикIкIинабулеб бугин ва гьелда рекъон харжалги цIикIкIине ругин абун. Саламатго биццатаб габуралда багIараб галстук барав чияс бер къапичIого гьеб хабар бицунеб ругIидал, гIантав гурев чияс пикру гьабиларищ, гьедин батани, улкаялда гIумру гьабиялъул даража лъикIлъулеб бугин, базаразда къайи-цIаялъул багьа гIодобе ккелин абун. Дунги гIантав чи гурелъул, гьеб хабар рагIидал вукIинарищха кидадай сордо рогьинебилан. ТIубараб сордоялъ бер данде бачинчIин абуни, гьереси букIинаро. Босун калькуляторгун рогьинегIан гьабуна хIисаб: эхебе кьабгIана, эхеде бикьана, бахъана, жубана ва хIатта цо-цо бакIалда проценталцин ратана. ПалхIасил, галстук барасул харбида божани, щуго тIубарабгун ункъо анцIилъа проценталь нигIматалги, къайи-цIаги, газалъухъ, токалъухъ, лъехь ва цогидалъухъ босулебги учузлъизе ккола.

Радакь как базе яхъарай лъадудаги бихьиларищха дир «доктор-лъиялъе» хъвараб гIадинаб хIалтIи. Гьеб киналдего хехго берги щвезабун, гьелъ абуна дуца рехсон бугеб гьеб киналдаго гьоркьоса учузлъун батизе рес бугила, къайи гуреб, цIа. Гьебгиха жужахIалъул. Руччабазда гIакълу букIунарелъул, гьелде кверги хьвагIун, дица хьибил бана.

Хъвадарулеб агьлуялъ гьадинаб бакIалде щвараб мехалда байбихьула жидедаго бихьараб макъуги бицине ва ахирги гьабула гьадинал рагIабаздалъун: «Кибалиго бахьараб гьаракьалъ, цинтIаго тIуркIун ворчIизавуна ва букIараб кепги кепкил багьа гьечIеб гьадингояб жо батана. Къвалакь ккураб къаданижоги хIацIул цIун бугоан», - абун. Хъвадарулеб агьлуялда гьоркьоса гIебеде вугев чи вугониги, дица киданиги хъвачIо гьединал жал. Амма бихьараб цIакъаб макъуха…

ПалхIасил, шагьаралда автобусал хьвадизе байбихьарабго хъващтIан къватIиве вахъана ва, гIемер заман балалде, добго базаралде жаниве лъугьана. ЧIиргъихъуялда, ахIи-хIуралда, рагъулел-семулел ругел базаргабазде берги щвезабулаго, хехал галабиги тIамун щвана ханал ричулеб отделалде. Ратана гьадалго руччабиги, ратана гьадалго ханалги. СихIирго михъилъеги гьимун багьа цIехедал, 470 гъурущилан дойго гIаданалъул чIанделеб бугеб кIалалъ абидал, дир хинаб черхалдаса цIорораб гIетI чвахун ана. ГIатI ххунеб гьабил гIадин пикраби ххенана, нолъкъаси телевизоралдасан хабар цIалкIулев вукIарав щибалиго развитиялъул нухмалъулев, мохмох кквараб катил гIадаб гьумералъул чи цеве тIамуна. Улкаялдайила потребителазул хIажалъабазул щибалиго жо ичIго проценталь лъикIлъанила. ТIарамагъадиса лъикIлъун батаги гьебилан дунго дидего хьанделаго, гьабихъе гьвел гIадаб сапарги ккун, тIадвуссана… Добго автобусалда рекIун гуревха, лъелго. РекIине хIинкъана. Щиб лъалеб, рекIадухъ босулеб багьа жеги бахун батизеги рес бугелъул. ХьвагIун квералгун рокъове щведал, лъадуца абулеб буго гIумру гьабиялъе хIажалъулеб бищун гIодобегIанасеб гIарцул къадар чIезабулел чагIи щал кколелали лъаларогойищдила мун вукIарав, хIалицаго бугониги саламатаб вуз лъугIарав чи. ГIакълу бугеб жални рукIуна ал руччаби…

*М. ХIАБИБОВ*

ККАРА-ТАРАБ

## Дун «химик» гуро

Доскаялда цевеги эхетун, дирго гIисинал гьудулзаби-цIалдохъаби химиялде ругьун гьарулаго, химиялъул формулабазда сверухъ «кьурдулаго» ана дир гIумру. РекIекълъунги гьечIо. Химиялъ инсанасул лъай гIатIид гьабула ва дарсихъ гIенеккаразда цеве мугIалим-химик вукIуна сихIручи гIадин. ЗахIматаб гIелму бугониги, гьеб лъарал чагIи рукIуна гъваридаб пикруги бугел.

Амма химиялъул мугIалим мун вукIаниги, чунтбузухъ «гъури» букIуна харж мукъсанаб букIиналъ. Гьелъги батила, гIемерал мугIалимзаби риидал Российялъул батIи-батIияв шагьаразде пихъ бичизе хьвадулаан.

Цо нухалда, араб гIасруялъул 80-абилел соназда дунги ккана гьединаб сапаралъ. «Махачкала-Астрахань» поездалда ункъо ящик ахбазаналъулги лъун, щвана Астраханалде. Гьениса, бакъанида, «Астрахань-Саратов» поездалда ине кколаан Саратовалде. Поезд ине заман щолеб букIана. Амма бакIал ящикал поездалде рахинаризе кумек гьабулев гIадав чи кеклародаян дунги вукIана. Заманалдасан гьоркьохъеб ригьалъул кIиго гIурусав вачIана ва дица гьезда гьарана кумек гьабеян абун. «Какой разговориланги» абун, цо параялъ лъолеб бакIалде, ай тIасияб полкаялде рахинаруна дир ящикал. Дир разилъи гьездаги бихьана.

ГIодор чIана плацкарталъул купеялда. Доб заманалда, «на всякий случай» абун, цадахъ босулаан 1-2 шиша гьекъолеб жоялъулги, дагьабго квен-тIехги. Гьезги бахьана жидехъго бугеб мукъсанабго квен-тIех, дицаги лъуна цебе шиша, чед, хIан. Дагьа-дагьаб жоги гьекъон, гьезул цояс гьикъана: «Где работаешь?» - абун. Дица жаваб кьуна пихъ бичизе унев вугин, дун химик ккол ин абун. Гьезул цогидас абуна: «Тебя с первого стакана не понял, давай, налейка еще по одной», - абун. ТIуна, гьекъана ва закускаги кванан, довго гIурусас нахъеги абуна: «Я не понял, где ты работаешь?» - ан. Дицаги жаваб кьуна «Работаю учителем химии, в школе», - ян. «Ну, так и сказал бы в начале. А то говоришь «химик-химик». Это мы – химики! Работаем в Астрахане – мы – условно-заключенные в колонии. Нас называют на жаргоне химиками», - ян.

Гьедин, гIумруялда жаниб тIоцебе лъана дун «химик» гуревлъи. Дун кколев вуго «учитель химии». «Химикалин» абулеб буго туснахъазда ругел, «зона» тун къватIир бакI-бакIазда хIалтIулел, кьижизе нахъруссун колониялде рачIунел гIадамазда.

Дозул цояс абуна: «Ты не похож на химика, давай, налей-ка еще», - янги.

*Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН*

ЦО-ЦО ГЪАДИНГИ ККОЛА

## Нилъерго чи

Дин батIияв чи вачIун вуго гIумру гьабизе пуланаб росулъе. Босун буго гьес гьениб минаги. Гьоркьо-гьоркьоб гьесул хIакъалъулъ бицунеб букIун буго годекIанир гIодор чIаразги.

Пуланаб къоялъ цояс абун буго капурчийин нилъеца абунги, дов нилъерго чи вукIун вугилан. Щиб ккарабилан гьикъидал, гьес абун буго нухлуе къваридъиги гьабун, бащдаб метралъ чали къватIибе цIан бугин гьесилан абун.

### Абизе захIматаб

Советияб заманалъул байбихьуда ликпунктал рагьун, гIисиналгун чIахIиял цадахъ цIализарун, гIадамазул лъай борхизабиялда тIад хIалтIулел рукIун руго. Гьеб мурадгун росулъе вачIун вукIун вуго Кантукаев ИсмагIил абун учитель. Ругьунаб гуреб, Кантукаев абураб фамилия абизе бажаруларого, цо кIудияв гIаданаль абулеб букIун буго Унтиккаяв ИсмагIилилан абун.

### Фашист Мюллер

Советияб заманалда нилъеразул цояв вукIун вуго армиялда. Гьесда цадахъ вукIун вуго Мюллер абун фамилия бугев солдатги. МагIарулас гьесде фашистилан абулеб букIун буго.

Гьеб калам чIалгIарав Мюллерица гIарз гьабун буго командирасде, ва гьес жинхъего ахIун вуго магIарулав. Командирас бадибчIвай гьабидал, магIарулас жаваб кьун буго жинхъа досул фамилия абун бажаруларин. Гьедин батаниян абун буго командирас, гьанжеялдаса нахъе дуца гьесда Миллионерилан абейилан.

### Къасул хIакъалъулъ

Къасуца абулаан цо-цо гьереси букIунин чол багьаяб, цо-цояб букIунин бицун лъугIилалде тIатунеб.

Цояс Къасуда абун буго хъалиян гьечIищилан. Жинца гьеб цIаларин абун буго гьес. Дов цояс абун буго, жиндир чIужуялъги цIаларин. Гьедин батани жиндие дандекколей гIадан рагIулинха гьейилан кIалъан вуго Къасуги.

*СалихI САЛИХIОВ*

ЦIУРАЛЪУХЪ ЦIУН

ГIандиве вачIарав хьиндалас гьоболасда абурабила гьаб гIорцIен гIамаликъаб жо букIиналъ нужее росизе ракIалда рукIарал цIулакьодал цIурал хулжал кьолода нахъа разе санагIалъи ккечIилан.

Гьобол тIовитIулелъул гIандисесги абурабила, дур гIорцIен цIакъ тIурузаб жо бугелъул, хьизан-лъималазе ритIизе ракIалда рукIарал мохмохил рачIал ритIичIого толел ругилан.

# ЛъабгІин

**I бутІа**

ЦІалдохъабазе экскурсиялъ рачине кьураб рагІи хвезе теларилан, магІарухъа рачІарал гьалбал ругониги, Рашидат радакьго яхъана.

Жакъа классгун цадахъ гьей ине йикІана шагьаралда аскІоб бугеб рохьое. Гьенисаги рахъун, лъималаз гьутІби чІезе кколаан школалъул азбаралъур. Учительницаялъ нухда босизе сумка къачІан бахъиналде, гьелъул минаялда цебе ціалдохъабазул кьокъа гІуна:



- Рашидат Юсуповна! - ян ахІдолел лъималазул гьаркъихъе гьей къватІие яхъана. Гьанжего гьанже магІарухъа шагьаралъул школалде хІалтІизе ячІарай гІолохъанай учительница тІоцересел къоялдасаго нахъе лъималазе йокьана. Рашидатги йикІана хІеренаб, недегьаб каламалъул, кигІан «захІматабилан» цогидал учительзабаз рикІкІунеб лъимер жиндего ругьун гьабун бажарулей, ТІадегІанасги гьеб хІалтІуе йижарай учительница. Гьелъ каву рагьарабго, данде ячІана ГІайшат:

- Рашидат Юсуповна, гьале дица гьитІинай Рашидатги ячана цадахъ, алъул дахІабабаца нижехъе щвезаюн йикІана гьай, магІарухъа къваригІелги тІубан тІадюссинегІан. Дун унелъул, хадуй гІодизе лъугьана гьай, дицаги цадахъ ячана, - ян абуна гьелъ, лъабго-ункъо сон барай гІадай яйихьизаюн. БотІролъ тІил къабураб гІадин, чІаралъуйго хутІана Рашидат:

- Рашидат… дол берал. Дунялалда бищунго хириял берал. У. Гьай йиго, дир ціар жинда лъурай АхІмадил яс. Дадалго гІадаб кІибикьараб нилъуги, елъулелъул, кІаркьабазда лъугьунел гьитІиналго гвендалги… Дун мекьи ккун ятизе рес гьечІо. Дур дадада ціар щибиланги абун, гьей Рашидатиде цее гьункІусида гІодой чІана - кІур-кІургІарал расал, кІирикьарал цаби…

АхІмад буго дир дадал ціарилан гьитІинай ясалъ абидал, Рашидат, ракІ тамахлъарай гІадин лъугьун, хІалицаго кавудал кІалтІа букІараб скамейкаялда гІодой чІана.

Гьелда лъицаниги абулеб жо рагІулеб букІинчІо:

- Бихьулищха, унго-унгоги йокьулей йикІун йигогури дун досие. Вабабайха дица гьабун тараб гьалатІ. ГІадалаб чІухІиялъ тІамунаха дун дирго талихІалдаса инкар гьабизе, - ян абурал пикраби рещтІунел рукІана гьелъул ботІролъе.

Гьеб лахІзаталъ минаялда цебе бижараб гІурччинхарилъа лъабгІинги бетІун, екерун ячІана гьитІинай Рашидат:

- Лашидат Юсуповна, кидаго дадаца гьадинал лъабгІинал рачІуна ретІун. Бабацаги гьесда гІабдалин абула, кидаго дур лъабгІинал щай жиндие, тІугьдулги росун вачІайилан.

ГьитІинай Рашидатихъаги босун, лъабгІин каранде къана Рашидатица. ТІинкІунго тІинкІун магІил гараз дунялалда бищун хирияб, гІагараб ціар хъвалеб букІана лъабгІиналда.

ЦІалдохъабазда цадахъ экскурсиялда йигониги, пикрабазулъ гьездаса рикІкІалъулей йикІана Рашидат. Гьезие кумекалъе гьутІбиги рахъана гьелъ, гьелгун цадахъ ясандизеги ясандана, АхІмадил гьитІинай Рашидатидаги чанго нухалъ баана гьелъ. Гьей хІинкъун йикІана Рашидатида бабал ціар гьикІизе, цощинаб гьелъ Загьиратилан абизе гурилан.

ГьитІинай Рашидатги ясалгун ясандизе ун, гьелъухъ букІараб трубка харда тІад лъун бугоан.

Цо заманалдасан телефоналъул звартъи бахъана, ва Рашидатица трубка кодобе босана – гьелда лъана Загьиратил гьаракь, ва ургьимесалда жанисан цо бакІ тІун араб гІадаб асар гьабуна гьелъие.

Гьелда тІубан бичІчІана гьитІинай Рашидат АхІмадилги Загьиратилги яс йикІин.

Аллоян ахІдолей Загьиратги тун, Рашидатица трубка гІодоб лъуна.

Риччалъе ккарай гІадин йигей гьей йорчІизаюна гьитІинай Рашидатица:

- Лашидат Юсуповна, ма дуе лъабгІиналъул кваціи, - йиланги абулаго, бегьун бачІуна гьелъ Рашидатихъе.

Кваціуда гъорлъа цо лъабгІинги бахъун – «йокьула», «йокьуларо» йиланги абуна, гьелъул тІанхал тІезе лъугьана Рашидат. Гьенир ругелщинал лъабгІиналги тІун, АхІмадин щурулеб букІана гьелъ.

**II бутІа**

РакІалдещвеял…ракІалдещвеял… ракІалдещвеял…

- Институталда лъай-хъвай ккаралдаса нахъего, ракІее гІуна АхІмадие Рашидат. КватІичІого гьеб асар рокьуде сверана.

Цо къоялъ общежитиялда цебе бижараб харилъа чанго лъабгІинги бетІун, «йокьула», «йокьулароян» лъабгІиналъул тІанхал тІезе лъугьана АхІмад. КІаркІарунги елъун, Рашидатицаги «вокьула», «вокьуларо» «хІалаан».

ЛъабгІин бакъухъеги цІвабзахъеги «щвана» Рашидатилги АхІмадилги рокьулги бицун, моцІрода сардалги «рана» гьелъ гьезда цадахъ, кьокъгьабун абуни, лъабгІин букІана гьел кІиязулго рокьул нурлъунги нугІлъунги. Гьелъ ціунун букІана ціорой-бухІиялдасаги, беркеялдасаги, чияр маціалдасаги гьеб кІудияб рокьул гІемерал гвангъарал сверабазул талихІ.

Кинабго лъикІ букІана, лъабгІиналъул лъабабилеб тІамахлъун Загьират лъугьинегІан.

АхІмадги – Рашидатги – рокьиги. Гьеле гьединаб букІана лъабгІин. Рогьалилъ гьелдасан гирун унел щубил гаразги АхІмадилги Рашидатилги ціарал ахІунаан. Амма цо заманалдасан рокьул бакІалда лъабабилеб тІанхида «рещтІарай» Загьиратица риидалги саву рещтІинабуна лъабгІиналде.

Гьелъ ціорозарурал тІанхал дагьдагьккун речІазе байбихьана.

АскІор ругониги, АхІмадги Рашидатги цоцаздаса рикІкІалъулел рукІана.

Бищунго талихІал лахІзатаз гьезул рокьи кьерхинабизе яккун ячІунаан Загьират.

АхІмадица кигІан гьелъухъ гІинтІамугеян гьараниги, Рашидатги кьерхунаан Загьиратида берчІвайдал. Рашидатида лъалеб букІана АхІмадие киниялдаго Загьират абун йикІин ва, АхІмадил эбелалъ абухъе, зобалги ракьалги цоцазда кьабгІаниги, гьеб ригьинги хвезе гьечІеблъи.

Загьиратилги АхІмадилги хъизамазда гьоркьоб кІудияб гьудуллъи букІана. Загьиратил эмен тохтур вукІана, ва, абизе бегьула, гьес хвалдаса хвасар гьаюнин АхІмадил эбелилан. Гьеб кинабго лъанагІан, хиралъулев вукІана Рашидатие АхІмад. Загьират ячине заман щванагІан, АхІмадиеги дагьайги хиралъулей Рашидатги йикІана. Кинха гьанжелъизегІан бугеб хъизамазул гьудуллъиялда тІасан хІучч ціалеб? ТІадежоялъе цадахъаб бизнесги бугеб?



Гьес хІалбихьана Загьиратилгун кІалъай гьабизе, гьелда йокьуларин абизе. ЙокьичІониги, ячинин дуца жийилан кІал гьикъана гьелъги.

ХІалбихьана гьес Рашидатилгунги хабар бицине, амма гьелъулги хІасил ккечІо.

ТІокІалъ жий йихьулеб бакІалде къагейилан лъазабуна.

Гьабуна бертин – бечІана, бакъвана, бортана лъабгІиналъул аслияб тІамах - рокьи. БукІана зурма-къали, букІинчІо рокьи. БукІана кепихтилат – букІинчІо талихІ. Жиндицаго туманкІги речІчІун, чІвана гьеб АхІмадица. БатичІо Загьиратидаги талихІ АхІмадил рокьоб. Гьелъул чаракъосана, гьаюрай ясалдаги гьес Рашидатилан ціар лъедал. Гьеб букІана АхІмадица гІумруялъго Загьиратие кьотІараб тамихІ. Рашидатилан ясалде ахІарабго, гьелде цее ячІунаан АхІмадие йокьун йикІарай Рашидат. Рашидатил ціар ясалда лъезе лъиданиги гьукъизе кІвечІо АхІмадида. Бокьун гьечІеб батани, ясги жиндихъ тун, рокьое айилан лъазабуна гьес Загьиратида...

Доб АхІмад рокьоса къватІиве гъуралдаса лъачІо Рашидатида гьесул къисмат кинаб ккарабали – гьей ана Дагъистан тун, жинца Загьират ячунарин, цодагьаб яхІ бахъейилан ахІделев АхІмадги тун. АхІмадги ана батІияб шагьаралде, ячун Загьиратгун. Амма эбелги унтун, Рашидат магІарухъе тІадюссине ккана.

ТІокІалъ гьелда районбатІияв АхІмадил хабарги лъачІо…

**III бутІа**

ГІумруялъул бищунго талихІаллъун рукІарал дол лахІзатал ціидасанги ракІалде щвана Рашидатида, Лашидат Юсуповнайланги абун, АхІмадил яс лъабгІиналъул кваціиги босун цее чІедал.

Огь, сабру! Чан чІужугІаданалъха мун гьечІолъиялъ жиндирго талихІ гьанкъун рехараб!

Рокьое щварайго, гьитІинай Рашидатица инсухъе кьуна Рашидат Юсуповнаялъ гьесухъе битІараб лъабгІиназул кваціи.

Гьез АхІмадие бадибчІвай гьабулеб букІана:

- Кинабго хъизанги тІолабго тухумги тІаделъаниги, кьуркьизавизе кІвечІо мун, ясалда Рашидат лъогейиланги абун. Щайха мун гьедин дандечІечІев, Загьират ячинаюлеб мехалдагийилан…

Жиндир гІумруялда тІокІалъ батІияв бихьинчи вукІине гьечІилан гьедарилей йикІарай ва йигей Рашидатида, цо къоялъ классалде щвелалде, вазаялъуб лъун батана лъабгІиналъул берцинаб кваціи. Гьенисан, щибаб тІанхилъан гьелъие гьимулеб букІана дунялалда бищунго хирияб сурат, гьелда щибаб лъабгІиналъулъ бихьулеб букІана кІиго сурат – АхІмадги Рашидатги. Лъабабилеб тІамах…

Унго, тІадбуссинародай доб кидаялиго сабруялъухъа беэдун бажаричІеб рокьи…

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

## Понедельник, 11 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия». (16+).
23.30 «Военкоры». (16+).
00.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.30 Т/с «Склифосовский». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана. Итоги
08:00 «Арт-клуб» 0+
08:25 Х/ф «Нарочно не придумаешь» 12+
10:25 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» Д/ф «Идущие поперек хребтов» 16+
11:00 Х/ф «Кольцо старого шейха» 16+
12:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
14:10 «Служа Родине» 12+
14:50 Передача на ногайском языке 12+
15:30 Т/с «Замок из песка» 5 с. 12+
16:50 Т/с «Березка» 9 с. 12+
17:50 Т/с «Березка» 10 с. 12+
18:50 Передача на табасаранском языке «Мил»
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Такой Расул» 12+
21:20 «Удивительные горцы»
21:35 Д/ф «Великая смута» 3 с. 12+
21:50 «Время говорить молодым» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
23:00 Время новостей Дагестана
23:20 «Угол зрения» 12+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 5 с. 12+
00:30 Время новостей Дагестана

## Вторник, 12 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (12+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на табасаранском языке «Мил»
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Замок из песка» 5 с.
09:50 «Время говорить молодым» 12+
10:30 Т/с «Березка» 9 с. 12+
11:30 Т/с «Березка» 10 с. 12+
12:50 «Подробности» 12+
13:25 «Психологическая азбука» 12+
13:45 «Удивительные горцы»
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 5 с. 12+
14:30 Время новостей Дагестана
14:50 Передача на табасаранском языке «Мил» 12+
15:30 Т/с «Замок из песка» 6 с.
16:50 Т/с «Березка» 11 с. 12+
17:50 Т/с «Березка» 12 с. 12+
18:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
20:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Дагестан туристический» 0+
20:35 «Время есть!» 0+
21:10 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Колёса» 12+
00:05 Проект «Симбирская кругосветка» Выпуск 11-й 12+

## Среда, 13 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Наши». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (12+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Замок из песка» 6 с.
09:50 «Время есть!» 0+
10:30 Т/с «Березка» 11,12 с.с.
12:50 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
14:10 «Дагестан без ДТП» 12+
14:50 Передача на лакском языке «Аьрщи ва агьлу» 12+
15:30 Т/с «Замок из песка» 7 с.
16:50 Т/с «Березка» 13,14 с.с.
18:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Здоровье» в прямом эфире
21:10 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
21:30 «Городская среда» 12+
22:00 «Опять футбол» 12+
23:20 «Аутодафе» 12+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 6 с. 12+
00:30 Время новостей Дагестана
01:00 Время новостей. Махачкала
01:15 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+

## Четверг, 14 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
12.00 Итоги года с Владимиром Путиным. Прямая трансляция.
15.00 «60 минут». (12+).
17.00 «Вести».
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.05 «Вести». Местное время.
21.20 Т/с «Тайны следствия». (16+).
23.30 «Вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
02.05 Т/с «Склифосовский». (12+).
04.00 Т/с «Морозова». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Замок из песка» 7 с. 12+
09:50 «Городская среда» 12+
10:20 «Полный газ» 0+
10:30 Т/с «Березка» 13 с. 12+
11:30 Т/с «Березка» 14 с. 12+
12:50 «Здоровье» 12+
13:45 «Удивительные горцы. Лучшее» 0+
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 6 с. 12+
14:50 Передача на даргинском языке «Адамти ва замана» 12+
15:30 Т/с «Замок из песка» 8 с.
16:50 Т/с «Березка» 15 с. 12+
17:50 Т/с «Березка» 16 с. 12+
18:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги» 12+
19:55 «За скобками» 12+
20:00, 23:00 Время новостей. Махачкала
20:20 «Первая студия» 12+
20:50 «Денеб ЛФЛ Дагестан»
22:00 «Психологическая азбука» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
22:55 «За скобками» 12+
23:20 «Молодежный дрифт»
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 7 с. 12+

## Пятница, 15 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России».
09.00 «Вести». Местное время.
09.30 «Утро России».
09.55 «О самом главном». (12+).
11.00 «Вести».
11.30 «60 минут». (12+).
14.00 «Вести».
14.30 «Вести». Местное время.
14.55 «Судьба человека с Борисом Корчевниковым». (12+).
16.00 «Вести».
16.30 «Малахов». (16+).
17.30 «60 минут». (12+).
20.00 «Вести».
21.15 «Вести». Местное время.
21.30 Музыкальное грандшоу «Дуэты». (12+).
23.55 «Шоу Большой Страны». (12+).
01.00 Х/ф «Ошибка молодости». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 12:30, 14:30, 16:30, 19:30, 22:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Т/с «Замок из песка» 8 с.
09:50 «Молодежный дрифт»
10:30 Т/с «Березка» 15 с. 12+
11:30 Т/с «Березка» 16 с. 12+
12:50 «Денеб ЛФЛ Дагестан»
14:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 7 с. 12+
14:50 Передача на аварском языке «Паданги гIамалги заманги» 12+
15:30 «Первая студия» 12+
16:05 Проект «По Волге на жигулях» 0+
16:50 Х/ф «Тариф «Счастливая семья» 16+
18:30 «Арт-клуб» 0+
18:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
20:00, 22:30 Время новостей. Махачкала
20:20 «Подробности» 12+
20:55 «Мир Вашему дому»
21:20 «Круглый стол» 12+
21:55 «Время спорта» 12+
23:00 Время новостей. Махачкала
23:20 «Глобальная сеть» 16+
00:00 Д/с «Тайные механизмы природы» 8 с. 12+
00:30 Время новостей Дагестана
01:00 Время новостей. Махачкала

## Суббота, 16 декабря

### РОССИЯ 1

05.00 «Утро России». Суббота.
08.00 «Вести». Местное время.
08.20 Местное время. Суббота.
08.35 «По секрету всему свету».
09.00 «Формула еды». (12+).
09.25 «Пятеро на одного».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
11.50 «В кругу друзей».
12.50 «Доктор Мясников». (12+).
14.00 «Вести».
14.50 «Парад юмора». (16+).
17.00 «Вести».
17.50 «Привет, Андрей!» (12+).
20.00 «Вести».
21.00 Х/ф «Заговор на одиночество». (16+).
01.00 Х/ф «Верни меня». (16+).
04.10 Х/ф «Алиби надежда, алиби любовь». (16+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 16:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:50 Х/ф «Тариф «Счастливая семья» 16+
10:30 «Время спорта» 12+
11:00 Д/ф «Забытое ремесло» 3 с. 12+
11:15 Д/ф «Забытое ремесло» 4 с. 12+
11:30 «Круглый стол» 12+
12:10 «Время есть!» 0+
12:45 Т/с «Тайна кумира» 5 с.
13:40 Т/с «Тайна кумира» 6 с.
14:30 Проект «По Волге на жигулях» 0+
14:50 Передача на кумыкском языке «Халкъ ва заман» 12+
15:30 «Подробности» 12+
16:05 «Арт-клуб» 0+
16:50 Х/ф «Нинкина любовь»
18:50 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
19:50 «Точка зрения» 12+
20:05 «Удивительные горцы»
20:25 «Дагестан туристический» 0+
20:45 «Культурный код» 0+
21:00 «Ульяна спросит» 0+
21:55 Д/ф «Глубинка» 12+
22:30 Время новостей Дагестана
22:55 «Мастер смеха» Выпуск 2-й 16+
00:30 Время новостей Дагестана
00:50 «Точка зрения» 12+

## Воскресенье, 17 декабря

### РОССИЯ 1

06.10 Комедия «Хочу замуж». (12+).
08.00 Местное время. Воскресенье.
08.35 «Когда все дома с Тимуром Кизяковым».
09.25 «Утренняя почта с Николаем Басковым».
10.10 «Сто к одному».
11.00 «Вести».
12.00 «Большие перемены». (6+).
13.00 Х/ф «По велению сердца». (12+).
17.00 «Песни от всей души». (12+).
18.00 «Всероссийский открытый телевизионный конкурс юных талантов «Синяя Птица».
19.00 «Песни от всей души». (12+).
20.00 «Вести недели».
22.00 «Москва. Кремль. Путин».
22.40 «Воскресный вечер с Владимиром Соловьевым». (12+).
01.30 Комедия «Хочу замуж». (12+).

### ДАГЕСТАН

07:00, 08:30, 19:30 Время новостей Дагестана
07:20 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
08:00 Мультфильмы 0+
08:30 Время новостей Дагестана
08:50 Х/ф «Я тебя никогда не забуду» 12+
10:25 «Время есть!» 0+
11:00 «Мастер смеха» Выпуск 2-й 16+
12:30 Детские новости 0+
12:45 Т/с «Тайна кумира» 7 с.
13:35 Т/с «Тайна кумира» 8 с.
14:25 «Мир Вашему дому»
14:50 Передача на лезгинском языке «Вахтар ва инсанар» 12+
15:30 Ток-шоу «Общественный интерес» 12+
16:50 «Ульяна спросит» 0+
17:45 «Дагестан туристический» 0+
18:05 «Точка зрения» 12+
18:25 «Дагестанский календарь» 0+
18:30 Детские новости 0+
18:50 Передача на цахурском языке 12+
20:35 «Служа Родине» 12+
20:50 Ток-шоу «Говорить разрешается» 12+
22:00 Х/ф «Поздняя любовь»
23:55 Фильмы телевизионного конкурса «Федерация» Д/ф «Про дороги»
00:30 Время новостей Дагестана. Итоги
01:30 Передача на цахурском языке 12+

## НУЖЕЕ БАЯНАЛЪЕ

**ХIурматияв магIарулав. Ихдал хур бекьизеги, хаслихъе бачIин бакIаризеги кколеблъи нилъеда лъала. Гъединго лъала щивав чиясе «рухIияб квен» хIажалъулеблъиги. Жакъа гъабураб метер батулин абухъе, миллаталъул гIузрабаздеги миллияб газеталдеги кьолеб кIвар чучлъизе тани, метерисеб къоялъ «бухIизабизе» букIин хIакъаб буго. Гъедин ккечIого букIине, «рухIияб кванидалъун» гIумру хьезабизе хIалтIи гьабулеб басма буго «ХIакъикъат». Гьединлъидал щивас хIаракат бахъизе ккела гьелдаса битIун пайда босизе, пайдаяб ирсалъе тезе.**

**Диплом, на имя Рамазановой Дианы Нуруллаевны, 2010 года социального факультета ДГУ, за номером ВСГ 5403143, Рег 3146 считать недействительным.**

**"ХIакъикъат" газеталъул багъа буго:**
**Бащдаб лъагIалие - 645,06 гъур.**
**ЛъагIалие - 1290,12 гъур.**

## ЛЪАНИ, ЗАРАЛ ГЪЕЧIО

**Дунялалда гIумру гьабун вуго 7,8 миллиард чи. Гьелъул пикру гьабидал, цебечIола цIакъго кIудияб тарих. Амма дунялалда вугев 7,8 миллиард чи 100 проценталдалъун вихьизавуни, гьел процентал нилъеда жеги цIикIкIун ричIчIула.**



Масала, халкъалъул 100 проценталда гьоркьоса 11 проценталъ гIумру гьабулеб буго Европаялда. Щуго проценталъ - Севералияб Америкаялда. ИчIго проценталъ - Югалъулаб Америкаялда. 15 проценталъ – Африкаялда. 60 проценталъ - Азиялда.

Гьединго росабалъ гIумру гьабулеб буго 49 проценталъ, шагьаразда – 51 проценталъ.

Халкъалъул 12 процент кIалъала китай мацIалда, щуго процент - испаниязул мацIалда, щуго процент - ингилис мацIалда, лъабго процент - гIараб мацIалда, лъабго процент - гьинди мацIалда, лъабго процент - бенгалазул мацIалда, лъабго процент - португалиязул мацIалда, кIиго процент - гIурус мацIалда, кIиго процент - японияз...ул мацIалда ва 62 процент – жиде-жидер мацIазда.

77 проценталъул буго жанир чIезе рукъ. 23 проценталъул гьеб гьечIо.

Халкъалъул 21 проценталъул буго кигIан бокьаниги кваназе квен. 63 процентлада кIола гIураб къадаралда кваназе. 15 проценталъе гIураб къадаралда кваназе квен щоларо.

48 процент гIадамазе щолеб буго сордокъоялда жаниб кIиго доллар.

87 проценталъе щола гьекъезе бацIцIадаб лъим. 13 проценталъе - чорокаб лъим яги гьеб рахъалъ буго кIудияб къварилъи.

Халкъалъул 75 проценталъул телефонал руго. ХутIаразул, ай 25 проценталъул гьел гьечIо.

30 проценталъул рес буго Интернеталдаса пайда босизе. ХутIаразул, ай 70 проценталъул гьединаб рес гьечIо.

7,8 миллиард чиясда гьоркьоса гIицIго анкьго проценталъул буго тIадегIанаб лъай. ЦIализе ва хъвазе лъала 83 процентлада.

33 процент ккола насраниял, 22 процент – бусурбаби, 14 процент – индусал, анкьго процент – буддистал ва 12 процент ккола цогидал диназул вакилзаби. 12 проценталъ цоники дин гьабуларо.

Халкъалъул 26 проценталъ гIумру гьабулеб буго 14 сонил ригьалде рахинегIан. 66 проценталъ - 55-64 сон базегIан. Микьго проценталъ 65 ва цIикIкIун сон базегIан.

Жанир рукIине рукъги, кваназе квенги, телефон-Интернетги, колледжалда яги вузалда цIализе ресги батани, мун ккола талихIаблъун рикIкIине бегьулеб халкъалъул анкьго проценталде гьоркьове. Гьединлъидал Аллагьасе рецц гьабизе нилъеда кIочене бегьуларо.

***Интернеталдаса босараб***

## РАГIИКЪОТI




**ГIебеде:** 1. РагьтIател. 6. ХIарщ. 7. Хьвани. 10. ГIарахъ гьабула гьебги сокIкIун. 14. ХIинчI. 15. «13 бакI» театралда хIалей йикIарай актриса. 19. Спортивияб хIаялъул цо бутIа. 21. Рохалида цадахъ хIалтIизабулеб рагIи. 22. Гьенир рещтIуна гIанкIу-хIелеко. 26.Гьобоялъул алат.

**ГIодобе:** 1. Гьеб букIуна ясазул (руччабазул). 2. Дагъистаналъул цо миллаталъул вакил. 3. ГIарабустан (синоним). 4.Союз (грамматика). 5.Тухум-кьибил (синоним). 6. НахъегIанав чи. 8. Инсанасул чорхол гIузру. 9. Россиялъул республика. 11. Баракат бахъарав чи. 12. Бихьинчиясда цIар (гIурус). 13. Квешлъиялъе данделъараб къокъа. 16. Япониялъул шагьар (Кюсю чIинкIиллъи). 17. НекIсияб яргъил цояб. 18. Автомашинаялъул алат. 20. Бусадул къайиялъул цояб. 23.Сен-симон, Фурье, ….. (гьезул гьалмагъ). 24. ШаргIияб къагIидаялда рекъон, руччаби ругони, къваригIуна. 25. Цебе районазда, шагьаразда букIараб гIуцIи (къокъго).

**Бащдаб горалда жанир:** 7. Ургьимесалъул цо бутIа. 12. Армениялда машгьураб цIар. 13.Кодобе щолареб шапакъат. 21. Инсанасул чорхол хIал.

***ГIуцIана Магьди ГIАБДУРАХIМАНОВАС.***

**47-абилеб номералда лъураб филвордалда ругел цIарал:** Адам, Апанди, Арсен, Аслан, ГIалибулат, ГIиса, ГIумахан, Даниял, Идрис, Инус, Раджаб, Салман, ТIагьир, Ханпаша, ХIажимурад, ХIамид.

## БИТIИЗАБИ

**КIиабилеб декабралда къватIибе бачIараб «ХIакъикъаталъул» щуабилеб гьумералда буго «Сундулъго бокьулаан цевехъанлъун вукIине» абураб макъала. Гьеніб хъван буго АхIмад ГIабдулмажидов ЧIарада районалъул Мокъсоб росулъ гьавунин абун. Хъвазе кколаан «Мощоб росулъ» абун. Гьарула ккараб гъалатIалда тIаса лъугьаян.**

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерав редактор**
ХIАСАНОВ Темирхан МухIамадович
65-00-66

**Заместителал**
Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал: Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор: **Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор: **ПатIимат ГьитIинова**

**Адабият ва тарих**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор: **ГIабаш ГIабашилов**
МухIамад Манапов

**Районазулгун бухьен**
Редактор: **ПатIимат МухIамаева**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев
Мадина ХIажимаева
Хадижат Арчамова

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018 МахIачхъала, Насрудиновасул проспект, 1-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана» ОООялъ
367000, МахIачхъала Пушкинил къватI, 6
«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА

ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.
Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.
Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 4387**
Газеталъул индекс: 51314 (бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».